КЕННЕТ ТЭЙЛОР

УÆЛАРВОН ДУНЕЙЫ
ПРИНЦЫ
ÆМÆ БИРÆ ÆНДÆР
ЦÆЙДÆРТЫ ТЫХХÆЙ

**КЕННЕТ ТЭЙЛОР**

# УÆЛАРВОН ДУНЕЙЫ ПРИНЦЫ ÆМÆ БИРÆ ÆНДÆР ЦÆЙДÆРТЫ ТЫХХÆЙ

Ирон ӕвзагмӕ йӕ ратӕлмац кодта
Рӕмонаты Еленӕ

( Перевод на осетинский язык Елены РАМОНОВОЙ )

© Перевод на осетинский, оформление
«Свет на Востоке», 1992 г.

## Фарн уӕм бадзурӕд, зынаргъ ныййарджытӕ!

Ацы чиныг уӕ къухмӕ куы райсат, уӕд ӕй библийы радзырдты ӕмбырдгонд ма фӕхонут. Схонӕн ӕй ис „Чырыстон дин ӕмбарынгӕнӕг цыбыр разныхас“. Йӕ нысан у тӕригъӕддаг хъуыддӕгты, уӕларвон дунейы, Йесо Чырыстийы ӕмӕ бирӕ ӕндӕр цӕйдӕрты тыххӕй радзурын.

Библион хабӕрттӕ бирӕ чингуыты рацыдысты. Фӕлӕ сабитӕн бамбарын кӕнын хъӕуы дины ӕмӕ уырнындзинады ӕуууӕлтӕ дӕр, ныры онг бӕлвырд биноныг ныхас кӕуыл нӕма уыд, уыдӕттӕ.

Нӕ рӕзгӕтӕ хъуамӕ зоной канд Библион рӕсугъд радзырдтӕ нӕ. Уыдон хъуамӕ ӕмбарой, кӕцыфӕнды радзырдӕн дӕр йӕ хъуыды цӕуыл дзурӕг у, уый кӕрӕй-кӕронмӕ. Ӕмӕ сӕ уӕд бауырндзӕн, алы уыцы историон таурӕгъӕн дӕр сӕ царды цы ахсджиаг ахадындзинад ис, уый. Уыдӕттӕ хынцгӕйӕ, мах бацархайдзыстӕм Библион радзырдты ӕмӕ Библийы ахуырады ӕхсӕн бастдзинад сывӕллӕттӕн цыбырӕй, хуымӕтӕг ныхӕстӕй бамбарын кӕнынил. Уый фӕрцы йӕ диссагӕн ӕнцонӕй кӕсдзысты ӕмӕ йӕ ӕмбардзысты суанг авдаздзыдӕй уӕлӕмӕ 12-13-аздзыд сабитӕ дӕр.

Ацы чиныгӕй фӕстӕмӕ ма уын сывӕллӕттӕн амонӕм ӕндӕр бакӕсинӕгтӕ дӕр, зӕгъӕм: „Сабиты Библи“, кӕнӕ „Чырысти – мӕ Хуыцаухай“. Дыууӕ чиныгӕй иу иннӕйы хъуыдытӕ ӕвдисдзӕн ноджы ӕххӕстдӕрӕй, фӕлӕ сӕ иуы дӕр Библийы бынаты ӕрӕвӕрӕн нӕй, ничи дзы баивдзӕн Библийы. Суанг

ма фыццаг къласы ахуырдзаутæ дæр ныридæгæн арæхсынц Маркы æмæ Лукайы евангели кæсынмæ, куы сæ фæцалх кæнай, уæд.

Фæлæ Сыгъдæг Фыстæгмæ бавналыны агъоммæ сабийы зонды хъуамæ æрфидар уой Библийы æцæг хабæрттæ, уæд йæ бон æмбарын уыдзæн арфдæр, зындæр хъуыдытæ дæр.

Ахæм ифтонг саби фидæны сарæхсдзæн бирæ галиу миты ныхмæ æрлæууын. Библийы амынд зонындзинæдтæ уымæн хуымæтæджы æбæлвырд ницæуылдзурæг хъуыдытæ нæ уыдзысты, фæлæ йæ зæрдæмæ арф чи ныххызт, ахæм ахъазгæнæг скъола.

Хуыцауы ныхас – уый тыхджын æмæ фидар у, зæрдæдарæн егъау мæсыг. Гъе, уыцы хъуыды æмбарын кæнæм мах сабитæн ацы чиныджы. Æмæ уын æй амонæм æрвылбон бинонтæн кæсынæн. Пайдагæнæн дзы ис сывæллæтты скъоламæ цæттæ кæнгæйæ дæр бакувыны тыххæй. Ныййарджытæй иуæй-иутæ уымæ сæ хъус нæ дарынц. Иннæтæн та, чи зоны, стыр æххуыс фæуой сабиты хъомылады. Фæлæ цыдæриддæр у, уæддæр æгъгъæд не 'сты, ам кæй фыссынц, уыцы куывдтытæ. Алкæмæн дæр хъæуы фадат радтын йæхи ныхæстæй бакувыны тыххæй.

Ацы чиныг сывæллæттæн бакæсын хъæуы цалдæр хатты. Сперджен афтæ дзырдта, зæгъгæ, хъæдур садзгæйæ, раздæр заман алы дзыхъхъы дæр æппæрстой æртæ гагайы: иу гага зулчъытæн, иннæ мæргътæн, аннæ – равзæрыны тыххæй.

Хуыцауы ныхас нæ чысыл сабитæн æмбарын кæнын хъæуы цадæггай, дзырд дзырды фæдыл. Æмæ сæ арф бамбарын цы хъуыдытæ, цы ныхæстæ хъæуы, уыдон сын фæлхат ноджыдæр, цалынмæ сæ бамбарой, цæрæнбонты сæ макуал ферох кæной, уæдмæ.



# 1. ДУНЕЙЫЛ ИС ÆРМÆСТДÆР ИУНÆГ ХУЫЦАУ

Куы афæлгæсæм, уæд Библи кæм нæ кæсынц, Хуыцауы кой тынг куынæг кæм у, уыцы бирæ бæстæты дзыллæтæ æнхъæлынц, а-дунейыл бирæ алымыггаг хуыцæуттæ ис, зæгъгæ. Кæй та уырны дыууæ хуыцауы. Иннæтæ зæгъынц, нæ! Хуыцæуттæ цыппар сты. Ахæм адæмыхæттытæ дæр ис, сæдæгай, мингай хуыцæуттæ кæй уырны. Чидæртæ та афтæ хъуыды кæнынц, хур æмæ мæй дæр хуыцæуттæ сты, æмæ сын кувынц, ахъазмæ сæм сидынц.

Æмæ цымæ хур æмæ мæй исты æххуыс фæуой махæн? Куыннæ стæй! Уыдонæн сæхи дæр Хуыцау куы рафæлдыста, уæд хъуамæ хуыцæуттæ куыд уой! Кувгæ мах хъуамæ кæнæм Хуыцауæн Йæхимæ, кæй рафæлдыста, уыдонмæ нæ, фæлæ.

Уæдæ цымæ зæдтæм кувын æмбæлы? Уыдон дæр цымæ хуыцæуттæ сты? Æппындæр нæ! Зæдтæ сты удмидæг. Иуæй – иутæ дзы ныртæккæ дæр сты не 'хсæн, кæд сæ уынгæ нæ кæнæм, уæддæр. Фæлæ сæм кувын не 'мбæлы! Зæдтæ сты Хуыцауæн лæггадгæнджытæ. Хуыцау сæ йæхæдæг рафæлдыста. Уыдон уарзынц Хуыцауы æмæ Йын лæггад кæнынц. Сæ нымæц та афтæ бирæ у, зæгъæн куыд нæй.

Уæдæ ма цымæ уæлæрвты æндæр хуыцæуттæ дæр ис, мах Кæуыл æууæндæм, уымæй фæстæмæ? Уыцы фарстæн уæхи бон у дзуапп радтын, ныртæккæ уын цы цыбыр хабар ракæндзыстæм, уый куы бакæсат, уæд.

Цæвиттон, иу сауджыны бафæндыд базонын, цымæ Таня куыд æнхъæл у, бирæ хуыцæуттæ нын ис, æви æрмæстдæр иунæг. Æмæ фæрсы чызджы:

– Таня, дæумæ гæсгæ цал Хуыцауы ис а-дунейыл?

Таня загъта:

– Иунæг.

– Цæмæй йæ зоныс?

– Уымæй, æмæ а-дунейыл æндæр хуыцæуттæн бынат нæй, – дзуапп радта чызг. – Нæ Хуыцау Йæхæдæг иунæгæй бацахста уæларв иууылдæр æмæ æппæт зæхх дæр.

Хорз, тынг хорз дзуапп у уый. Уымæ гæсгæ мах Хуыцауы хъуамæ уарзæм, цыдæриддæр рафæлдыста, уыдон сеппæтæй фылдæр.

*Бакæс:* Рац. 20:1

*Фарстытæ:* 1. Цал хуыцауы ис а-дунейыл?
2. Хур æмæ нæ мæй фехъусдзысты, куы сæм кувæм, уæд?
3. Зæдтæн кувын æмбæлы? Хуыцауыл сæ банымайæн ис?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Бузныг Дæ стæм нæ иунæг Хуыцау кæй Дæ æмæ цыдæриддæр рафæлдыстай, уыдонæй сеппæтæй стырдæр æмæ домбайдæр кæй Дæ, уый тыххæй. Ахъаз бакæ, сыгъдæг зæрдæйæ Дæ куыд уарзæм æмæ æрмæстдæр Дæуæн лæггад кæнын нæ бон куыд уа, уый тыххæй. Æрмæст Дæ уый курæг стæм Йесо Чырыстийы хатырæй. Оммен.



## 2. ЧИ У ХУЫЦАУ?

Хуыцау у Уд. Цæры уæлæрвты. Фæлæ адæм цы уæларвы кой кæнынц, ахæм нæу, нæ сæрмæ кæй уынæм, уый, мигъы къуымбилтæ кæм ленк кæнынц æмæ хæдтæхджытæ кæм тæхынц, уый. Хуыцау цы уæларвы цæры, уый мах нæ уынæм. Афтæ куы фæзæгъæм: Хуыцау уæларвы бады, уæд мах нæ зонæм, бæлвырдæй цы ран ис. Фæлæ зонгæ та кæнæм æмæ æууæндæм, уыцы арв кæй у алæмæты рæсугъд æмæ алкæйы дæр æнæмæнг фæндид уырдæм бафтын. Кæд æмæ зонæм Хуыцауы æмæ йæ уарзæм, уæд нæ амæлæты фæстæ бахаудзыстæм, Хуыцау æмæ Йæ зæдтæ кæм бадынц, уыцы уæларвон дзæнæтмæ.

Уæдæ уый дæр зонут, Хуыцау Уд кæй у? Уый та афтæ æмбарын хъæуы, æмæ Удгоймаг уæвгæйæ, кæй у æнæ буар. Ды дæр, æз дæр æмæ махæй алчи дæр у буар, йæ мидæг уд кæмæн ис, ахæм. Хуыцауы та буар ницæмæн хъæуы.

Уымæй æнахуырдæр, диссагдæр цæрæг а-дунейыл нæй. Никуы æмæ никæцыран рæдийы. Стæй ахæм егъау у æмæ Йæ бон у, цыдæриддæр Æй бафæнда, алцыдæр йæ къухы æфты. Æппæт дунейы дæр рафæл-

дыста Хуыцау: арв уа, зæхх уа, кæрдæгæй, бæласæй, хурæй, мæйæ, стъалытæй, – сеппæт дæр сты Хуыцауы рафæлдыст. Зæдты дæр Йæхædæг рафæлдыста, суанг мæн дæр æмæ дæу дæр. Кæй уынæм æмæ нæм цы нæ зыны, сеппæт дæр сты Хуыцауы рафæлдыст. Ныннæрын æмæ ферттивын кæны арвы, рауадзы къæвда æмæ мит.

Кæм бады Хуыцау? Фехъуыстам, уæлæрвты, зæгъгæ. Фæлæ ам не 'хсæн дæр цæры æмæ хъусы, цы дзурæм, уый. Уæдæ куыннæ у уый та диссаг, уыцы иу рæстæджы Йæ бон уæвын у кæмдæриддæр. Æмбæлццон у стыр фурды ленкгæнæг науты фæндаггæттæн, уыцы рæстæджы се 'мдзу кæны Хуыцауы адæмæн дæр алы ран. Махæн та нæ бон æрмæстдæр иунæг ран уæвын у. Хуыцау уыцы иу рæстæг вæййы кæмдæриддæр.

Махæн уæлдай ахсджиаг уый у, æмæ нæ Хуыцау уарзы æмæ ныл ауды. Фæлæ Йæ мах нæхæдæг дæр кæй уарзæм, уый тыххæй Йын хъыг чи уа, ахæм митæй нæхи хъахъхъæнæм.

*Бакæс:* Ис. 6:1-8

*Фарстытæ:* 1. Хуыцауæн буар ис?
2. Бацамон ма иу дыууæ бынаты, ныртæккæ Хуыцау кæцыран ис, ахæмтæ.
3. Хуыцау æхсæвыгон талынджы исты уыны, æви нæ?

*Бакув:* Нæ цытджын иунæг кадджын Хуыцау, бæрзондылбадæг! Арфæ Дын кæнæм, иудадзыг ныл кæй аудыс, уый тыххæй! Оммен.



## 3. КÆЦÆЙ ФÆЗЫНД ХУЫЦАУ?

Хуыцауы тыххæй цы хабæрттæ хъусæм, уыдонæй бирæтæ зын бамбарæн сты махæн; дзырдæн зæгъæм, Хуыцауæн уыцы иу рæстæджы Йæ бон уæвын у кæмдæриддæр. Уый бамбарын ницы хуызы у нæ бон. Стæй нын æй Хуыцау Йæхæдæг дæр нæ бамбарын кодта. Фæлæ иу кæддæр уæлæрвты мах райсдзыстæм дзуапп нæ фарстытæн сеппæтæн дæр.

Кæцæй равзæрд Хуыцау? Мад æмæ Йын фыд дæр уыди цымæ? Нæ, Хуыцауы ницæмæн хъуыд мад æмæ фыды сæр. Гуыргæ дæр никуы ракодта, æнахъом саби дæр никуы уыд æмæ уæлæрвты не 'схъомыл, мыййаг, уымæн æмæ кæддæриддæр уыд, абон куыд у, афтæ æдзухдæр. Кæддæриддæр уыд цытджын Хуыцау. Æмæ абоны онг дæр нæ фендæрхуызон.

Хуыцау цæрди æмæ уыди дæ райгуырды размæ дæр æмæ дæ ныййарджыты райгуырды агъоммæ дæр. Хæхтæ æмæ бæлæстæ куы нæма уыд, зæххыл зайæгхал æмæ сырды мыггаг куы нæма уыд, – уæд дæр Хуыцау Йæ бынаты бадти, адунейыл æппындæр куы ницыма уыд, уæд дæр. Стæй цæрдзæн æнусмæ.

Мах дæр цæрдзыстæм. Уый тыххй нæ рафæлдыста Хуыцау. Фæлæ иудадзыг азæххыл нæ цæрдзыстæм. Нæ буар иукæддæр базæронд уыдзæн æмæ нæ бахъæудзæн уæлзæххæй ацæуын. Æмæ кæд ацы зæххыл уарзтам Хуыцауы, уæд нын фадат уыдзæн уæлæрвтæм Хуыцаумæ бахауынæн, уым æнусты цæрынæн.

Зæххыл чысыл нæй æдылытæ: Хуыцауы уарзыны

бæсты уыдон уарзынц сæхи. Æмæ кæддæр куы амæлой, уæд сæ Хуыцау Йæхимæ уæлæрвтæм нæ райсдзæн. Фæлæ бахаудзысты саудалынг мылазон бынатмæ æмæ Хуыцауимæ никуал сæмбæлдзысты.

Мах та мыггагмæ кæй цæрдзыстæм, уый хынцгæйæ, хъуамæ нæ хъус дарæм нæ цардыуагмæ, азæххыл куыд цæрæм, уымæ. Ам ракæндзыстæм иу хъæздыг лæджы кой, мыггагмæ цæрын æй хъæуы, уый кæмæй ферох, ахæм лæджы хабар.

Цæвиттон, лæг йæ хуымтæй æрæфснайдта тынг хъæздыг тыллæг, йæ къутутæ байдзаг кодта хорæй. Куыннæ барухс уыдаид йæ зæрдæ, уымæн æмæ зыдта, зынаргъыл ауæй кæндзæн хор æмæ суыдзæн ноджы хъæздыгдæр.

„Тынг хорз! – загъта лæг, йæ цæст йæхимæ æрныкъулгæйæ. – Æгайтма мæ фыдæбон нæ фæдзæгъæл. Мæ хоры аргъæй ныр балхæндзынæн, мæ зæрдæ цыддæриддæр зæгъы, уый!“

Æмæ æхсæвы йæ хуыссæнуаты йæхи куы æруагъта, уæд йæ сæры зилдух кæнын байдыдтой исбоны сагъæстæ. Фæлæ хъуаг чи уыд, уыдонæн йæ хоры бæркадæй бахай кæна, уый йæ фæсонæрхæджы дæр не ’рæфтыд.

Бонджын лæг уыцы æхсæв амард. Æмæ мæрдты бæстæм куы бафтыд, уæд æй бахъуыд Хуыцауы раз æрлæууын. Æрмæст уæд æрлæууыд йæ зæрдыл, Хуыцауæн лæггад кæнын æмæ йæ бæркæдтæй мæгуыртæн, рынчынтæн æххуыс дзы кæй ферох, уый. Фæлæ байрæджы.

Мæ зæрдæ уыл дарын, сымахæй ахæм æдылы кæй ничи разындзæн, уыцы хъæздыг лæджы кæй ничи бафæзмдзæн, уый тыххæй.



*Бакæс:* Лук. 12:16-28

*Фарстытæ:*
1. Хуыцауæн райгуырæн бон ис, æви нæй?
2. Цымæ Хуыцау царди, хæхтæ æмæ бæлæстæ куы нæма фæзындысты, уæддæр?
3. Кæдæй нырмæ цæры Хуыцау?
4. Цæй бæрц фæцæрдзынæ дæ амæлæты фæстæ?

*Бакув:* Нæ уæларвон Хуыцау! Бузныг Дæ стæм, арфæгонд у, мыггагмæйы цард нын кæй дæттыс, уый тыххæй. Ахъаз нын бакæ, Дæ хъыджы куыд нæ бацæуæм. Уый курæг Дæ стæм Йесо Чырыстийы номæй. Оммен.

## 4. КУЫД ХЪУАМÆ ЗОНÆМ, ХУЫЦАУ ИС, ÆВИ НÆЙ, КÆД ÆМÆ ЙÆ НÆ ЦÆСТÆЙ НÆ УЫНÆМ?

Кæй бон у дымгæ йæ цæстæй фенын? Мæ бон нæу, æвæццæгæн, дæ бон дæр афтæ. Æмæ йæ кæд нæ цæстæй нæ уынæм, уæддæр зонæм, дымгæ кæй вæййы. Æмбарæм æй нæ сæрыхъуынтæй æмæ уынæм, зайæгхал æмæ бæлæстæ куыд ныкъкъæдзтæ вæййынц. Дымгæйæн йæхи та, æвæдза, никуыма ничи федта.

Мах æй базонæм, куы ныкъкъуыззитт кæны, уæд цы митæ, цы хъуыддæгтæ саразы, уыдонæй. Афтæ Хуыцауы дæр нæ бон уынын нæу. Фæлæ зонæм,

æцæгæй дæр кæй ис. Дæуæн дæ бон у Хуыцауы арæзт хъуыддæгтæй иу цалдæры ранымайын, æцæгдæр Хуыцау ис, зæгъгæ, чи æвдисы, ахæмтæй?

Дзырдæн райсæм стъалытæ, хур æмæ мæй. Æнхъæлыс, уыдон сæхæдæг сæхи æгъдауæй æрбынат кодтой уым, уæлæрвты? Кæйдæр фæрцы æрбынатон сты уым, уæдæ куыд. Хæдзар куы феныс, уæд афтæ æнхъæл, мыййаг, нæ вæййыс, уый йæхæдæг йæхи æгъдауæй сырæзыд. Фæлæ зоныс, чидæр æй кæй сарæзта, уый. Арвы риуыл æнæнымæц бирæ стъалытæ куы фенæм, уæд афтæ æнхъæл нæ вæййæм, уыцы бынæтты æнæнхъæлæджы абадтысты. Фæлæ Кæйдæр фæндæй разгъæлдысты арвы риуыл. Гъе, æмæ уыцы Чидæр та у Хуыцау.

Уæдæ зоныс, нæ бон Хуыцауы фенын цæуылнæ у, уый? Уымæн, æмæ уый бæрц рæсугъд, уый бæрц æнæаипп у, æмæ Йæ фендæй æваст æрбамæликкам. Фæлæ нæ иуахæмы Йæ къухмæ æрбайсдзæн уæлæрвтæм, кæд Йæ коммæ кастыстæм, Йæ зæрдæхудты нæ бацыдыстæм, уæд, æмæ Йæ уæд уым йе 'нусон бынаты, Йæ кад, Йæ цыты фендзыстæм.

Ныртæккæ та Йæ кæд нæ уынæм, уæддæр Ыл æууæндын хъæуы, уарзын Æй хъæуы. Библи нын дзуры Хуыцауы хабæрттæ, Йæ уарзондзинады, тыххæй адæмыл, махыл, йæ аудындзинады тыххæй. Хуыцауы уарзыны тыххæй та Йæ уынын æппындæр ницæмæн хъæуы.

Иукæддæр мад йæ чызгæн загъта: Хуыцауы дын уарзын æмбæлы. Уæд чызг бафарста:

– Нана, куыд уарзон хъуамæ Хуыцауы, мæ цæстæй йæ куынæ уынын, уæд?

– Цалдæр боны фæстæ постхæссæг сæ хæдзармæ балæвæрдта лæвæрттытыхтон мады хойæ, чызг та йæ æппындæр никуыма федта йæ мады хойы. Чызг хъæвгæ райхæлдта тыхтон æмæ дзы разынди алыхуызон нывтæй фæлыст рæсугъд чиныг. Бирæ йыл фæцин кодта, стæй йæ йæ мадмæ бахаста.

– Нана, алæмæты рæсугъд чиныг! Цæй зæрдæхæлар у уæдæ мæ мады хо!

– Æмæ йæ дæ цæстæй куы никуыма федтай, уæд кæцæй зоныс, цавæр у мæ хо, уый?

– Раст зæгъыс, мæ мад, – загъта чызг, – фæлæ мæм афтæ кæсы, тынг рæдау сылгоймаг у. Цы диссаджы чиныг мын æрбарвыста!

Афтæ махæн дæр нæ бон у Хуыцауы уарзын, кæд æй никуыма федтам, уæддæр. Цы ахъаззаг, цы бирæ хорз лæвæрттæ нын ракодта: хæдзар, мад, фыд, хур æмæ бирæ æндæр цыдæртæ. Уый тыххæй Йæ хъуамæ уарзæм æмæ дзы арфæгонд уæм, кæд Æй нæ цæстæй никуы федтам, уæддæр.

*Бакæс:* Цар. 1:14-28

*Фарстытæ:* 1. Дымгæ дæ цæстæй фенын дæ бон у? Кæцæй зоныс, дымгæ ис, æви нæй?
2. Дæ бон Хуыцауы фенын у? Кæцæй зоныс, ис Хуыцау, æви нæй? Дзырдæн ма æрхæсс иу цалдæр хабары уый тыххæй.
3. Нырма уал цæуылнæ у нæ бон Хуыцауы фенын?
4. Кæд æй фендзыстæм?

*Бакув:* Иунæг кадджын Хуыцау! Арфæгонд фæуы, Дæ

рафæлдыстыты руаджы Дын Дæхи кæй зонæм, уый тыххæй. Стъалытæ, хур æмæ мæй – уыдон иууылдæр сты Де ’стырдзинады нысæнттæ. Табу Дын, иукæддæр Дæ кæй фендзыстæм Де ’цæг хуызы, уый тыххæй. Оммен.

## 5. ФЫД, ФЫРТ ÆМÆ СЫГЪДÆГ УД

Зонæм, кæй ис æрмæстдæр иунæг Хуыцау. Ныр нæ бахъæудзæн тынг лæмбынæг байхъусын, уымæн, æмæ цы ныхас ракæнинаг стæм, уый тынг зын æмбарын кæнæн у. Ацы темæйæ ахсджиагдæр нæй Хуыцауы Ныхасæй.

Нæ Уæларвон фыд у Хуыцау, фæлæ ныры онг зыдтат Йесо Чырыстийы дæр Хуыцау у, уый? Сыгъдæг Уд дæр у Хуыцау. Æртæ дæр сты Хуыцау. Фæлæ уый уыыл дзурæг нæу, æмæ нын æртæ Хуыцауы ис. Махæн ис æртывæрон иунæг Хуыцау.

Уæдæ куыд хъуамæ уой æртæ Уды – Фыд, Фырт æмæ Сыгъдæг Уд иунæг Хуыцау? Кæд, мыййаг, Йесо æнусон Хуыцауæн йæ æндæр ном у? Нæ! Фыд, Фырт æмæ Сыгъдæг Уд алыхуызон нæмттæ, мыййаг, не сты уыцы иу Хуыцауæн. Хуыцауæн, зæгъæн ис, йæ хæстæ уæрст сты. Фыд-Хуыцау æмæ Фырт-Хуыцау рафæлдыстой арв æмæ зæхх. Йесо афтæ зæгъы: „Æз æмæ мæ Фыд иу стæм“.

Иесо куы райгас, уæд фæстæмæ схызти уæлæрвтæм, цæмæй йæ бынат æрцахста йæ Фыд-Хуыцауы фарсмæ. Махма та æрæрвыста Сыгъдæг Уд, уый дæр у Хуыцау. Сыгъдæг Уд цæры адæмы мидæг, Йесо Чырыстийы æууæнчы хуызы.

Уæддæр Хуыцау иунæг у. Ныр бафæлварæм уæдæ бамбарын, нæ цæстытыл ма ауайæд, æртæ Уды куыд хъуамæ уой Хуыцау. Æркæсут ма клеверы сыфмæ, æртæ хицæн сыфтæрæй арæзт, уæддæр æй нымайынц иу сыфыл. Кæнæ ма райсæм дон. Дон дон у. Фæлæ хъызты ныссæлы æмæ дзы рауайы къæртт их. Тынг тæвды та хæрдмæ цæуы тæфы хуызы. Фæлæ уæддæр дон у. Йæ хъæд нæ аивы нæдæр ихæй, нæдæр тæфæй. Уыдæттæ дзырдæн уымæн æрхастам, æмæ нын кæд феххуыс уаиккой „æртывæр“ удты иудзинад Хуыцауы бамбарынæн. Æххæстæй та уыдæттæ бамбардзыстæм æрмæстдæр уæлæрвты.

Уый махæн тынг ахсджиаг у зонын. Уымæн æмæ бирæты нæ уырны Йесо Чырысти дæр Хуыцау у, уый. Чырысти Хуыцау куы нæ уаид, уæд нæ Ирвæзынгæнæг дæр нæ уаид, æвæдза.

Ма хъыг кæнут, кæд æххæстæй нæ бамбæрстат „æртывæр“ Уды иудзинад, уæд. Уымæ нæ кæсгæйæ, уæддæр Хуыцауы коммæ кæсут, Йæ хорзæхмæ кувут.

*Бакæс:* Марк. 1:9-11; Иоан. 16:7-15

*Фарстытæ:* 1. Иунæг Хуыцауæн кувæм, æви цалдæрæн?
2. Нæ иунæг Хуыцауæн ис æртæ уды. Ранымай ма сæ.

*Бакув:* Нæ Цытджын Хуыцау, нæ Уæларвон Фыд! Де

’Стырдзинад нæ бон æххæстæй бамбарын нæу. Фæлæ Дæ бузныг стæм, кæй нæ уарзыс, уый тыххæй. Ахъаз нын кæн фылдæр Дæ уарзыны, фылдæр аргъ Дын кæныны тыххæй. Уый курæг Дæ стæм Йесо Чырыстийы номæй. Оммен.

## 6. ЦÆМÆН РАФÆЛДЫСТА ХУЫЦАУ АДÆЙМАДЖЫ?

Цæй тыххæй нæ рафæлдыста Хуыцау æмæ цæмæн цæрæм?

Хуыцау мах уый тыххæй рафæлдыста, цæмæй Йæ уарзæм æмæ Йын кад кæнæм. Æнхъæлмæ нæм кæсы арфæмæ, стæй Йæ фæнды, цæмæй мах кæнæм цин, цытджын æмæ нын зæрдæвæрæг Хуыцау кæй ис, ууыл. Ноджы ма Йæ фæнды, цæмæй лæмбынæг ныхъхъуыды кæнæм махма Йе ’стыр уарзондзинадыл. Уыцы уарзондзинад нын Уый бамбарын кодта зæххон дунемæ Йæ ахсджиаг хъæбул Йесо Чырыстийы æрæрвитынæй, мах тæригъæдтæ Йæхимæ чи райста, мах сæрыл Йæхи чи æрхаста, уыцы Йесойы. Уый тыххæй мах зæрдæбынæй бузныг хъуамæ уæм Хуыцауæй, нæ бон Йæ цот уæвын кæй у, уымæй. Æмæ ма нæм ноджыдæр æнхъæлмæ кæсы, цæмæй нæ туг, не ’стæг, нæхионты зæрдæйæ уарзæм. Хуыцауы уарзондзинадæй мах афтæ райгонд стæм æмæ нæм уый æвзæрын кæны тых æппæт иннæты уарзынæн.

Ныр бамбæрстат, Хуыцау адæймаджы цæмæн рафæлдыста, уый? Æппæт дæр нын саразта, цæмæй Йын Йæ ном арæм, уарзæм Æй æмæ Йæ фæндыл цæуæм, цæмæй нæм ма фæфыдæх уа.

Ды уарзыс Хуыцауы? Цард дын уый тыххæй радта.

Иу ахæм хабар нын рачындæуыд. Хуыцауы зæрдæбынæй чи уарзта, ахæм адæймаг фырцинæй зарыд нæ рафæлдисæджы тыххæй зарджытæ. Уымæн æмæ зыдта, Хуыцауы зæрдæмæ цæуынц йæ зарджытæ. Чидæртæ йын бакой кодтой, дæ зард адæмы зæрдæмæ нæ цæуы, рæсугъд хъæлæсы уаг дын нæй, зæгъгæ. Æмæ сын ахæм дзуапп радта: „Мæ Уæларвон Фыдæн æхсызгон у мæ зард, сау халонæй фыддæр куы зарин, уæддæр“.

Æмæ кæд Хуыцауы уарзæм, уæд хъуамæ истæмæй зына æмæ хъуыса уыцы уарзондзинад. Уымæн æмæ Хуыцауæн æхсызгон у.

*Бакæс:* Пс. 146

*Фарстытæ:* 1. Хуыцау цæмæн рафæлдыста мах?
2. Хуыцау мах рафæлдыста Йæ номыл цæрынæн. Уæдæ нæ бон цæрын у æрмæстдæр нæхи тыххæй?
3. Куыд дæм кæсы, Хуыцауы фæнды нæ зарынмæ хъусын, æппындæр куынæ арæхсæм, уæддæр?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд, Бæрзондылбадæг! Ахъаз нын бакæ, арфæгонд цæмæй уæм, уый тыххæй. Феххуыс нын кæн, цæмæй Дæ коммæ кæсæм æмæ цæрæм Дæ кадæн кувгæйæ! Уый курæг Дæ стæм Йесо Чырыстийы номæй. Оммен.

# 7. НОДЖЫ ФЫЛДÆР ЦЫТДЖЫН ХУЫЦАУЫ ТЫХХÆЙ

Зæг-ма, ды бирæ истытæ зоныс? О, цыдæртæ зоныс, æнæмæнг, машинæты тыххæй, хæдтæхджыты тыххæй, зоныс кæсын æмæ фыссын дæр, стæй ма бирæ æндæр цыдæртæ. Фæлæ дæ ныййарджытæ та зонынц, дæуæй дзæвгар фылдæр. Адæймаг цас цæры уыйас ахуыр дæр кæны. Уæддæр алцæуыл нæ сахуыр вæййы, нæ аййафы æппæт базонын, нæ йын бантысы.

Фæлæ ис, æппæт дæр чи зоны, ахæм: Хуыцау. Уый Йæхæдæг рафæлдыста æппæт дæр æмæ зоны æппæт дæр. Суанг ма зоны, ныртæккæ ды цæуыл хъуыды кæныс, уый дæр. Стæй зоны, бирæ мин азты размæ цы уыд, уыдæттæ дæр æмæ фидæн заманты цы уыдзæн, уый дæр. Хуыцау зоны, ды Йæ уарзыс, æви нæ, уый дæр. Хуыцауæй ницы бамбæхсæн ис, уымæн æмæ цæры кæмдæриддæр, зоны цыдæриддæр æмæ дзы рох ницы у æппындæр.

Хуыцауæн Йæ бон у æппæтдæр саразын, саразинагыл цы банымайа, уыдон иууылдæр. Йæ бон цынæ у, ахæм ницы ис дунейыл. Хуыцауы бон у рынчыны сæнæниз кæнын, тыхджын уад рауадзын, стæй йæ бауромын дæр. Цытджын Хуыцау адæмæн бары сæ тæригъæдтæ æмæ сын дæтты æнусон цард.

Ноджыдæр ма иу ахæм миниуæг ис Хуыцаумæ, махæн тынг ахсджиаг: Хуыцау Йæхæдæг æппындæр нæ ивы. Куыд уыд, афтæмæй лæууы: знон, абон æмæ æнусты дæргъы. Никуы зæронд бауыдзæн, никуы лæмæгъдæр фæуыдзæн. Чи зоны, дæуæн ис фыды мад, фыды фыд, кæнæ та мады мад æмæ фыд, базæронд сты æмæ сæ хъару, сæ тых асаст. Адæймаг азæй-азмæ цæуы ивгæ, æрыгонæй зæронды бонмæ. Æвзонгæй вæййы тыхджын, æнæниз, зæрондæй та æдых. Хуыцау кæддæриддæр у иухуызон, рагон заманты куыд уыд, ныр дæр афтæ, ницы уæлдайхуызон кæны.

Хуыцау уарзы мах. Æмæ нæ нæ хъæуы фидæныл сагъæс кæнын, кæнæ фидæнæй тæрсын. Нæ Хуыцау у алæмæты диссаг. Æппæтхъомысджын Хуыцау.

*Бакæс:* Пс. 8

*Фарстытæ:*
1. Ранымай ма, Хуыцау кæй рафæлдыста, уыдонæй иу цалдæр.
2. Бацамон ма, дæ хорзæхæй, æрмæстдæр Хуыцау кæй зоны, ахæм исты.
3. Хуыцауæн базæронд уæвæн ис?

*Бакув:* Не ’рдхæрæны æнусон Хуыцау, нæ Уæларвон Фыд! Бузныг Дæ стæм, æппæтхъомысджын кæй Дæ, уый тыххæй. Стæй æппындæр кæй никуы ивыс, уый тыххæй дæр. Зæрдæбын арфæ Дын кæнæм адæммæ Дæ уарзондзинады тыххæй æмæ Дæ уый курæг стæм: ахъаз нын бакæ афтæ цæрынæн, Дæ ном Дын кадджын куыд кæнæм! Оммен!

# 8. ЗÆДТÆ

Адæймаджы агъоммæ дæр уал Хуыцау рафæлдыста ахæм удтæ, уæлæрвты цæрыны аккаг кæй скодта. Уыцы удты Библи хоны зæдтæ. Мах бон нæу уыдоны нæдæр уынын, нæдæр семæ уæвын. Сæхæдæг та мах уынынц. Сæ иуæй-иутæ бынтон æввахс сты махмæ. Æмæ хъахъхъæнынц мах, æххуыс нын кæнынц.

Уый афтæ æмбарын нæ хъæуы, æмæ ныл ницуал фыдбылыз сæмбæлдзæн. Æндæра нæ сæры уайтагъд ахæм хъуыды æрбафтид, æнæ Хуыцауæй дæр фæцæрдзыстæм, зæгъгæ. Хуыцау та нын зæрдæ никуы бавæрдта бынтон æдас цардæй, фæлæ йæ зæдтæн бафæдзæхста, цæмæй уыдон аудой Йæ сывæллæттыл, ома, махыл, адæмыл.

Зæдтæй сæ иуæй-иутæ уæлдай ахсджиаг бынат ахсынц. Мах кæсæм, зæгъæм, зæд Гавриилы тыххæй Сыгъдæг Фысты афтæ, зæгъгæ, Гавриил уыди Хуыцауы минæвар, уæлдай сæрмагонддæр минæвар адæммæ. Æмæ пехуымпар лæг Даниил цалдæр боны фæдфæдыл Хуыцаумæ куы фæкуывта, уæд æм Хуыцау уыцы уæлдай сæрмагонддæр зæд Гавриилы рарвыста. Фæстæдæр та уыцы зæд балæууыд аргъауæг Иоанны фыд Захариимæ. Зæд Гавриил фæзынди Мариямæ дæр æмæ йын бамбарын кодта, Хуыцау дæ снысан кодта Йесо Чырыстийы мад суæвын, зæгъгæ.

Мах кæсæм архангел Михаилы хабæрттæ дæр. Уый та уыди Хуыцауы æппæты домбайдæр зæдтæй иу.

Вифлеемы быдыры фæзынди зæдты бирæ къорд æмæ фыййæуттæн фехъусын кодтой æхсызгон хабар, нæ Ирвæзынгæнæджы райгуырды хабар æмæ ныззæланг кодта сæ зарæг Хуыцауы кадæн.

Зæдты дæр рафæлдыста Хуыцау, мах куыд рафæлдыста, афтæ, æмæ уымæ гæсгæ адæмæн кувыны бар нæй уыдонæн. Искуы, чи зоны, ды дæр ахъуыды кодтаис, тæхуды æмæ зæд чи фесты, зæгъгæ. Уæвгæ та бирæхуыздæр у, Хуыцау, дæ куыд рафæлдыста адæймагæй, афтæ уæвын. Зæдтæ Хуыцауы лæггадгæнджытæ сты. Мах та стæм Хуыцауæн йæ цот, йæ сывæллæттæ. Хуыцауы сывæллон уæвын цыдæр æнахуыр стыр амонд у! Мах хъуамæ цин кæнæм, Хуыцау нæ æнусон хъаймæтæй кæй фервæзын кодта, уый тыххæй. Стæй нын бавæрдта зæрдæ æнустæм нæ Йæхимæ айсыны тыххæй.

Мах уын радзурдзыстæм иу æрыгон адæймаджы тыххæй, цалдæр зæды чи федта, ахæмы хабар. Уыцы æрыгон лæппу уыди шем Елисейы лæггадгæнæг. Хуыцау шемæн бафæдзæхста адæмæн Йæ фæндон дзурыны хæс. Уый тынг сфыдæх кодта адæмы, уымæн æмæ сæ фæндыди дарддæр дæр тæригъæдтæгæнгæ цæрын. Фæлæ сæ шем нæ уагъта сæ чемы, дзырдта æмæ сын дзырдта, Хуыцау цы фæдзæхсы, уый. Уый адыл алы мадзæлттæй архайдтой Елисейæн исты фыдбылыз ракæныныл. Уæд паддзах бавдæлд æмæ бафхæрдта шемы. Йе 'рцахсынмæ арвыста æнæхъæн æфсад, шем уыцы сахат цы горæты уыди, уырдæм. Иуахæмы шемы лæггадгæнæг сæумæраджы федта, сæ горæты алфамблай кæрæй-кæронмæ æрхъула гæрзифтонг æфсад. Мингай салдæттæ æрæмбырд сты Елисейы æрцахсынмæ! Лæггадгæнæг базгъордта шеммæ æмæ ныххъæр кодта:

– Куыд ма фервæзæм? Салдæттæ нæ алыварс æрхъула сты дæу ахсынмæ!

Шемы дзуапп уыд ахæм:

– Ма тæрс! Хуыцау у не ’вварс. Зæдтæ нæ алыварс. Бахъахъхъæндзысты нæ!

Елисей Хуыцаумæ кувын байдыдта: „Иунаг Каджын Хуыцау, дæ хорзæхæй! Байгом кæн мæ лæггадгæнæджы цæстытæ, цæмæй фена зæдты, мах бахъахъхъæнымæ кæй рарвыстай, уыдоны“. Æмæ Хуыцау афтæ бакодта. Лæггадгæнæг федта сæ алыварс хæстифтонг уæрдæттæ, сæ бахъахъхъæнымæ æрвыст чи уыд, уыдон. Æмæ салдæттæ хæстæгдæр куы бацыдысты, уæд шем Елисей Хуыцауæй ракуырдта, цæмæй рæстæгмæ акуырм кæна йæ ныхмæ хæцджыты æмæ мауал ссарой шемы. Уыцы курдиат Хуыцау сæххæст кодта. Афтæмæй фервæзтысты Елисей æмæ йæ лæггадгæнæг мæлæтæй.

*Бакæс:* Ап.хъ. 12:5-17

*Фарстытæ:*
1. Цы зонæм зæдты тыххæй?
2. Цы хуыйнынц дыууæ ахсджиагдæр зæды.
3. Зæд суæвын йæ бон у адæймагæн?
4. Дæумæ гæсгæ цы хуызæр у: зæд уæвын æви Хуыцауы сывæллон?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Ды рафæлдыстай зæдты, цæмæй Дын кæной лæггад. Арфæ Дын кæнæм, Дæ зæдтæ мах кæй хъахъхъæнынц, уый тыххæй. Ноджыдæр Дын арфæ кæнæм, Дæ сывæллæттæ уæвыны амонд нæ кæй ис, уый тыххæй дæр.



## 9. ЧИ У ДÆЛИМОН?

Дæлимоны мах нæ цæстæй нæ уынæм, фæлæ уæвгæ та зонæм, нæ царды кæй ис, уый, стæй иудадзыг махæн æмæ Хуыцауæн дæр исты фыдбылыз бакæнынил кæй архайы, уый. Кæддæр дæлимон уыди Хуыцауы номдзыддæр зæдтæй иу, Йæ сæйраг лæггадгæнæг æмæ Йын æххæст кодта Йæ фæндтæ æмæ фæдзæхстытæ.

Фæлæ иукæддæрæй фæстæмæ Хуыцауы нал уарзта æмæ Йæм нал хъуыста. Цы йæ æртардта æгоммæгæс суæвынмæ æмæ цавæр æнаггаг хъуыдыйыл ныххæцыд, уымæн мах ницы зонæм. Зæд хæлæг кæнын байдыдта Хуыцаумæ æмæ йæ æрфæндыд Хуыцауы æмрæнхъ æрлæууын. Гъе, афтæ дæлимон сси Хуыцауы знаг æмæ уæдæй фæстæмæ архайы Йæ ныхмæ фыддзинадæй.

Фæлæ цæрæнбонты афтæ нæ уыдзæн. Хуыцау бафхæрдзæн Йе ’знаджы. Ис ахæм бынат, зындон. Уым дæлимон дæр æмæ йе ’мдзæхдонтæ сеппæт дæр æнустæм кæндзысты хъизæмар, удхар.

Зæдтæй кæцыдæртæ фесты дæлимоны фарс. Уыцы цъаммарты Хуыцауы Ныхасы фыстæй хонынц демонтæ, ома, фыдбылызы зæдтæ. Æмæ дæлимонæн йæхи хуызæн уыдон зилдух кæнынц нæ алыварс, кæд нын фыддзинадæй сæ бон ницы у, кæд æмæ Йесойы

уарзæм æмæ йæ нæ зæрдæмæ хæстæг райстам, уæд. Дæлимон дæр æмæ демонтæ дæр тынг тæрсынц Йесо Чырыстийæ, уымæн æмæ зонынц, иукæддæр сæ кæй баппардзæн æнусон пиллон арты.

Дæлимон йæ гæндзæхтæ цæгъды æмæ йæ комы фынк калгæ архайы исты мадзæлттæй адæмы фыдырдæм раздахыныл. Уый хынцгæйæ уæ рох ма уæд: дæлимоныл чи бауæнда, уый уыдзæн тæригъæдджын!

Мах хъуамæ æввахс ма цæуæм, дæлимон уæлдай тыхджындæр цы хъуыддæгты у, уыдонмæ. Ис ахæм адæм, спиритисттæ сæ хонынц, ома, мæрдтимæ ныхас кæныны фадатмæ чи æнхъæлмæ кæсы, уыдон, гъе ахæмтæ æмдзæхдон сты дæлимонимæ. Уымæй дæлимон йæхи хуызы æвдисы, цымæ йæ мард хæстæджытæ дæлдзæххæй дзурынц. Хуыцау махæн ницы хуызы ницы бар дæтты ахæм адæмимæ ныхас кæнынæн. Дæлимон дæр æмæ йæ æмдзугæнджытæ дæр сты сайæгой, фæлитой, цæстфæлдахджытæ.

Иу хъæуы царди æмæ уыди чысыл лæппу. Дæлимон æй хъизæмарæй мардта. Лæппу та Йесо Чырыстийы нæ зыдта. Иуахæмы лæппуйы фыд базыдта, Йесо сæ хъæумæ хæстæг кæмдæр кæй æрфысым кодта, уый. Æрбакодта Йæм йæ фырты æмæ йын балæгъстæ кодта, лæппуйæн йæ фыдбылыз фæсурын. Йесо фервæзын кодта лæппуйы æмæ дæлимонмæ бавзыста, сабийы йæ уагыл ныууадз æмæ йæм æввахс макуал бацу, зæгъгæ.

Дæлимон фырмæстæй сыгъди, йæ пырх калдта, фæлæ йæ бон сызмæлын нæ уыд Йесойы ныхмæ.

*Бакæс:* Ис. 14:12-17; Матф. 17:14-18



*Фарстытæ:* 1. Цы у зындон?
2. Чи у дæлимон æмæ чи уыд раздæр?
3. Чи тыхджындæр у, дæлимон æви Хуыцау?
4. Цы хъавы, цæуыл архайы дæлимон?

*Бакув:* Æппæтхъомысджын Хуыцау, арв æмæ зæхх Рафæлдисæг! Арфæ Дын кæнæм, дæлимон кæй нæ тых кæны махыл, дæ сывæллæттыл Дæ фæрцы, уый тыххæй. Кувæм Дын, нæ Ирвæзынгæнæг Йесо Чырыстийæ дæлимонтæ, хæйрæджытæ кæй тæрсынц, уый тыххæй. Ахъаз нын бакæ, нæ царды дæргъы Дæуыл иузæрдионæй цæмæй баззайæм, уый тыххæй. Уый курæг Дæ стæм Йесо Чырыстийы номæй. Оммен.

## 10. АДАМ ÆМÆ ЕВÆЙЫ РАФÆЛДЫСТЫ ХАБАР

Мах нæ зонæм, стъалытæ, зæхх, сырдтæ, æппæт иннæты Хуыцау кæд рафæлдыста, уый. Фæлæ йын утæппæт диссæгтæ куыд бантыстысты, уымæн исты зоныс? Æппындæр Æй ницавæр кусæнгæрзтæ, мигæнæнтæ бахъуыд уый тыххæй. Хуыцау уыдон сеппæт дæр рафæлдыста Йæхи Ныхасы фæрцы. Ныррухс у, зæгъгæ, загъта хурæн æмæ хур цæхæртæ акалдта, бæстæ ныррухс. Уæдæ афтæ рафæлдыста алыхуызон цæрæгойты, фос, кæсаг, маргъ, бæлæстæ, зайæгхал,

дидинджытæ. Хуыцау цы дуне рафæлдыста,уый тынг рæсугъд уыд. Нæ дзы ссардтаис нæдæр сындз, нæдæр пыхс бахъыгдарыны охыл, сырдтæ хæларæй цардысты, ничи дзы никæйы хъыгдардта.

Æппынфæстаг Хуыцау рафæлдыста фыццаг адæймаджы, йæ ном Адам. Уыцы хабар Библийы афтæ фыст у: Хуыцау райста æлыг æмæ дзы скодта адæймаджы буар, стæй дзы бауагъта уд. Ахъуыды кæнут, Адам алæмæты рæсугъд дунемæ куы ракаст, уæд фырдисæй куыд фæуыдаид, уый! Дуне иууылдæр Хуыцау рафæлдыста адæймагæн. Йæхæдæг ныхас дæр ма кодта адæймагимæ. Чи зоны, æмæ Адам бафарстаид Хуыцауы, цы мадзалæй мæ скодтай зæгъгæ. Чи зоны, æмæ йын æй Хуыцау дзургæ дæр ракодтаид.

Æмæ уалынмæ æрхæццæ уыцы бон дæр, Хуыцау ма ноджыдæр иу адæймаг рафæлдисын куы сфæнд кодта, Адамæн æххуысгæнæг, йæ ном-Евæ. Æвæццæгæн æмæ тынг амондджын уыд Евæ Адамимæ. Сæ сæры галиу хъуыдытæ нæ уыд, сæ зæрдæ дæр сыгъдæг, Хуыцау сæ уарзта æмæ Йæ уыдон дæр уарзтой.

Хуыцау рафæлдыста адæмы æмæ сæ сæвæрдта æппæт иннæ дунейы сæр. Адæймаджы рафæлдыст дæр æмæ æнæхъæнæй дунейы рафæлдыст та æвæдза куыннæ сты æнæмбал диссаг æмæ æбуалгъ алæмæты сусæгдзинад! Сеппæт диссæгтæн сæрæвæрæн та уый у, æмæ нæ зонды, нæ хъуыдыты фæрцы нæ бон кæй у Хуыцауы базонын, зæрдæйæ Йæ бауарзын.

*Бакæс:* Цар. 2:7-25

*Фарстытæ:* 1. Цæмæй сфæлдыста Хуыцау Адамы?
2. Цы мадзалæй рафæлдыста Хуыцау азæххы?
3. Цæуыл у нæ бон сахуыр уæвын адæймаджы рафæлдысты историйы?



*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Бузныг Дæ стæм æмæ Дын арфæ кæнæм, арв æмæ зæхх кæй рафæлдыстай, уый тыххæй. Арфæ Дын кæнæм Дæ уарзондзинады тыххæй, Дæ домбайдзинады тыххæй. Ахъаз нын бакæ, хуыздæр Дæ цæмæй базонæм æмæ Дæ фылдæр цæмæй уарзæм, уый тыххæй! Оммен.

## 11. ТÆРИГЪÆД КУЫД ÆРБАХЫЗТ АЦЫ ДУНЕМÆ

Дæлимон Хуыцауы коммæ нæ касти æмæ Йын уымæ гæсгæ лæггад дæр нæ кодта. Дæлимон мæстæлгъæдæй бадти, Адам æмæ Евæ амондджын кæй сты æмæ Хуыцауы кæй уарзынц, уый тыххæй. Æмæ сфæнд кодта Адам æмæ Евæйы галиу зондыл бафтауын, æгоммæгæс сæ скæнын. Уæвгæ та зыдта, куыддæр æмæ йæ фæнд йæ къухы бафта, афтæ адæмы амонд ууыл аскъуындзæн. Хуыцауæн Йæ коммæ куынæ уал кæсой, уæд уыдзысты бафхæринаг æмæ сæ дзæнæтæй федте кæндзæн, уый фæстæ сын уырдæм сæ цæрæнбонты дæр фæндаг нал уыдзæн.

Хуыцау ныффæдзæхста Адам æмæ Евæйæн, дыргъ-

доны бæрæгастæу цы бæлас и, уый дыргътæй хæрæн нæй, зæгъгæ. Дæлимон бавдæлд æмæ бацыд Евæмæ уый зæгъынмæ, ома, дам, уæ Хуыцау нæ бафхæрдзæн, Йæ фæдзæхст Ын куы ницæмæ æрдарат, уæддæр. Ноджы йын хъæбæрæй афтæ, нæфæтчиаг бæласы дыргътæ сты тынг хæрзад æмæ дзы чи фæхъæстæ уа, уый æппæт дæр зондзæн. Æвирхъау цæттæ гæдыныхас, Фæлæ йыл Евæ уæддæр бауæндыд. Æртыдта дыргъ уыцы æнæхаиры бæласæй æмæ йæ адджынæн бахордта. Ноджы ма дзы радта йæ лæгæн дæр æмæ йæ уый дæр бахордта.

Æмæ зонут, уый фæстæ сыл цы 'рцыд, уый? Куыддæр æмæ дыргъæй фæхъæстæ сты, афтæ мæлыны къахыл ныллæууыдысты. Æмæ кæд уый фæстæ аирвæзтысты иу цасдæр рæстæг, уæддæр сæ амонд фæлыгъд, бонæй-бонмæ зæронддæр, æдыхдæр, æрхæндæгдæр кодтой. Хуыцау сæ фæсырдта дзæнæты дыргъдонæй æмæ сæ никуал бауагъта уырдæм. Уæдæй фæстæмæ кæмдæриддæр зайын байдыдта алымыггаг сындзытæ æмæ хæмпæлгæрдæг. Адæмæн тынг зын сси хуымгæнд кусын. Æмæ æппæт уыдæттæ цæй тыххæй рауадысты? Адам æмæ Евæ Хуыцауы коммæ кæй нæ бакастысты, кæй Йæм нæ байхъуыстой, уый аххосæй. Фæстæдæр заманты та хъуыддаг уымæ расайдта æмæ сæм нал хъуыстой сæ цот, стæй уыдоны цот æмæ ноджы дарддæры фæлтæртæ, систы æгоммæгæс. Абон неппæт дæр æмхуызонæй стæм æгоммæгæс, Хуыцауы фæндмæ ничиуал хъусы, ничиуал Æй нымайы.

Æмæ ма ахъуыды кæн, куыд хорз уаид, адунейыл фыдми куы ничиуал кæнид, гадзрахатæй куы ничиуал цæуид. Уæд нæ уаид хуыснæджытæ, лæгмартæ, тугкалæн хæстытæ. Алчи дæр йæхиуыл хæцын фæразид, йæхи уæздан дарид æмæ æхххуыс кæнид бахъуаджы сахат кæм хъæуы, уым.

Фæлæ уыцы бон дзыллæты историйы æрцыд æбуалгъы æнаггаг хабар: удгоймæгтæ сыстадысты сæ Рафæлдисæджы ныхмæ. Уыцы æгоммæгæсдзинад Библийы схуыдтой тæригъæд.

Адам æмæ Евæ сæхинымæр загътой, уæдæ ныл ницы æрцæудзæн, нæ-фæтчиаг фæдзæхст бæласы дыргътæй куы бахæрæм, уæд. Дæлимон йæ фæнд атардта. Байхъуыстой йæм Адам æмæ Евæ æмæ Хуыцауы ныхмæ рацыдысты, йæ фæдзæхст Ын сæ къæхты бын акодтой.

Дæлимон иудадзыгдæр архайы адæмы асайыныл, цæмæй мах мауал хъусæм Хуыцаумæ. Дæлимоны амындмæ гæсгæ Хуыцаумæ куынæ уал хъусæм, уæд амондджындæр уыдзыстæм. Фæлæ уый цæттæ гæдыныхас у. Хуыцау æфхæры, Йæ коммæ куынæ кæсай, уæд. Адам æмæ Евæ уый бавзæрстой сæхи цардыл æмæ йæ федтой сæхи цæстæй. Бæргæ ма сæ бауырныдта, Хуыцауы кæй нæй дæлимоны чъылдыммæ авæрæн, уый тыххæй æфхæрд кæй баййафдзынæ, уый. Фæлæ æгæр байрæджы.

*Бакæс:* Цар. 3:1-19

*Фарстытæ:*
1. Дæлимон Хуыцауы уарзы?
2. Фæнды йæ, ды Хуыцауы уарзай, уый?
3. Цы загъта дæлимон Евæйæн?
4. Цы 'рцыди Адам æмæ Евæйыл, нæфæтчиаг дыргъ куы бахордтой, уæд?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Тынг фæсмон кæнæм, Дæу фæндыл афтæ арæх кæй нæ разы кодтам, ууыл. Ныр та нын ахъаз бакæ, цæмæй суæм коммæгæс æмæ Дæ фæндыл цæуæм, Дæ амынд æххæст кæнæм. Феххуыс нын кæн дæлимоны коммæ нæ кæсын. Уый курæг Дæ стæм Йесо Чырыстийы номæй. Оммен.

## 12. ХУЫЦАУЫ ПЪЛАНЫ НЫСАНГОНД ИС ТÆРИГЪÆД ХАТЫРГÆНÆДЖЫ ЗÆХМÆ РАРВИТЫН

Мах фехъуыстам уыцы æнамонд боны хабар, Адам æмæ Евæ тæригъæд куы ракодтой, уый. Байхъуыстой се 'знагмæ, дæлимонмæ æмæ уый адыл фæхаудтой сæ амондæй.

Фæлæ уарзæг Хуыцауы нæ фæндыд адæмы зæрдæйы маст ныууадзын, знæт сæ скæнын. Уый бафхæрдта фыццаг дыууæ уды сæ раконд тæригъæдты тыххæй, фæлæ сæ уæддæр уарзта. Хуыцау дæу дæр уарзы, кæд Æй дæ фыдуаг митæй бирæ хæттыты смæсты кодтай, уæддæр.

Æмæ Хуыцауы фæнды дæу æмæ мæн дæр æфхæрдæй бахизын. Уыцы æфхæрд Уый сфæнд кодта Йæхимæ райсын æмæ Йæ фырт Йесо Чырыстийы зæхмæ махмæ, адæммæ æрæрвитын. Ам, зæххыл Йесо хъуамæ баййæфтаид æфхæрд æппæт дзыллæты, æппæт тæригъæдты тыххæй. Уый адыл Йесо райгуырд чысыл Сывæллонæй Вифлеемы. Рæзыд æппæт сабиты хуызæн, æрмæст тæригъæд никуы ракодта, никуы фыдуаг ми æруагъта. Фæлæ Йæ Хуыцау бафхæрдта дæу æмæ мæ тæригъæдты тыххæй. Фыдыздыхт знæт адæмтæ та Йын Йæ буар дзуарыл бахостой зæгæлтæй æмæ афтæ тыгъдæй амарди не 'ппæты сæрыл. Махæн зын бамбарæн у, адæмы тыххæй Йесо цы хъизæмæрттæ бавзæрста, уый. Афтæмæй та уæвгæ мах сæрвæлтау скодта Йæхицæн уыцы зынтæ барвæндонæй. Гъе уый у Йæ уарзондзинады æвдисæн адæммæ.

Иукæддæр давды тыхй æрцахстой кæйдæр. Æрбакодтой йæ тæрхондонмæ. Æмæ æрцыди диссаджы хабар. Ахст лæг рауади тæрхонгæнæджы раздæры æрдхорд. Тæрхонгæнæг та, уæхæдæг зонут, хъуамæ рæстдзинадыл хæст уа. Уымæ гæсгæ ахст лæг кæд йæ рагон æрдхорд разынди, уæддæр æй йæ бон афтæ ауадзын нæ уыд. Æмæ рахаста тæрхон, къæрных цы æхца радавта, уыдон сæ хицауæн фæстæмæ радтын æмæ ахæстоны мæй фæбадын.

– Æмæ ма мæм цæй æхца ис уæдæй нырмæ! – загъта давæг. Уæд тæрхонгæнæг æнæнхъæлæджы цæхгæр фæзылд æмæ афтæ:

– Хорз уæдæ. Æз бафиддзынæн дæ хæс. Æмæ æцæгдæр бафыста давæджы хæс.

– Ныр та дæ бæсты бацæудзынæн ахæстонмæ дæр, – дзырдта дарддæр тæрхонгæнæг. – Ды та дæ хæдзармæ ацу, дæ бинонтæм.

Æмæ тæрхонгæнæг æнæхъæн мæй фæбадти ахæстоны, давæг та суæгъд æмæ афардæг йæ фæрныг хæдзармæ.

Уый уыди Хуыцауы фæнд. Нæ тæригъæдты тыххæй

хъуамæ æфхæрд дæр нæхæдæг баййæфтаиккам. Уыцы æфхæрд амоны цæрæнбонты сæфт, цæрæнбонты иртæстдзинад, хицæндзинад Хуыцауæй. Фæлæ мах бæсты Йесо Йæхимæ райста тæригъæдтæ æмæ уыдоны тыххæй мæлæтмæ радта йæ сæр, цæмæй махæн уа мыггагмæйы цард.

Æмæ, æвæццæгæн, Чырыстийы фаг зæрдæбын арфæ нæ бон бауыдзæн зæгъын, ахæм дзырдтæ ссарын уыцы æнæкæрон стыр уарзондзинады тыххæй. Æви йæ цæмæй сæххæст кæндзыстæм, зæгъ ма?

*Бакæс:* Лук. 22:39-46 æмæ 23:27-38

*Фарстытæ:*
1. Цас тыхджын дæ уарзы Хуыцау?
2. Дæхæдæг та Йæ цас уарзыс?
3. Цы мадзалæй у дæ бон, Хуыцауы цас уарзыс, уый равдисын?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Стыр Хуыцау! Зонæм, нæ Хуыцаухай Йесо Чырысти мах афтæ тынг уарзы, æмæ нæ сæрвæлтау Йæхи мæлæтмæ радта, йæ цыппар къабазæй крестыл тыгъдæй амард. Ахъаз нын бакæ, дæ хорзæхæй, цæмæй зæрдæбынæй уарзæм Йесойы. Фæнды нæ Дæуæн балæггад кæнынил нæ цард кæрæй-кæронмæ бахардз кæнын æмæ нæ зæрдæйы уидæгтæй Дæуыл баст уæвын, æрмæст дæр Дæуæн кувын. Оммен.



## 13. НÆ ХÆЛАРЗÆРДÆ ФЫЙЙАУ

Нæ чысыл хæлар, цымæ ды исты зоныс, Йесо уæлæрвты цы архайы, уымæн? Уый хæцы æппæт адæмы сæрыл. Йæ арм дæры йæ зæрдæмæ Йæ хæстæг чи айста, уыдон сеппæтыл дæр. Дæлимон Хуыцауæн мах фыдмиты кой куы ракæны, уæд Йесо та афтæ фæзæгъы: „Æз уыдоны сæрвæлтау мæрдтæм куы бацыдтæн мæ цыппар къабазæй дзуарыл тыгъдæй“.

Чырысти махмæ æрвиты Йæ Сыгъдæг Уд, цæмæй нын уый фиппайа нæ рæдыдтытæ æмæ сæ нæ бон уа сраст кæнын.

Йесо махæн у нæ хæларзæрдæ Фыййау, нæ зондамонæг. Уый нын æххуыс кæны цæрын, Хуыцауы сывæллæттæн куыд æмбæлы, афтæ æнæ рæдыдæй, æнæ галиудзинадæй.

Фæлæ афтæ зæгъæн нæй, Йесо æрмæст мах уарзы. Уый уарзы æппæт иннæ адæмы дæр. Махæн æххуыс кæны, иннæ адæмтæн Хуыцауы тыххæй цы дзурын хъæуы, уый зонынæн. Фæнды Йæ, цæмæй кæмдæриддæр дзурæм, Йесо Чырысти мах сæраппонд кæй амард, уыцы хабар. Уый йæхи сывæллæтты æрвиты алы рæттæм, цæмæй æмбæлой æндæр адæмтимæ. Гъе, афтæмæйты бирæ дзыллæтæ хъусынц æхсызгон хабар, Йесо нæ Ирвæзынгæнæг кæй у, уый тыххæй. Йесо уарзы æппæт адæмы дæр, суанг ахæмты дæр, Йæ зонын æппындæр кæй нæ фæнды.

*Бакæс:* Рим. 8:35-39

*Фарстытæ:* 1. Цы архайы Йесо махæн уæлæрвты?
2. Цæмæй бæрæг у, Йесо адæмы уарзы, уый?
3. Адæм сеппæтæн цы хъуамæ дзурæм мах?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Арфæ Дын кæнæм Де 'стыр уарзондзинады тыххæй æмæ нæ Дæ къухæй айсын кæй никæйы бон у, уый тыххæй. Феххуыс нын кæн, цæмæй Дæ уарзæм æмæ цæуæм Дæ фæндыл. Не 'уæнгты бауадз ахæм хъару, нæ зæрдæйы – ахæм уарзондзинад, цæмæй нæ бон уа æппæт дзыллæтæн нæ Ирвæзынгæнæджы кой кæнын. Уый курæг дæ стæм мах Йесо Чырыстийы номæй, нæ Хуыцау! Оммен.

## 14. ЦЫ 'РЦÆУДЗÆН ДУНЕЙЫ НÆ СÆРМАГОНД ИРВÆЗЫНГÆНÆГ СУÆВЫНЫ ТЫХХÆЙ ЙЕСОМÆ КУЫ БАХАТÆМ, УÆД?

Хуыцау æнусон у. Нæй Йын нæдæр райдиан, нæдæр кæрон. Уыди рæстæг, зæхх дæр куы нæма уыд æмæ адæм дæр. Хуыцау та æнусон у, зæгъгæ, уый æгъгъæд нæу, фæлæ ма у æппæтуынаг, æппæтзонæг дæр. Хуыцау дæу зыдта дæ равзæрды размæ тынг раджы, стæй зыдта, кæд райгуырдзынæ, уый дæр, æмæ дæ гъе уæд бауарзта.

Фæлæ дын æнæзонгæ нæ уыд дæ тæригъæдтæ дæр, кæддæр кæй бакæндзынæ, уыдон. Æмæ хъыг кодта. Зыдта ноджы, дæ тæригъæдты тыххæй дæ æфхæрын дæр кæй бахъæудзæн. Уымæ гæсгæ сфæнд кодта де 'фхæрд Йæхимæ райсын. Йесо Чырысти рахъавыд уæлæрвты йæ Фыды къонайæ рацæуын æмæ мæнæ ацы зæхмæ æрхизын, цæмæй баййафа æфхæрд дæу тыххæй æмæ мæн тыххæй. Уыцы хабар æрцыд 2000 мин азы размæ. Йесо амард æппæт дзыллæйы сæрвæлтау. Ныр æм дæ бон у бахатын дæ сæрмагонд Ирвæзынгæнæг суæвыны тыххæй.

Æмæ, чи зоны, ды æмбаргæ дæр нæма кæныс, уыцы хъуыддаг куыд саразай, уый? Уæвгæ та дзы зынæй ницы ис. Йесо рагацау зоны, мах кæй фæнды нæ тæригъæдтæй ссæрибар уæвын. Фæлæ Йæ уæддæр фæнды, цæмæй Йæм бакувæм æмæ Йын бамбарын кæнæм нæ курдиат. Зæгъæм, мæнæ афтæ хуызы: „Зынаргъ Йесо, æз бирæ фыдуаг митæ бакодтон мæ царды æмæ Дæу дæр арæх æфтыдтон уый тыххæй мæ хъыджы. Ныббар мын! Ды ацы зæхмæ æрхызтæ æмæ мæ тæригъæдты тыххæй баййæфтай æфхæрд. Мæ сæрвæлтау райстай мæлæт, Дæ цыппар къабазы дзуарыл тыгъдæй, цæмæй æз цæрон мыггагмæ. Арфæ Дын кæнын, ахæм хæларзæрдæ мæм кæй дарыс, уый тыххæй. Мæхæдæг та мæхицæн никуы бафæрæзтайн баххуыс кæнын, фæлæ мæ Ды фервæзын кодтай æнустæм. Арфæгонд у. Оммен“.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы ныхæстæ куыддæриддæр сты, афтæмæй сæ рафæлхатын дæу ницæмæн хъæуы. Дæ бон у кувын, дæхæдæг куыд зоныс, афтæ дæр.

Йесойæн æхсызгон у, нæ тæригъæдтæ нын ныббарын дзы куы фæкурæм, уæд. Дæумæ ахæм курдиат

нæма уыди? Кæд нæма, уæд ныртæккæ ацы сахат дæр бакув Чырыстимæ. Æнхъæлмæ дæм кæсы Йæхæдæг.

*Бакæс:* Иоан. 3:1-18

*Фарстытæ:* 1. Чи баййæфта æфхæрд дæ тæригъæдты тыххæй?
2. Мах цы бакæнын хъæуы, цæмæй Йесо суа нæ Ирвæзынгæнæг?

*Бакув:* Нæ уарзон Йесо! Æз зонын, мæхицæн мыггагмæйы цард саккаг кæнын мæхи бон ницæмæй у, ницы бакæнын у мæ хъару, уый. Фæлæ Дæуæн арфæ кæнын, кæй мæ ирвæзын кæныс, уый тыххæй. Ноджыдæр Дын арфæ кæнын, æнустæм уæлæрвты Демæ кæй уыдзынæн, уый тыххæй дæр. Оммен.

## 15. ЦÆМÆН ФЕРВÆЗЫН КОДТА МÆН ЧЫРЫСТИ?

Иу кæмæдæр уыди куыдз. Лæг æм зылди, холлагхъуаг æй нæ уагъта. Æппынæдзух дæр уыдысты иумæ. Суанг лæг науы куы абалц кодта дард фæндагыл, уæддæр йæ куыдз уыд йемæ. Лæджы фæстæ разгъор-базгъоргæнгæ куыдз иуахæмы асхъиудта науæй. Бæлццон базгъордта капитанмæ æмæ ныхъхъæр кодта:



– Мæ куыдз! Мæ уарзон куыдз асхъиудта науæй! Бауром нау! Науæд фæныгъуылдзæн доны!

Капитан бахудти:

– Куыд хъуамæ бауромæм цавæрдæр куыдзы тыххæй...

– Æмæ уæдæ адæймаг куы ахауид науæй, уæддæр нæ бауыромис?

– Куыннæ, – загъта капитан.

Уæд куыдзы хицау разгъордта науы гуыффæмæ (палубæмæ) æмæ агæпп кодта донмæ. Науæн æнæ бауромгæ нал уыд лæджы фервæзын кæныны тыххæй. Лæгæй, куыдзæй сæ дыууæ дæр фервæзтысты.

Йесо мах уарзы бирæ фылдæр, уыцы лæг йæ куыдзы цас уарзы, уымæй. Йесо „Йæхи баппæрста тæригъæдты денджызы“, мах кæм ныгъуылдыстæм, уырдæм, æмæ нæ фервæзын кодта.

Зæдтæ сеппæт дæр, стæй дæлимон æмæ йе ’ххуысгæнджытæ уынынц, Хуыцауы уарзондзинад куыд рæсугъд у, уый. Стæй уый бæрц тыхджын у, æмæ мах йæхимæ æрбайста, кæд тæригъæдджын уыдыстæм, уæддæр. Уыцы тыхджын уарзондзинад нын рухс кæны нæ зæрдæтæ, æмæ афтæмæй уарзæм Йесо Чырыстийы. Уæларвон зæдтæ æмхуызонæй арфæ кæнынц Хуыцауæн, цы хæрзтæ нын фæци, уыдоны тыххæй. Уыдон цин кæнынц, ды дæр Йесойы кæй уарзыс, ууыл.

Фæлæ хъыгаг у, Хуыцауы фæндиаг бынтон кæй не стæм, уый. Бирæ фыдмитæ кæнæм нырма. Хуыцау та кæсы æмæ уыны, мæрдтæй райгасы фæстæ цы хуызы уыдзыстæм, уыцы хуызы. Йесо Чырысти нæ тæригъæдты тыххæй Йæхи мæлæтмæ кæй радта, уый тыххæй нын хатыр у æппæт дæр. Хуыцау нын ныббарста.

Мах хъæуы æрмæстдæр нæ Ирвæзынгæнæгыл æууæндын, æмæ уæд Хуыцауы цæсты уыдзыстæм æнæтæригъæд æнæ аипп.

*Бакæс:* Лук. 15:3-7, 11-24

*Фарстытæ:* 1. Тæригъæдджын адæмæн сæ бон у сæхи Хуыцауы сывæллæттæ схонын?
2. Кæмæн у йæ бон мах Хуыцауы сывæллæттæ скæнын?
3. Куыд суæвæн ис Хуыцауы сывæллон?

*Бакув:* Арфæ Дын кæнын, Йесо Чырысти, мæн тыххæй æмæ мæ тæригъæдты тыххæй Дæхи мæлæтмæ кæй радтай, уый фæдыл! Оммен.

## 16. ФЕРВÆЗЫН МÆ КÆНДЗÆН ЙЕСО, ХÆРЗÆГЪДАУ УÆВЫНЫЛ КУЫ АРХАЙОН, УÆД?

Уырны уæ, æххæст хорз суæвын нæ бон кæй никуы бауыдзæн, Хуыцауы фæндиаг хорз уæвын кæй никуы бафæраздзыстæм, уый? Иуæй-иу сабитæ афтæ хъуыды кæнынц: „Куы бацархайон мæ ныййарджытæн æдзухдæр коммæгæс уæвыныл, иннæ сывæллæттимæ быцæутæ, хылтæ нæ кæныныл, мæхицæй лæмæгъдæрты мæстæй нæ марыныл – уæд æнæмæнг бахаудзынæн уæлæрвтæм“.



Фæлæ уый бынтон афтæ нæу. Йæхи хъаруты фæрцы дзæнæтмæ ничи бахаудзæн. Цавиттон, уымæн, æмæ мах фылдæрæй-фылдæр дзурæм æмæ арæхæйарæхдæр кæнæм, Хуыцауы зæрдæмæ цы нæ цæуы, уыдæттæ. Æвæццæгæн, нæхи цыфæнды хъахъхъæд куы кæнæм, уæддæр нæ алкæмæй дæр боны дæргъы æнæ исты æнаггаг дзырд схаугæ нæ вæййы, кæнæ æнæ исты æвзæр хъуыды нæ сæры. Уый ууыл дзурæг у, æмæ нæ зæрдæйы нырма бирæ мæстытæ ис.

Фидæн рæстæджы нæ къухы куы бафтид нæхи раст уагыл дарын, нæхимæ æппындæр азым куынæ уадзиккам, уæддæр ивгъуыд заманты тæригъæдтæ нырма не ’ккойы сты. Цы мадзалæй сæ уæдæ фервæзæм? Æмæ ма ноджыдæр ахæм фарст: цал тæригъæды хъуамæ ракæна адæймаг, Хуыцауæй æфхæрд баййафыны тыххæй? Дæс æви сæдæ? Нæ! Зыбыты иунæг æнаккаг ми дæр æгъгъæд у тæригъæд ракæнынæн.

Ноджы ма фыццаг удгоймæгтæ – Адам æмæ Евæ тæригъæд хъуыддаг бакодтой Едемы дзæнæты дыргъдоны, ницæмæ æрдардтой Хуыцауы фæдзæхст. Уæдæй фæстæмæ адæм сеппæт дæр сты тæригъæдджын. Уый аххосæй ныр чысыл сабитæ дæр нал хъусынц сæ ныййарджытæм, фыдуаг митæ кæнынц, кæрæдзийæн нæ хатыр кæнынц, сæ фылдæр сты хылычъитæ.

Æмæ цыфæнды куы фæкæнæм, уæддæр нæ митæй æмæ нæ хъуыддæгтæй мах дзæнæтмæ бахауыны аккаг нал стæм. Хуыцау раст кæны. Хъуамæ æфхæра алкæйы дæр йæ тæригъæдты тыххæй.

Фæлæ уæддæр уарзы адæмы. Уымæ гæсгæ мах бæсты бафхæрдта Йæ иунæг Фырты, Йæ уаргъы йын

æппæт адæмы тæригъæдтæ сæвæргæйæ. Йесо Чырысти амарди дæу æмæ мæ тæригъæдты тыххæй. Уый æфхæрд баййæфта мах сæрвæлтау. Æмæ кæсыс, Йесо дæ афтæ тыхджынæй уарзы, æмæ дæуæн нывондæн æрхаста Йæ цард!

*Бакæс:* Рим. 3:10-18, 23

*Фарстытæ:* 1. Искуы фыдуаг ми, мыййаг, ракодтай? Æрхъуыды ма дзы кæн иу цалдæры.
2. Цал хатты бацæуын хъæуы искæйы тæригъæды, дзæнæтмæ цæмæй ма бахауай, уый тыххæй?
3. Цы бакæнын у дæ бон тæригъæдæй дæхи фервæзыны тыххæй?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Уæларвон Фыд! Мах бакодтам тæригъæд хъуыддæгтæ. Фæлæ уыдоны тыххæй Ды мæрдтæм барвыстай Дæхи Фырты. Зæрдæбын арфæ Дын кæнæм, нæ тæригъæдтæй нæ кæй ссыгъдæг кодтай æмæ нын дзæнæты бынатмæ уымæй фæндаг кæй байгом кодтай, уый тыххæй. Оммен.

## 17. ПАДДЗАХЫ ЦОТ

Хатгай фæзæгъæм: чырыстон адæймаг Хуыцауы сывæллон у. Уый, мыййаг, афтæ æмбарын нæ хъæуы,



нæхи ныййарджыты цот нал стæм. Хуыцау нын радта ныййарджытæ, цæмæй нæ хæссой æмæ уарзой. Фæлæ ныл Хуыцау фылдæр ауды, уымæн æмæ нæ уарзы ноджы бирæ фылдæр.

Кæд æмæ Йын Йæ Фырты уарзæм æмæ Йыл æууæндæм, уæд Хуыцау мах нымайы Йæхи бинонтыл æмæ нæ уарзы, куыд Йæхи сывæллæттæ. Уый зæрдæрухсы хъуыддаг нæу уæдæ?

Цæмæн нымайы Хуыцау мах Йæхи сывæллæттыл? Цæмæн Æй фæнды, раздæр тæригъæдты чи бацыд, уыдонæй Йæхицæн сывæллæттæ скæнын, Йæхи цотыл сæ нымайын? Мах уымæн ницы зонæм. Фæлæ Хуыцауы чиныджы куыд фыст æрцыд, афтæмæй нæ Уæларвон Фыд æфсæрмы нæ кæны мах Йæхи цот схонын. Стæй нæ Йæхицæй никæддæр фæиппæрд кæндзæн. Хуыцау мах уарзы æгоммæгæсæй дæр, Йæ фæндæн, Йæ ныхасæн Ын аргъ куынæ фæкæнæм, уæддæр. Уæлдай фылдæр кæй уарзы, æдзух Йæ цуры кæй дары, ахæмтæ Йын нæй. Хатгай Йæ мах бафхæрын куы бахъæуы, уæддæр нæ æнæ уарзгæ нæу, уымæн, æмæ Йæ сывæллæттæ стæм.

Кæд æмæ Хуыцау нæ Уæларвон Фыд у, уæд Йæ фырт Йесо Чырысти та махæн æййафы нæ хистæр Æфсымæр, зæрдæбынæй нæ Чи уарзы, Уый.

Сыгъдæг Фыстæг нын уымæн амоны, зæгъгæ, Йесо не 'фсæрмы кæны мах Йе 'фсымæртæ æмæ Йæ хотæ хонын. Мæлгæ дæр уый тыххæй кодта, цæмæй мах скæна Йæхицæн æфсымæртæ, Хуыцауы бирæ бинонты уæнгтæ. Æмæ ныр Йесо махимæ дих кæны Йæ хъыг дæр, Йæ Уæларвон Фыдæй Йæм цыдæриддæр æрбахæццæ хорзæй, уыдон сеппæт дæр. Йесо махæн дæтты

ænусон цард. Иуахæмы нæ Йæхимæ айсдзæн уæлæрвтæм æмæ нын уым стыр хай бакæндзæн Йæ циндзинадæй. Уым тæригъæд нал фендзыстæм.

Мах стæм Паддзахы цот, уымæн æмæ нæ Йæ бинонтыл банымадта Хуыцау. Балæвар нын кодта æрдхæрæны рæсугъд курдиатдзинад нæ алкæмæн дæр, æмæ иукæддæр иумæ Йемæ æнустæм бафсæддзыстæм цæрынæй.

*Бакæс:* Рим. 8:14-17

*Фарстытæ:* 1. Хуыцау нæ Йæ сывæллæттыл цымæ ахæм хорз кæй стæм, уый тыххæй нымайы?

2. Уарзы нæ цымæ Хуыцау, тæригъæд хъуыддæгтæ куы бакæнæм, уæддæр?

3. Цы хуызы, цы мадзалæй цымæ æфхæры Хуыцау адæймаджы йæ æгоммæгæсдзинады тыххæй? Æмæ нæ цымæ афтæмæй дæр уарзы?

4. Кæд æмæ Хуыцау нæ Фыд у, уæд нын цы бавæййы Йæ Фырт Йесо Чырысти та?

*Бакув:* Сыгъдæг Кадджын Хуыцау! Тынг æхсызгон нын у, Дæ сывæллæттыл нæ кæй банымадтай, уый. Арфæ Дын кæнæм, æгайтма нæм ахæм хъæрмзæрдæ дарыс. Ноджыдæр Дын арфæ кæнæм Дæ Фырт Йесо Чырыстийы тыххæй. Оммен.



## 18. КÆМ УЫДИ ЙЕСО ЙÆ РАЙГУЫРЫНЫ АГЪОММÆ?

Чырыстийы Райгуырæн бон мах зарæм æмæ дзурæм Йесо Чырыстийы райгуырды хабæрттæ. Уыцы æхсызгон хабар уæларвон зæдтæ фыййæуттæм куыд фæхæццæ кодтой, уыдæттæм фæхъусæм диссагмæ хъусæгау.

Фæлæ ды зыдтай, Йесо Чырысти йæ райгуырды агъоммæ бирæ раздæр царди, уый? Царди уæлæрвты Йæ Фыдмæ. Йесо кæддæриддæр царди уæлæрвты, Йæхæдæг дæр Хуыцау кæй у, уымæ гæсгæ.

Фыццаг уал Хуыцау рафæлдыста æппæт дуне. Стæй та фыццаг адæймæгты – Адам æмæ Евæйы. Фæлæ Адам æмæ Евæ Хуыцауы коммæ нæ бакастсты. Уый тыххæй та вæййы æфхæрд. Йесойы нæ фæндыд, мах æфхæрд баййафæм, уый. Æмæ сфæнд кодта зæхмæ æрхизын æмæ уыцы æфхæрд Йæхимæ райсын, махæн неппæты тæригъæдтæ йе ’ккойы баргъæвгæйæ.

Стæй, æппынфæстаг, æрцыд уыцы бон, зæххыл Йесойы райгуырды бон. Дæ цæстытыл ма ауайæд, Йесо мах куыд тыхджын уарзтæй уарзта, уый, суанг цæттæ уыд азæххыл ног райгуырынмæ æмæ Сывæллонæй адæмы æхсæн цæрынмæ.

Уымæ гæсгæ гуырысхо ма кæн: дæу дæр Йесо уарзта, ацы рухс дунейыл дæ райгуырды кой куы нæма уыд, уæддæр. Ныртæккæ дæр дæ афтæ уарзы. Стæй дæ уарздзæн, куы амæлай, уæд дæр. Æмæ зæрдиагæй Йесойы коммæ куы кæсай, уæд мыггагмæ Йемæ базайдзынæ уæлæрвты.

*Бакæс:* Иоан. 14:1-12

*Фарстытæ:* 1. Зæгъ ма, ды зоныс Йесо цал азы размæ райгуырд, уый?
2. Уæдæ уæвгæ та кæм уыди, куы нæма райгуырд, уæд?
3. Цæмæн сфæнд кодта уæлæрвтæй зæхмæ æрхизын?
4. Куыд дæм кæсы, Йесо дæ уарзы?
5. Дæхæдæг та Йæ уарзыс?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Йесо! Стыр бузныг Дæ стæм, уæлæрвтæй махмæ азæхмæ кæй æрхызтæ, уый тыххæй. Стыр бузныг, неппæты сæрвæлтау Дæхи мæлæтмæ кæй радтай, уый тыххæй. Курæм Дæ, ахъаз нын бакæ Дæ кады аккаг цæрынæн.

## 19. ЦЫ ХЪАУДЖЫДÆР ИС САБИ-ЙЕСОЙÆ ИННÆ СЫВÆЛЛÆТТÆЙ?

Ды цæмæй зондзынæ Йесойы райгуырд тынг диссаг æмæ цыдæр æнахуыр æнæбæрæг хабар кæй уыд, уый. Йæ мад уыди Мария. Фæлæ Марияйы лæг Иосиф йæ фыд нæ уыд. Йесойæн Йæ фыд адæймаг нæ уыд, иннæ сывæллæттæн куыд у, афтæ. Йæ фыд уыди Хуыцау.

Цæмæн афтæ ахсджиаг у, Йесойы Фыд Хуыцау Йæхæдæг уыд, уый? Цы уыдаид, Йæ фыд Иосиф куы фæцадаид, уæд та? Цæвиттон, Хуыцау куынæ нæ уыдаид Йесойы Фыд, уæд æз æмæ дæу хуызæн адæймаг йедтæмæ ницы уыдаид. Афтæмæй Йесойæн дæр йæ зæрдæ уыдаид фыдырдæм здæхт, æппæт иннæ адæмы хуызæн. Йæ зæрдæ æз æмæ дæу зæрдæйы хуызæн куы фæцадаид, уæд та мах сæрвæлтау Йæхи мæлæтмæ нæ радтаид, нæ тæригъæдтæ Йæхимæ райсын нæ бафæрæзтаид. Фæлæ амардаид æрмæст йæхи тæригъæдты тыххæй. Уæвгæ та мæрдтæм бацыд мах тыххæй, æппæт адæмы тæригъæдты тыххæй. Йæхимæ æппындæр ницы аипп уыд, афтæмæй.

Чырыстийы райгуырд бирæ диссæгтæ æрхаста дунейæн. Зæххон фыд Ын кæй нæ уыд, уый тыххæй Йæ нымайæм чызгæй гуырдыл, Марияйы байзæдтагыл. Йесо йедтæмæ афтæ никуыма ничи райгуырд. Æппæт иннæ сывæллæттæн уыди æмæ ис зæххон фыдæлтæ. Йесойы та зæххон фыд ницæмæн хъæуы, Йæ Фыд Хуыцау йæхæдæг кæй у, уый тыххæй.

Кæддæр чидæр æдзынæг фæкасти мæлдзыджытæм. Æмæ се 'змæлдмæ кæсгæйæ йæ цæст сæ фæдыл ахаста суанг мæлдзыджы губакмæ. Стæй ахъуыды кодта: „Цымæ цы бакæнын хъæуид, семæ ныхас кæнын мæ куы бафæндид, уæд? Хъæр кæнин, æмæ мæ нæ фехъусдзысты. Писмо сæм ныфыссин, æмæ йæ нæ бакæсдзысты“. Æмæ лæг æрцыд ахæм хъуыдымæ: „Кæд æмæ мæ бамбарой, уый мæ фæнды, уæд мæхи фестын хъæуы мæлдзыг“.

Стæй та ахъуыды кодта: „Æвæццæгæн, раст афтæ бакодта Хуыцау дæр. Сфæнд кодта, канд бæрзæндтæй зæхмæ уырдыгмæ кæсын нæ, фæлæ махæй иуы хуызы

бацæуын, зæххон адæймаг суæвын. Гъе, афтæмæй нын бамбарын кодта Йæ уарзондзинад. Йесо дæр уымæн райгуырд чысыл Сывæллонæй, æцæг адæймаджы хуызы æмæ сси Адæймаг. Афтæмæй адæмæн радзырдта Хуыцауы уарзондзинады тыххæй æмæ йæ равдисын, бамбарын кæнын дæр бафæрæзта. Уый тыххæй амарди махæн неппæты сæрвæлтау.“

*Бакæс:* Мат. 1:18-25

*Фарстытæ:*
1. Чи уыди Йесойы мад?
2. Чи у йæ Фыд та?
3. Кæмæн дзы цы бавæййы Иосиф?
4. Махыл цы ’рцыдаид, Йесойы фыд Иосиф куы уыдаид, уæд?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Уæларвон Фыд! Цы хорз, цы стыр хъуыддаг у уæдæ, Йесо Дæ Фырт кæй у, уый! Дæуæн арфæ кæнæм, Дæ Фырт, Йæхæдæг æнæтæригъæд уæвгæйæ, мах, зæххон адæмы тæригъæдтæ Йæхимæ кæй райста æмæ уыдоны тыххæй кæй амард, уый тыххæй. Ноджы Дын арфæ кæнæм, Дæхицæн нæ сывæллæттыл кæй нымайыс æмæ нын хи сывæллæтты аргъ кæй кæныс, уый тыххæй дæр. Оммен.



# 20. ЙЕСОЙÆН ЧИ БАНТЫСТ, УЫЦЫ ДИССÆГТÆ

Æвæццæгæн æмæ ды дæр цыдæртæ æрыхъуыстайыс, Йесойæн ацы зæххыл чи бантыст, уыцы диссæгтæй. Зæгъæм, Йесо иухатт бæлæгъы куы аленк кæнид иу стыр цадыл. Æмæ дын тыхджын тымыгъ куы сыстид. Йæ ахуыргæнинæгтæ куыннæ фæтарстаиккой! Йесо Йæхæдæг та æнцад – æнцойæ фынæй кодта. Хъал кæнын Æй байдыдтой афтæ хъæргæнгæ: „Ау, нæ бæлæгъ доны бын ныгъуылын куы байдыдта, уæд æй куыннæ уыныс! Æмхуызонæй сæфæм! Цæуылнæ нын æххуыс кæныс?“ Йесо ныхъхъыг кодта, Йæ ахуыргæнинæгты афтæ тæппудæй куы федта, уæд. Фæлæ уæддæр тымыгъ æмæ доны уылæнтæн бардзырд радта банцайыны тыххæй. Дымгæ ныхъхъус, доны уылæнтæ дæр æрсабыр сты.

Æндæр хатт Йесойæн бантыст ноджы æнахуырдæр диссаг. Йæ хæлар Лазæр уæззау низæй æрсад æмæ амард. Баныгæдтой йæ йæхионтæ, уæдæ цы... Ууыл цыппар боны рацыд. Йесо фæтæригъæд кодта Лазары хотæн, ниугæ баззадысты сæ иунæг æфсымæры мæрдæй. Ингæны цурмæ хæстæг бацыд æмæ Йæ дзыхыдзаг ныхъхъæр кодта Лазары номæй. Уый адыл ингæнæй рахызт удæгас Лазар! Йесо йæ райгас кодта!

Мæнæ ма ноджыдæр иу æнахуыр диссаг! Иукæддæр Йесойы алфамблай æрæмбырд фондз мин адæймагæй фылдæр. Бон изæрмæ уыдон фæхъуыстой Йесойы ахуырадмæ. Изæрырдæм сæххормаг сты сеп-

пæт дæр, афтæмæй та сын къæбæр балхæныны фадат дæр нæ уыд. иу æрыгон лæппумæ дзы разынди фондз лауызы æмæ дыууæ чысыл кæсаджы. Йесо бакуывта Хуыцаумæ æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæн загъта, уыцы хæринæгтæ æххормаг адæмæн байуарут, зæгъгæ. Сеппæт дæр уыцы чысыл комдзæгтæй бафсæстысты, сæ уæлдай дæр ма дзы ныуuæгътой.

Æндæр хатт та Йесо райгас кодта иу чысыл чызджы. Æрхъуыды кæнут, куыд бацин кодтаиккой чызджы ныййарджытæ!

Бирæ диссæгтæ ма равдыста Йесо. Зæххон адæмæн уыдæттæ сæ бон нæ бауыдзысты. Диссæгтæ бакæнын у æрмæстдæр Хуыцауы бон. Иунæг цавæрфæнды дохтырæн дæр йæ бон нæ бауыдзæн сæйгæ рынчыны æвиппайды адзæбæх кæнын. Æмæ Чырыстийæн цы æнахуыр стыр диссæгтæ бантыст, уыдон ууыл дзурæг сты, æцæгдæр кæй у Хуыцауы фырт.

Æмæ та Йæхи уæлæрвтæм куы систа, уæд Йæ ахуыргæнинæгтæн дæр бахай кодта ахæм стыр хъарутæй, цæмæй Йæхи кадæн уыдоны къухы дæр æфта æнæмбал стыр диссæгтæ. Æмæ апостол Петрæн дæр уымæн бантыст параличы цæф къуылых лæджы сдзæбæх кæнын. Йесойы ном ссаргæйæ, уый рынчынæн загъта, сыст, дæ къæхтыл слæу æмæ цæугæ!

Фæстæдæр рæстæг Петры бакодтой ахæстоны, Йесойы хабар алыран кæй дзырдта, уый тыххæй. Æмбисæхсæв Хуыцау Йæ зæдтæй иуы арвыста ахæстонмæ æмæ гъе уый бон баци ахст лæджы хъадамантæ аскъуынын æмæ йæ талынг ахæстонæй рауæгъд кæнын. Уый куыннæ уыд æнахуыр диссаг!

Бирæты нæ фæнды Йесойы диссæгтыл æууæндын, ома, дам, Чырысти диссагæй æппындæр ницы бакодта, кæй дзурынц, уыдон фæлитойы цæстфæлдахæн митæ сты, зæгъгæ. Фæлæ Чырысти цæстфæлдахæг дæр нæу æмæ фæлитой дæр. Уый у Хуыцау. Æмæ Йæ бон у удгоймаджы мæрдтæй сыстын кæнын дæр. Чи зоны, æмæ ды бафæрсай: „Ахæм диссæгтæ абон дæр ма æрцæуы æви нæ?“ Куыннæ! Йесо зæрдæ бавæрдта Йæ Ныхасы. Хатгай дохтыртæн сæ бон ницуал вæййы рынчыны сдзæбæх кæнынæн æмæ, Хуыцау кæмæн ис, ахæм адæм куы бакувынц, уæд Чырысти фæахъаз вæййы рынчынæн æмæ æнæнхъæлæджы æнæ исты бæлвырд хосæй рабады.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Йæ бон баххуыс кæнын у дохтырты фæрцы дæр. Цæвиттон, Хуыцаумæ куы фæкувæм, уæд дзы æнхъæлмæ фæкæсæм хорздзинадмæ, ахъаз бакæнынмæ. нæ зæрдæ Йыл фæдарæм, нæхи бон цынæ у, уый нын Хуыцау нæ къухы бафтын кæндзæн, зæгъгæ.

Æмæ цымæ Хуыцау равдисы ахæм æнахуыр диссаг, цæй тыххæй Йæм бакувæм, уый? Æвæццæгæн, нæ. Хатгай хуыздæрæн нæ бакæны, цæй тыххæй Йын лæгъстæ фæкæнæм, уый. Фæндгæ та Йæ фæкæны махæн ахæм исты саразын, нæ царды нын ахсджыаг чи у. Уымæ гæсгæ æнцад-æнцойæ нæ бон у Хуыцауыл нæ зæрдæ дарын. Нæ цардæн иттæг æхсызгон цы уа, уый нын сараздзæн.

*Бакæс:* Мар. 6:32-44

*Фарстытæ:* 1. Диссаг. Уый цы у?
2. Радзур ма Йесо Чырыстийы диссæгтæй исты.

3. Цæстфæлдахæг та кæй хонынц? Ахæмæн æцæгдæр йæ бон у исты диссæгтæ равдисын?

4. Радзур ма, дæ царды чи æрцыд, ахæм диссæгтæй исты, Хуыцау дын кæй равдыста дæ бакуывды фæстæ, исты ахæм æнахуыр хабар.

*Бакув:* Нæ иунæг кадджын Хуыцау! Стыр арфæ Дын кæнæм, ацы зæххыл уæвгæйæ, Дын цы бирæ диссæгтæ бантыст, уыдоны тыххæй. Ноджыдæр Дын зæрдæбын арфæ кæнæм, нæ куывдмæ нын абон дæр кæй хъусыс æмæ нын дзуапп кæй дæттыс, хорз хъуыддæгтæ нæ къухы кæй æфтын кæныс, уый тыххæй. Уый курæг Дæ стæм, æмæ нын баххуыс кæн, куы фæкувæм, уæд, цæмæй мах фидарæй уырна æмæ æууæндæм Де 'ххуысыл! Оммен.

## 21. ЙЕСО ЧЫРЫСТИЙЫ МÆЛÆТ

Ныр та аныхас кæндзыстæм æппæтæй æбуалгъдæр æмæ æппæтæй ахсджиагдæр цауыл нæ историйы.

Хъуыды ма кæныс, фыццаг дыууæ адæймаджы Адам æмæ Евæ нæфæтчиаг дыргъ куыд бахордтой, уый хабар? Тæригъæд фыццагдæр уæд бахызти адæймаджы зæрдæмæ, адæм уæдæй фæстæмæ систы æгоммæгæсæг, Хуыцауы нæ ныммайæг. Уæдæй фæстæмæ сæ хъысмæт уыди уæззау куыст, цæмæй сæхицæн амал кæной хæринаг, стæй тæрсын байдыдтой низтæ æмæ мæлæтæй. Хъæддаг сырдтæ систы се 'знæгтæ. Æппæт уыдæттæ бавзæрстой уымæн, æмæ Адам æмæ Евæ бацыдысты Хуыцауы размæ тæригъæды, ницæмæ Йын æрдардтой Йæ фæдзæхст, дыргъдоны бæрæгастæу сагъд бæласæй дыргъ хæрæн нæ фæтчы, зæгъгæ.

Фæлæ ма ноджы æрцыди уымæй бирæ æбуалгъдæр хабар: Хуыцау сын загъта, уыцы дыргъæй скомдзаг кæнынæй фæстæмæ цæрæнт Йæхицæй тынг дард.

Фæлæ дæ рох ма уæд, Хуыцау уæддæр уарзта Адам æмæ Евæйы, мæн æмæ дæу куыд уарзы, афтæ. Ды дæр æмæ æз дæр æнæтæригъæд не 'стæм, кæнæ фыдуаг ми, кæнæ æнаккаг ныхас нæ дзыхæй схауд кæддæр æнæрхъуыдыйæ, уый тыххæй стæм ахæм æфхæрды аккаг, фыццаг адæймæгты хуызæн. Фæлæ нæ Хуыцау уарзы, уымæ гæсгæ мах бæсты бафхæрдта Йæ Фырт Йесо Чырыстийы.

Махæй никæйы бон уаид иннæ адæмты тæригъæдты тыххæй амæлын, уымæн, æмæ нæхæдæг стæм тæригъæдджын. Æмæ хъуамæ нæхæдæг баййæфтаиккам æфхæрд нæхи тæригъæдты тыххæй. Фæлæ Хуыцауы Фырт Йесо бынтон æнæтæригъæд кæй уыд, уый фæрцы æрмæст Уымæн йæхицæн Иунæгæй уыд йæ бон мæлæтмæ Йæхи радтын мæн æмæ дæу тæригъæдты, æппæт иннæ адæмты тæригъæдты тыххæй.

Йесойæ йæ удхæссæг чи уыдта, уыдон æй зæгæлтæй бахостой дзуарыл йæ цыппар къабазæй. Æмæ гъе, афтæмæй амард. Æвирхъау хъизæмæрттæ баййæфта Чырысти, римаг салдæттæ Йын Йæ къухтæ æмæ Йæ къæхтæ ставд зæгæлтæй хъæдын дзуармæ куы хуыд-

той, уæд. Æмæ куыд зын уыд, æвæдза, Йесойæн дзуарыл зæгæлтæй фидаргондæй, райдианты Йæ иуцасдæр рæстæджы Йæ Фыд Хуыцау афтæ куы ныууагъта, уæд? Йесо баззад иунæгæй. Барвæндонæй Йæхæдæг бацыд мæрдтæм дæу æмæ мæн тыххæй, махæй Йæ ничи тардта, афтæмæй. Фæлæ Йæ фæндыд мах неппæты дæр æфхæрдæй фервæзын кæнын нæ æнæзакъон миты тыххæй.

Ныр дын Хуыцау ныббардзæн дæ тæригъæдтæ. Чидæриддæр æууæнды Чырыстийыл, уымæн Хуыцау бахатыр кæндзæн æмæ йын снысан кæндзæн мыггагмæйы цард. Уый тыххæй ды бузныг загътай Йесо Чырыстийæн?

*Бакæс:* Ис. 53:1-12

*Фарстытæ:* 1. Цы 'рцыди Адам æмæ Евæйыл, Хуыцауы хъыджы куы бацыдысты, уæд? Æмæ цымæ адунейыл тæригъæд куынæ уаид, уæд адæмы æхсæн быцæутæ цæуид, кæуид, кæрæдзи хуыздæр не 'мбариккой?
2. Махæн нæ бон у æндæр искæйты тæригъæдты тыххæй нæхимæ æфхæрд райсын, цыфæнды уарзт сæ куы кæниккам, уæддæр?
3. Цæуылнæ ис уый гæнæн?

*Бакув:* Нæ зынаргъ, не 'Стыр кадджын Хуыцау! Мах уынæм, суанг сабиты дæр ныр кæй хъæуы Ирвæзынгæнæг, уымæн æмæ арæх цæуынц Хуыцауы фæнды ныхмæ. Арфæ Дын кæнæм, нæ Рухс Йесо, мах бæсты мæрдтæм кæй бацыдтæ, уый тыххæй. Ахъаз нын бакæ, цæмæй Дæ уарзæм зæрдæбынæй. Не 'уæнгты нын бауадз фидар æууæнк æмæ нын баххуыс кæн Дæуæн коммæгæс уæвынæн. Уый курæг Дæ стæм Чырыстийы номæй. Оммен.



## 22. ЙЕСО КУЫД РАЙГАС

Петр, Иаков, Иоанн æмæ иннæ ахуыргæнинæгтæ тынг хъыг ракодтой Йесойы амардыл. Сæ зæрдæ Йыл дардтой, уæдæ Израилы Паддзах суыдзæн, зæгъгæ. Уæвгæ та, æвæдза, куыннæ бакодта бирæ хорз хъуыддæгтæ, куыннæ Йын бантыст бирæ æнахуыр диссæгтæ. Гъе, уымæ гæсгæ сæ стыр дисы бафтыдта Йæ мæлæт, ноджы ма хъыпп дæр не скодта хъæдын стыр дзуарыл Æй зæгæлтæй куы хуыдтой, уæд. Фæлæ фæдызæрдыг сты, кæд, мыййаг, Чырысти Хуыцауы фырт нæ уыд. зæгъгæ. Кæд, дам, мыййаг, рæстуд хорз адæймаг йедтæмæ ницы уыд.

Æртæ боны дæргъы дзæгъæл зылд фæкодтой горæтыл Чырыстийы ахуыргæнинæгтæ. Æртæ азы дæргъы Йесойыл афтæ сахуыр сты, æмæ æнæ Уый сæ бон ницуал уыд кæнын. Къуырийы фыццаг бон, ныр мах Хуыцаубон кæй хонæм, уыцы бон Йæ ахуыргæнинæгтæй чидæртæ ацыдысты Йесойы ингæнмæ. Æмæ йæм куы баввахс сты, уæд сæ дисæн кæрон нал уыд: ингæн разынд афтид. Æрæджы дæр ма Йесойы мард кæм лæууыд, уым ныр ничиуал уыд. Кæд Æй,

мыййаг, исчи адавта, æви Йæ æндæр бынаты баныгæдтой? Афтæ хъуыдыты бафтыдысты ахуыргæнинæгтæ. Уалынмæ дын æваст сæ цуры куы фестид дыууæ зæды æмæ сын уыдон куы зæгъиккой, Йесо мæрдтæй райгас, зæгъгæ, Хуыцау, дам, Æй райгас кодта. Тагъд æрыздæхдзæн Йæ ахуыргæнинæгтæм æмæ семæ ныхас кæндзæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, зын бауырнæн уыди уый. Фæлæ æцæгдзинадæй Йесо уайтагъд æрцыд Йæ ахуыргæнинæгтæм. Йæ бакаст, Йæ уынд ницы фендæрхуызон. Фæлæ Йæ буар аивта. Ныр суанг бæзджын къултæ афæлдахынмæ дæр Йæ ныфс хаста. Дуарæхгæд уаты Йæ бон уыди фæзынын, стæй афтæ æваст фæцыдæр уæвын дæр.

Хуыцау Йæ сывæллæттæн зæрдæ бавæрдта мæрдтæй цæ райгас кæныны тыххæй. Чи зоны æмæ ды бафæрсай: „Ау, уый гæнæн дæр ис?“ Фæлæ Хуыцауы бон у цыдæриддæр. Кæд æмæ Йесойы райгас кодта, уæд Йæ бон у Йæ ахуыргæнинæгты сеппæты дæр райгас кæнын. Чырыстийыл чи æвууæнды, уыдонæн сеппæтæн дæр Хуыйцау саккаг кæндзæн æнусон цард.

Бирæ чидæртæ бафæрсынц: „Кæцæй зонут, Йесо æцæгдæр мæрдтæй райгас, уый?“ Йæ æвдисæнтæ Йæ бæрæггæнæнтæ сты Йæ ахуыргæнинæгты æууæлтæ. Йесо куы амарди, уæд тынг æнкъард фесты. Ныр Æй удæгасæй куы федтой, уæд бынтон фендæрхуызон сты: зæрдæхъæлдзæг, ныфсхастæй сæ ничиуал аййафдзæн. Ахуыргæнинæгтæй бирæты фæстæдæр рæстæджы æрцауыгътой, кæм лæууынц, кæм цæуынц, уым алы ран дæр мæрдтæй Йесойы райгасы хабар кæй кодтой, уый фыдæнæн. Фæлæ уый æцæгдзинад куынæ уыдаид, уæд сæ цард нæ ауæлдай кодтаиккой.



Йесойы амардыл æртæ боны куы рацыд, уæд Йæ ахуыргæнинæгтæй дыууæ фæцæйцыдысты Иерусалимæй сыхаг хъæумæ. Æмæ куыннæ ракодтаиккой уыцы фæндæгыл Йесойы кой. Цæмæн амарди? Кæд æмæ Йын æнусмæ цæрын æнхъæл уыдысты, стæй Израилы Паддзах суæвынмæ. Уыцы ныхæстæгæнгæйæ, сæм æрбафтыд æртыккаг фæндаггон. Йæ хъус бадардта сæ ныхасмæ æмæ бафарста, цæмæн афтæ æнкъард стут, зæгъгæ. Æмæ йын куы бамбарын кодтой хабар, уæд сæ фæрсы: „Ау, æмæ куыннæ зонут, Чырысти бирæ хъизæмæртты фæстæ хъуамæ амæла, уый Хуыцауы чиныджы фыст куы ис? Стæй Йæхæдæг дæр рагацау куы зыдта Йæ мæлæт“. Æмæ суанг Зæронд Фæдзæхсты амынд хабæрттæй райдыдта æмбарын кæнын, Йесойы мæлæт æнæнхъæлæджы кæй не ’рцыд, уый. Хуыцау Йæ Фырты зæхмæ дæр уымæн рарвыста, цæмæй амæла æппæт дзыллæты тæригъæдты тыххæй. Æвæдза, Чырысти дзуарыл тыгъдæй нæ амард, уæд йæ тæригъæдтæ барст никæмæн æрцыдаиккой.

Афтæ ныхасгæнгæ Йесойы ахуыргæнинæгтæ уыцы Фæндаггонимæ бахæццæ сты, кæдæм цыдысты, уыцы хъæумæ. Ахуыргæнинæгтæ се ’мбæлццон Фæндаггоны бахуыдтой хæдзармæ, æмæ Йын загътой фысым, æхсæвиуат сæм куыд бакæна, афтæ, науæд искæдæм ацæуынæн æгæр æрæгмæ уыд, фæсахсæвæр. Уазæг сразы. Æмæ æхсæвæр хæрыныл куы æрбадтысты, уæд кæсынц æмæ æнахуыр Бæлццон разынди сæ Ахуыргæнæг, Чырысти Йæхæдæг! Æмæ афтæ бæлвырд биноныг уымæн æмбарын кодта Йæ мæлæты хабæрттæ. Фæлæ цалынмæ фынджы уæлхъус бадтджытæ дистæ кодтой, уæдмæ Йесо фæцыдæр.

Куыд амондджын æркастысты сæхимæ, мæрдтæй рацæуæг Йесойы ма кæй федтой, уымæй! Ныр хъуыддæгтæ разылдысты иннæрдæм: нал дæр æнкъард уыдысты, нал истæмæй тарстысты, уымæн æмæ сæ Ахъуыргæнæг разынд удæгас! Фæстæмæ Иерусалиммæ куы 'рбаздæхтысты, уæд хабæрттæ иууылдæр радзырдтой иннæ ахуыргæнинæгтæн сеппæтæн дæр.

*Бакæс:* Иоан. 20:1-18; Лук. 24:13-32

*Фарстытæ:* 1. Ахуыргæнинæгтæ цæмæн афтæ тынг бадис кодтой афтид ингæныл?
2. Цы 'рцыд Йесойыл?
3. Цæмæй фендæрхуызон Йесойы буар, куы райгас, уæд, дæу кæнæ мæ буарæй хъауджыдæр?
3. Дæ бон у радзурын Йесойы æмæ Йæ дыуувæ ахуыргæнинаджы хабар?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Уæларвон Хуыцау! Стыр бузныг Дæ стæм, Йесо Чырыстийы кæй райгас кодтай, уымæй! Ноджы Дæ бузныг стæм æнусы Йесоимæ кæй уыдзыстæм, уый тыххæй дæр. Ахъаз нын бакæ, Дæ уарзондзинад æмæ Дæ домбайдзинады тыххæй Дын арæхдæр цæмæй кувæм, уымæн. Уый курæг дæ стæм Чырыстийы номæй. Оммен.



## 23. ЙЕСО ФÆСТÆМÆ ЗДÆХЫ ЙÆ ФЫДМÆ

Искуы искæдæм афтыдтæ дæ ныййарджытæй иу цалдæр боны уæддæр? Чи зоны, уыдайыс уæ хæстæджытæм, кæнæ дæ фыды мадмæ, æви дæ мады мадмæ. Æмæ ма дæ зæрдыл лæууы, фæстæмæ уæ хæдзармæ здæхгæйæ, куыд цин кодтай, уый?

Иу 33 азы бæрц Йесо фæцарди ацы зæххыл. Æмæ ма ахъуыды кæн куыд тынг мысыдаид Йæ Фыды, зæдты! Æмæ æрцыд уыцы рæстæг, фадат Ын фæци фæстæмæ уæлæрвтæм аздæхынæн.

Йемæ айста Йæ ахуыргæнинæгты æмæ схызти хохы цъуппмæ. Æмæ ма Йæ ахуыргæнинæгтимæ ныхас кодта, афтæмæй Йæ иу стыр мигъы къуымбил куы фæaууон кæнид... Ахуыргæнинæгты цæст Æй нал ауыдта.

Йесо сыздæхти уæлæрвтæм æмæ Йæхицæн æрбынат кодта Хуыцауы бæрзонд бандоныл. Уæлæрвтæ, зоныс махмæ нæ зынынц, ницы сын æмбарæм. Фæлæ иу хатт куы уа, уæд иууылдæр уыдзыстæм уым Йесоимæ, чидæриддæр Ыл æууæнды æмæ Йын кувы, уыдон сеппæтимæ æмхуызонæй.

Нæ цæстытыл дæр зын ауайæн у, Йесо уæлæрвтæн цы цин æрхаста, уый. Милуангай зæдтæ Йæм æнхъæлмæ кастысты æмæ Йæ кадæн зарыдысты диссаджы кадджытæ. Йесойæн сæ сæртæй æркуывтой, тыхджын уарзондзинады намыс айхъуысти зæххон дзыллæтыл сеппæтыл дæр. Уый аппæрста йæ кад, Йæ цыт æмæ сси Адæймаг, цæмæй фервæзын кæна дæу

æмæ мæн. Ныр аздæхты Йæ хæдзармæ уæлæрвтæм. Йесо ныр дæр уæлæрвты бады. Уым бынат цæттæ кæны махæн дæр. Æнхъæлмæ нæм кæсы æмæ Йæ фæнды, цæмæй Йыл æууæндой æппæт адæм дæр. Æмæ Йыл чи æууæнды, чи Йæм кувы, сеппæтæн дæр саккаг кæндзæн æнусон цард.

Йесо Чырысти мах тыххæй аздæхт Хуыцаумæ дæр. Фæлæ ма Йæхæдæг ноджыдæр иу хатт æруадздзæн Йæхи зæхмæ, цæмæй Йемæ уæлæрвтæм сиса, чи Йæм кувы, чи Йыл æууæнды, уыдоны сеппæты дæр.

*Бакæс:* Ап.хъ. 1:9-14

*Фарстытæ:*
1. Цас рæстæг фæцарди Йесо а 'зæххыл?
2. Радзур-ма, Йесо куыд ныууадздзæн Йæ ахуыргæнинæгты æмæ фæстæмæ Йæхи куыд сисдзæн уæлæрвтæм Йæ Фыдмæ?
3. Дæумæ гæсгæ цы бакодтой зæдтæ, Чырысти фæстæмæ уæлæрвтæм куы сыздæхти, уæд?
4. Кæм ис ныртæккæ Йесо?
5. Цы архайæг у уæларвты?

*Бакув:* Йесо Чырысти, Ды ныр уæлæрвты бадыс æмæ мах уырдыгмæ уыныс: фехъуысæд Дæм нæ куывд. Арфæ Дын кæнæм, зæрдиаг уарзтæй нæ кæй уарзыс, уый тыххæй, стæй иукæддæр æнустæм Демæ кæй цæрдзыстæм, уый тыххæй. Курæм Дæ, æмæ нын баххуыс кæн Дæ фæндиаг цардæй цæрын. Оммен.



## 24. ЙЕСО МА ИУ ХАТТ ÆРЦÆУДЗÆН

Йесо ма ноджыдæр иу хатт æрцæудзæн. Æрмæст мах нæ зонæм, кæд уыдзæн бæлвырд. Фæлæ зонæм уый, æмæ ма уæлæрвтæй зæхмæ куы æрхиза, уæд Йæ сывæллætты Йæхимæ акæндзæн. Уый уыдзæн алæмæты амонддзын бон! Æппынфæстаг нын уæд фæуыдзæн амал нæ Хуыцау Йесо Чырыстийы фенынæн. Зæгъгæ нын уæвгæ нæ кодта, кæд æрцæудзæн, уый, цæмæй Йæм æнхъæлмæ кæсæм иудадзыг æнæсцухæй. Стæй Йæ фæндгæ та афтæ кæны, цæмæй иудадзыг архайæм хорз цæрыныл. Фæлæ нын, æвæдза, Йесо загъта, бæлвырд кæд æрцæудзæн, уый, уæд, æвæццæгæн æмæ неппæт хъарутæй æрвылбон нæ архаиккам Йæ фæндон æххæст кæныныл. Æппæт хъуыддæгтæ дæр ныууадзиккам æппæты фæстаг бонмæ. Стæй æппынфæстагмæ куы сфæнд кæниккам нæ цард хорз уагыл Хуыцауы фæндиаг аразыныл, уæд, æвæццæгæн, æгæр байрæджы кæниккам.

Гъе, уыдæттæ хынцгæйæ нын Чырысти не 'схъæр кодта, бæлвырдæй, кæд æрцæуинаг у, уый.

Стæй цы æмæ цас зонæм, куыд æрцæудзæн, уымæн дæр. Фæлæ нын уæддæр Хуыцауы Ныхасы фæрцы зындгонд у, æцæгæй кæй æрцæудзæн, уый. Библи зæгъы, Йесо æрцæудзæн Йæ сывæллætты Йемæ айсынмæ, стæй ног арв æмæ зæхх рафæлдисынмæ. Ацы зæхх æмæ йыл цыдæриддæр нæ цæст ахсы, уыдон иууылдæр æмхуызонæй иукæддæр фæцыдæр уыдзысты. Хуыцау æппæт дæр рафæлдисдзæн ногæй. Æмæ

уæд адунейыл нал уыдзæн нæдæр истæмæй тæссаг, нæдæр тæригъæд. Æмæ йыл ахъуыды кæнын дæр тынг зын у, стæй йыл уæвгæ дæр нæй ахъуыды кæнæн, Чырысти зæхмæ куы ’рхиза, уæд куыд фендæр уыдзæн дуне, йæ йæсгом куыд афæливдзæн, уымæн. Ныртæккæ уал нæ ахсджиагдæр хæс у афтæ цæрын, цæмæй цæттæ уæм Чырыстийы æрцыдмæ.

Æмæ дæу дæр фæнды Йесо Чырыстийы фенын? Дæуæн дæ бон у дæ сæрæй ныллæг бакувын, Йæ цард дæу фервæзын кæныны тыххæй Чи радта уый цур? Уымæн Йæ бон у кæддæриддæр фæзынын æмæ дæу æнустæм Йемæ айсын.

*Бакæс:* Фес. 4:13-18 5:1-6

*Фарстытæ:* 1. Кæд æрцæудзæн Йесо ноджыдæр ма иу хатт?
2. Мах цæмæн хъæуы æхсызгон, Йесо Чырыстийæн кæцы фæнды рæстæг дæр Йæ бон æрцæуын кæй у, уый?

*Бакув:* Нæ Хуыцаухай Чырысти, арфæ Дын кæнæм, ноджыдæр ма ацы зæхмæ иу хатт æрцæуинаг кæй Дæ, уый тыххæй. Ахъаз нын бакæ, цæмæй Дын Дæ ном арæм алы бон дæр æмæ цæттæ уæм Де ’рцыдмæ. Оммен.



# 25. СЫГЪДÆГ УД

Ацы чиныджы мах дзырдтам, кæй нын ис æрмæст иунæг Хуыцау, фæлæ у æртывæр Уд. Уыдонæй иу у Сыгъдæг Уд. Хонгæ та Йæ кæнæм Сыгъдæг Уд-Хуыцау. Уымæй фæстæмæ мах дзурæм: нæ Хуыцау нæ Фыд æмæ нæ Хуыцау Чырысти.

Сыгъдæг Уд кæддæриддæр уыди Хуыцауы æмхуызон. Кæй кой скодтам, уыдон æртæйæ дæр, иу уды хуызы бацæугæйæ, уыдысты дуне сфæлдисджытæ.

Йæ амæлæты хæдразмæ Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн афтæ загъта, Мæ Уæларвон Фыдмæ ацæудзынæн, зæгъгæ. Стæй сын зæрдæ бавæрдта, Сыгъдæг Уды уæм æрæрвитдзынæн, зæгъгæ. Æмæ Чырысти уæлæрвтæм Йæхи куы systa, уымæй дæс боны фæстæдæр ахуыргæнинæгты зæрдæ барухс кодта Сыгъдæг Уд. Иу хатт, кувгæйæ, ахуыргæнинæгты æхсæнæй райхъуысти тыхджын уынæр, тыхджын дымгæйау. Ахуыргæнинæгтæ дисгæнгæ кæрæдзимæ бакастысты. Æмæ алкæйы сæрыл дæр ауыдтой æнахуыр цыдæр, арты æвзæгты хуызæн. Уый Сыгъдæг Уд уыд, Йесо Чырысти кæй æрæрвыста уæлæрвтæй. Арты æвзæгтæ уайтагъд ахуыссыдысты, фæлæ Сыгъдæг Уд Йæхæдæг баззади ахуыргæнинæгты зæрдæйы. Алчи дæр дзы æваст дзурын райдыдта æндæр æвзагæй. Кæмæндæрты дзы йæ бон баци рынчынты дзæбæх кæнын æмæ мæрдты æгас кæнын. Сыгъдæг Уд цырнæг адæммы скодта амондджын, се ’уæнгты сын бауагъта хъару, куы æфхæрой æмæ сæ куы нæмой Чырыстийыл

æууæндыны тыххæй, уæд дæр заргæ куыд кæной, афтæ.

Чидæриддæр Йесо Чырыстийыл бауæнда, уыдонæй алкæмæн дæр Хуыцауы лæвар уыдзæн Сыгъдæг Уды хорзæх æмæ йын Уый ахъаз кæндзæн Чырыстийы номыл цæрынæн. Уыцы хорзæх ис дæ зæрдæйы дæр, кæд æцæгæй чырыстон дæ, уæд. Хорз хъуыдытæ æмæ фæндтæ иууылдæр цæуынц Уымæй. Сыгъдæг Уд дæуæн æххуыс у Хуыцауæй ныфсхаст уæвынæн æмæ Йæ фæндыл цæрынæн. Ахъаз дын кæны зæрдæрухс æмæ æнæгæды уæвынæн, Йæ фæндыл цæрынæн. Уый фæрцы дæ зæрдæйы мидæг æмбардзынæ уарзондзинад, цин æмæ амонд. Дæ зæрдæ у Йæ цæрæнбынат.

Сыгъдæг Уд канд чырыстæтты зæрдæйы нæй, фæлæ уыцы иу рæстæджы ис кæмдæриддæр. Ды, æвæццæгæн, æмæ иудадзыг зонгæ дæр нæ кæныс, иуæй-иу хъуыддæгты тыххæй Хуыцауимæ куыд дзургæ у, уый. Æмæ дын ахæм сахат æххуысгæнæг вæййы Сыгъдæг Уд. Уый, куыд æмбæлы, афтæ бынатыл сæмбæлын кæны нæ лæмæгъ куывд, нывыл зæгъын æй куынæ сарæхсæм, уæд дæр. Æрмæст уымæн, æмæ Йæхæдæг у Хуыцау. Æмæ Йæ бон у афтæ тыхджынæй, зæрдæбынæй кувын, æнæмæнг Æй Хуыцау куыд фехъуса. Уый фæрцы не ’нарæхст, æнæджелбетт куывдтытæн дæр вæййы дзуапп. Уымæй æхсызгондæр ма цы уа, Хуыцау дын Йæхæдæг æххуыс кæны дæ куывд бынатмæ фæхæццæ кæнынæн.

Сыгъдæг Уд æххуысгæнæг у канд дæуæн нæ, фæлæ нырма чырыстон чи нæма у, уыдонæн дæр, сæ ныфсыл сын æфтауы Хуыцаумæ уарзондзинад. Æххуыс сын у, Чырысти сын цы хæрзтæ фæци, уыдон бамбарынæн.



Сыгъдæг Уд дæуæн дæр æххуыс у Хуыцауы Ныхас бамбарынæн, чиныджы йæ куы фæкæсыс, уæд. Æмæ дзы кæд нырма бирæтæ нæма æмбарыс, уæд, дæ хорзæхæй, кув Хуыцаумæ æмæ дзы кур, цæмæй дын сæ бамбарын кæна.

*Бакæс:* Иоан. 16:7-15

*Фарстытæ:*
1. Чи у Сыгъдæг Уд?
2. Кæцы ран ис?
3. Ранымай ма иу цалдæры, Сыгъдæг Уд кæй кæны, уыцы хъуыддæгтæй.
4. Махæн нæ бон у, Сыгъдæг Уд нын цы æххуыс дæтты, уый бакъуылымпы кæнын? Стæй цы мадзалæй?

*Бакув:* Мæ зынаргъ, мæ уарзон Хуыцау! Бузныг Дæ дæн, нæ ахсджиаг хъуыддæгты баххуыс кæнынмæ нæм Сыгъдæг Уды кæй æрæрвыстай, уымæй. Ахъаз нын бакæ афтæ цæрынæн, цæмæй Сыгъдæг Уд цæра нæ зæрдæты. Оммен.

## 26. ЧЫРЫСТÆТТÆН БАР ИС ГАЛИУ МИТÆ КÆНЫНÆН?

Мах уал базыдтам, æнусон царды аккаг æнæаипп кæй никуы уыдзыстæм, уый. Æрмæст дæр Йесо Чырыстийы мæлæты æмæ Йæ райгасы фæрцы ис махæн

фервæзæн. Æмæ уый ууыл дзурæг нæу, абон нæхи куыд дарæм, куыд архайæм, уый ницы ахъаз кæны нæ хъысмæтæн.

Ахъуыды ма кæнæм уæдæ: чырыстæттæ систæм æрмæст уæд, æмæ Йесомæ куы бакуывтам нæ Ирвæзынгæнæг суæвыны тыххæй. Ау, æмæ ма уый фæстæ дарддæр тæригъæддаг хъуыддæгтæ хъуамæ кæнæм?

Хуыцау нæ зæрдæмæ куы бахизы, уæд Æй фæфæнды мах хорзæй, æнæтæригъæдæй уынын. Æмæ ма ахъуыды кæнут, æппæт уыдæттæ зонгæйæ ма уæдæ цæмæн кæнæм галиу митæ?

Уый та у дæлимоны куыст. Тынг тыхджынæй æвдисы йæхи, суанг æппæты тыхджындæр зæдтæй тыхджындæр у уыцы фыдбылызы дæлимон. Уый зоны, мах куыд асайæн ис, нæ зæрдæйы нын фыддзинад куыд бауадзæн ис. Кæддæр уæлæрвтæм куы схауæм, уæд нын Хуыцау ратдзæн ног зæрдæтæ, фыдгæнды хъуыдытæ сæвзæрæн кæм никуы уыдзæн.

Фæлæ уал цалынмæ ацы мæнг дунейы, ацы зæххыл стæм, уæдмæ нæ бон у тæригъæды цæуын. Æмæ Хуыцау нæ зæрдæмæ куы бахизы, уæд нын æххуыс кæнын райдайы тæригъæды ныхмæ тох кæнынæн. Уый хынцгæйæ, мах иудадзыг дæр лæгъстæ кæнæм Йесойæн, цæмæй нын нæ цард райса Йæхи къухмæ æмæ фæсура дæлимоны.

Уæвгæ та куыд æхсызгон, куыд ахсджиаг уыдзæн, ног зæрдæтæ куы райсæм, уæд! Ничиуал æмæ нæ ницыуал схойдзæн фыдми бакæнынмæ, кæнæ искæйы зæрдæйы маст бауадзынмæ.

Æппындæр макуы рох кæн, Йесо Чырысти дæлимонæй бирæ тыхджындæр кæй у, стæй дзы дæлимон



тынг кæй тæрсы, уый. Мах Хуыцаумæ куы фæкувæм æххуысмæ, уæд дæлимон йæхи иуварс айсы.

*Бакæс:* Рим. 6:1-10

*Фарстытæ:* 1. Цæуыл архайы дæлимон?
2. Ды тыхджындæр дæ дæлимонæй?
3. Чи у тыхджындæр дæлимонæй?
4. Куыд бахъыгдарæм дæлимоны йæ зæрдиаг архайды, мах фыдырдæм, тæригъæды бацæуынырдæм здахыны фæндагыл?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Йесо Чырысти! Арфæ Дын кæнæм, Хуыцау кæй Дæ æмæ æппæтыл уæлахизгæнæг, суанг Дæлимоныл дæр ма, уый тыххæй. Ахъаз нын бакæ, цæмæй нæ зæрдæ сыгъдæгæй баззайа Дæуæн. Оммен.

## 27. ЧИ БАДЫ ТРОНЫ, ДÆ ЗÆРДÆЙЫ РÆБИНАГ БЫНАТЫ

Æмæ цымæ ды зоныс, трон цы у, уый? Ома, алæмæты къæлæтджын, паддзах кæм бады æмæ бæстæйæн хицауиуæг кæцæй кæны, уыцы кадджын бандон.

Уæдæ зоныс, дæ зæрдæйы дæр ахæм кадджын бынат ис æмæ дзы афтæ чидæр бады, уый? Уырны мæ, дæхæдæг дзы, мыййаг, нæ бадыс. Кæй зæгъын æй хъæуы, æцæг къæлæтджын бандоны кой нæ кæнын.

Нæ зæрдæйы дæр ис æцæг Паддзах, Хуыцауы сывæллæттæн раст уагыл æнæ сайд, æнæгæдыйæ цæрын чи амоны, уый. Уыцы Паддзах у Чырысти.

Фæлæ ма ис æндæр дыууæ, уыцы бынатмæ чи бæллы, намысы къæлæтджыныл цингæнгæ сæрыстырæй чи æрбадид æмæ махæн иттæг æхсызгонæй уынаффæтæ чи кæнид, ахæмтæ. Сæ иу у дæлимон, иннæ та „мах“ нæхæдæг. Йесо дæуæй исты бæлвырд хъуыддаг куы фæдомы, æмæ уый бæсты ды æндæр исты куы фæкæныс, уæд уыцы „къæлæтджыныл“ Чырысти нæ фæбады. Цæвиттон, ды уырдыгæй ратæрыс Хуыцауы, æгъдауæй кæй бынат у Уый. Æмæ дæхи æрæвæрыс уынаффæгæнæджы бынаты. Афтæ куы бакæныс, уæд дыл дæлимон йæхи худæгæй схæссы. Уый та зоны: уыцы æрдхæрæны бынаты Хуыцау куынæ бада, уæд дæлимон дæу йе ’ппæт хъарутæй раздахдзæн фыдмитæ кæнынмæ, цæмæй адæмы цæсты бафтай æвзæргæнæгæй, хæлæг кæнай алкæмæ, иудадзыг мæстджын уай дæ дзæгъæлдзалх митæй, æдзыд, æгадæй. Уыдæттæ акæнын дæлимонæн ату кæнынæй уæлдай не сты; иугæр Хуыцау ма бадæд Йæ бадæны, уый йедтæмæ дæ дæлимон йæ армы тъæпæны цъил фестын кæндзæн æмæ дæ зилдзæн, куыддæриддæр æй фæнды, афтæ. Уæвгæ та зоныс, хорзырдæм кæд архайдта дæлимон?!

Дæ зæрдæйы рæбын кадджын бынаты дæхæдæг куы фæбадыс æмæ дæ цардæн дæхæдæг хицауиуæг куы фæкæныс, уæд фыдбылызхæссæг дæлимон уæгъдибарæй зилдух сисы дæ зæрдæйы мидæг, куыд йæхи хæдзары, æмæ дын дæ сæры зонд сфæлдахы хæрдырдæм. Уæвгæ та зоны, дæуæй тыхджындæр кæй у, уый æмæ дыл худæгæй йæхи схæссы, хъуыддагæй ды дæхæдæг нæ, фæлæ уый кæй у дæ зæрдæйы паддзах, уымæ гæсгæ. Æмæ йæ цыдæриддæр фæфæнды, уыдæттæ бакæны бархийæ.

Фæлæ, æвæдза, уыцы намысы бынаты, дæ зæрдæйы рæбын Хуыцауы бадгæ федта, уæд йæ ныфс нал бахæссы исты фыдбылыз ракæнынмæ. Æмæ уал æмбæхстæй йæхи фæдары, цалынмæ та ды дæхæдæг нæ бахызтæ дæ зæрдæйы рæбинаг бынатмæ, уæдмæ.

Нæ Хуыцау тынг фæразон у, фæлмæнзæрдæ æмæ кадджын, цытджын. Фæлæ намысы къæлæтджыны хуызæн дæ зæрдæйы рæбын уæд баддзæн, дæхæдæг Ын куы балæгъстæ кæнай, куы Йын бакувай. Æмæ, куыд чырыстон, иудадзыг дæр дæ зæрдæйы рæбинаг бынат ды хъуамæ дæттай Уымæн. Хуыцау дын уыцы хъуыддаджы баххуыс кæндзæн, куы дзы курай æххуыс, уæд. Сыгъдæг Уд дæр дын уыцы хъуыддаг рох кæнын нæ бауадздзæн.

Чи кæны дæ цардæн паддзахиуæг? Чи бады дæ зæрдæйы рæбын? Дæхæдæг дзы бадыс æмæ дæлимонæн дæттыс дæ цардæн хицауиуæг кæныны бар, æви дзы Хуыцау бады?

*Бакæс:* Рим. 6:14-23

*Фарстытæ:*
1. Кæй фæнды дæ зæрдæйы рæбын бадын?
2. Цы фæархайы дæлимон, нæхæдæг куы фæбадæм нæ зæрдæйы кадджын къæлæтджыныл, уæд?
3. Уæдæ цы фæархайы дæлимон та, зæрдæйы рæбинаг бынаты Хуыцау куы фæбады, уæд?

*Бакув:* Æппæтрафæлдисæг æгæрон Хуыцау, нæ Уæларвон Фыд! Мах хъæуы Де ’ххуыс æмæ курæм Йесо Чырыстийæ, цæмæй нæ зæрдæйы рæбинаг бынат бацахса Уый æмæ фæндаг ма дæтта дæлимонæн фыдырдæм, галиуырдæм мах здахынæн. Бузныг Дæ стæм æмæ Дын арфæ кæнæм, Йесо дæлимонæй тыхджындæр кæй у, уый тыххæй! Оммен.

## 28. ПАДДЗАХ ХЪУАМÆ КÆДДÆРИДДÆР БАДА ДÆ ЗÆРДÆЙЫ РÆБЫН

Кæд ма хъуыды кæныс, уæд мах дзырдтам каджын къæлæтджыны тыххæй, трон кæй хонынц, уый? Æмæ зоныс, цавæр æртæ паддзахы ма фæнды уым бадын, уый? Сæ иу у æцæг Паддзах – Йесо Чырысти, иннæ дыууæ та – сæ иу дæлимон, иннæ та ды дæхæдæг. Ды куыддæр бацахсыс уыцы бынат æмæ дæ куыд фæнды, афтæтæ бакæныс, раст уыцы рæстæджы дæлимон дæ зæрдæйы скуыси вæййы æнæсыбырттæй æмæ дæ хъуыддæгтæ ииуылдæр ныссуйтæ вæййынц, басæр æмæ дзы къæдзил бæрæг нал вæййы. Фæлæ æвæдза, дæ зæрдæйы рæбын Йесо Чырысти бады, уæд дæлимон та æмбæхсынмæ фæвæййы. Ахæм рæстæг дæ бон у цин кæнын дæр æмæ адæмæн салам дæттын дæр. Йесойæн æхсызгон вæййы, цыдæриддæр фæкæныс ахæм рæстæджы, уый, бацин кæнынц дæ ныййарджытæ дæр. Цалынмæ дæ Хуыцау вæййы хицауиуæггæнæг, уæдмæ дæ хъуыддæгтæ, дæ цард фæцæуынц нывыл, æнæкъуылымпыйæ, æнæмастæй. Фæлæ, æвæдза, дæхæдæг дæхи фæндонæй архайыс, уайтагъд ныкъкъуыхцытæ вæййыс, рæстмæ дын ницуал фæцæуы, ницуал дын фентысы.

Уæдæ ахъуыдыгæнгæйæ, уæд нын Йесо цы хæрзтæ фæци, уыдоны фæстæ ма дзы афтæ ракурæн ис, нæ цард нын нæхи бар уадз, нæхи фæндоныл æй араздзыстæм, зæгъгæ? Уый æнæсæрфат хъуыддаг у, æдылы ми, фæлæ уæддæр нæ кæнон нæ уадзæм.

Къухы уæдæ цы мадзалæй бафта нæ зæрдæйы рæбын иудадзыг дæр Йесо цæмæй бада æмæ нын паддзахиуæг цæмæй кæна, уый? Бафæлвар Чырыстийы хуыздæр базонын, æмæ Йæ уæд бауарздзынæ æцæг уарзтæй, стæй бабæлдзынæ, цæмæй æрмæст дæр Уый уа хицауиуæггæнæг дæ зæрдæйы.

Цас хуыздæр базонæм нæ Хуыцау Йесойы, уыйас Æй бауарзæм фылдæр, бауæндæм Ыл кæронмæ æмæ нæ цард ииуылдæр бакæнæм Уый æвджид. Цас Æй хуыздæр базонæм, уыйас нæ тынгдæр бафæнды, цæмæй нæ зæрдæйы рæбинаг бынаты бада æрмæстдæр Уый, кад Дын уæд, Йесо Чырысти.

Тынг арæх нæм нæ зæрдæ сдзуры дыууæ хуызы: иу хъæлæсæй хъусæм: „Афтæ ма бакæ“, иннæмæй та: „Бакæ, æвзæрæй дзы ницы ис“. – Куыд базындæуа, кæцы дзы у Сыгъдæг Уды хъæлæс, кæцы та – дæлимоны хъæлæс? Чысыл саби раджы райдайы иртасын йæ ныййарæджы хъæлæсы уаг, стæй куыд стырдæр кæны, афтæ тынгæй тынгдæр иртасы бирæ адæмы æхсæн йæхи мады хъæлæс. Гъе, афтæ мах дæр сахуыр стæм Сыгъдæг Уды хъæлæсыл æмæ йæ нæ бон у дæлимоны хъæлæсæй раиртасын.

Уæдæ ды зоныс, куыд хуыздæр бакæнын хъæуы, уый? Æппæтæй хуыздæр мадзал у адæмы хæстæгдæр базонын: семæ ныхас бацайдагъ кæнын. Фæлæ Чырыстийы нæ уынæм æмæ куыд хъуамæ ныхас кæнæм Йемæ? Мах Йемæ фæдзурæм кувгæйæ. Æмæ Йæ кæд уынгæ никуы кæнæм, уæддæр нæ Йæхæдæг хъусы кæддæриддæр, хъуысы Йæм нæ ныхас цыфæнды сабырæй, цыфæнды сусæгæй дæр, адæмæй нæ æппындæр куы ничи хъуса, уæддæр.

Ноджыдæр ма ис иу ахæм мадзал дæ Хуыцауы базонынæн: лæмбынæг байхъус, цы дын зæгъынмæ хъавы, уæмæ. Куыд ныхас кæны Хуыцау немæ? Уый немæ фæдзуры, Библи куы фæкæсæм, уæд. Мах фæхъусæм, Хуыцау немæ куыд ныхас кæны, уый, уымæн æмæ Библи у Хуыцауы ныхас. Æрмæст Ын Йæ ныхас алы хатт нæ бамбарæм, цы хъуыды дзы æвдисы, уый бæлвырд нæ раиртасæм, фæлæ дзы кæй бакæсæм, уый иууылдæр æвиппайды бамбарыныл ницæмæн хъæуы тыхсын. Библи куы кæсæм æмæ цы бакастыстæм, ууыл куы хъуыды кæнæм, уæд нын Сыгъдæг Уд æнæмæнг феххуыс кæндзæн Хуыцауы бæлвырддæр, бинонығдæр бамбарынæн.

*Бакæс:* Рим. 12:1-3

*Фарстытæ:* 1. Цал паддзахæн у сæ бон æмрæстæджы дæ зæрдæйы мидæг æлдариуæг кæнын?
2. Цæмæн хъæуы мах Хуыцауы лæмбынæгдæр базонын?
3. Куыд базонæн ис Хуыцауы бæлвырддæр?



*Бакув:* Нæ кадджын Хуыцау, мах фæнды Дæу лæмбынæгдæр базонын, æмæ цин кæнæм, æгайтма нын Демæ дзурыны фадат ис Дæуæн кувгæйæ. Ахъаз нын бакæ Дæу хæстæгдæр базонынæн, цæмæй Дæ бауарзæм ноджы фылдæр æмæ Дыл æууæндæм æнæгуырысхойæ. Оммен.

## 29. ПАЙДА ХÆССЫН

Иу лæппу йæ фыдимæ хæдзарæй рацыд атезгъо кæнынмæ, аулæфын мæ, æмæ бæласы бын ауыдта хус къалиу.

– Дада, – сдис кодта лæппу, – кæс ма, уæртæ хус къалиу! Ахæссон æй нæхимæ æмæ йæ ныссадзон, чи зоны æмæ йыл сыфтæр фæзына,хъуамæ йыл фæткъуытæ дæр æрзайа, цы бæрæг и!

– Кæцæй ма! Уый уæртæ хус къалиу куы у, мардæй ма йыл цы ’рзайа? – фæныхкъуырд кодта сабийы йæ фыд. – Сыфтæр, кæнæ фæткъуытæ никуал æрзайдзæн ууыл!

– Ау, æппындæр ын ницуал амал ис, ногæй дыргъ дæттын цæмæй райдайа, уымæн? – бахъыг кодта лæппу.

– Нæ! Мардæй ма цы агурыс? – загъта фыд. Æрмæст ма йын иунæг мадзал уæд уаид, æмæ йын Хуыцау куы саккаг кæнид ног цард, цæмæй хус къалиу ногæй фæхæца бæласыл.

Ацы къалиуы хуызæн мах дæр мард уыдыстæм.

Йесо та у царды бæлас. Нæхæдæг нæхицæн баххуыс кæнын нæ бон нæ уыд. Æмæ Хуыцау Йæхимæ райста, уæртæ уыцы хуыскъ къалиуы хуызæн, уд нæ бауагъта æмæ нæ бæласыл бафтыдта. Уый фæрцы ныр дыргъ дæттæм: циндзинад, уарзондзинад, фæразондзинад.

Хорз хъуыддæгтæ кæнæм, Чырыстийы кæй уарзæм, уый фæрцы. Мах уыдыстæм ацы хуыскъ къалиуы хуызæн, фæлæ нын Хуыцау балæвар кодта ног цард.

*Бакæс:* Иоан. 15:1-8

*Фарстытæ:* 1. Хус къалиу ма дыргъ ратдзæн?
2. Библи зæгъы, тæригъæдджынтæ сты сæ тæригъæдты ныгъуылгæ мæрдтæ. Цæмæй сты хуыскъ къалиуты хуызæн?
3. Цы бакодта Чырысти адæмы фервæзын кæнынæн?

*Бакув:* Нæ Уæларвон кадджын Хуыцау! Мах зонæм, æхсызгон нæ кæй хъæуы Ирвæзынгæнæг нæ тæригъæдтæй ссыгъдæг уæвынæн. Æмæ Дын зæрдæбын арфæ кæнæм, кæй нæ фервæзын кодтай æмæ нын ног цард кæй радтай Йесо Чырыстийы мидæг, уый тыххæй. Ахъаз нын бакæ хæлары дыргътæ, царды цинтæ хæссынæн. Оммен.



# 30. КУЫД БАЗОНÆН ИС, АДÆЙМАГ ХУЫЦАУЫ УАРЗЫ, ÆВИ НÆ?

Æвæццæгæн, ды дæр ууыл никуы ахъуыды кодтай, Чырыстийы цымæ чи уарзы, уый куыд базындæуа? Уый æнæ бафæрсгæйæ дæр зын базонæн нæу. Ис Йесойæн Йæхи амынд бæрæггæнæнтæ, цас Æй уарзæм, уый базоныны фаг. Йæхæдæг зæгъы, уыцы уарзондзинад базонæн ис нæ хъуыддæгтæй, цас нын æнтысы, уымæй. Хуыцауы уарзæм, зæгъгæ, чи дзуры æмæ Йын исты æхсызгондзинад ракæныныл æппæт хъарутæй чи архайы, уыдонæй, зæгъæн ис, уарзынц Чырыстийы. Фæлæ ахæмтæ дæр ис, дзургæ кæнынц, уарзæм Чырыстийы, фæлæ сæм куыд æнхъæлмæ кæсы, афтæ та нæ кæнынц, ахæм адæм æнæмæнг нæ уарзынц Хуыцауы.

Цæмæй равдисæн ис дæ уарзондзинад Хуыцаумæ? Фыццаджыдæр, мах хъуамæ уарзæм кæрæдзийы æмæ уæм цæстуарзон. Уый равдисæн ис æрвылбон дæр, нæ ныййарджытимæ куыд ныхас кæнæм æмæ не 'хсæн цавæр ахастдзинæдтæ ис, уымæ гæсгæ.

Зæгъæм, дæ чысыл æфсымæртæ æмæ хотæн дæ хъазæнтæ радт ахъазынмæ, де 'скъоладзау æмбæлттæн истæмæй феххуыс кæн. Дæхæдæг дæр æнæ гуырысхойæ уайтагъд ссардзынæ, кæимæ дæ бафæнддзæн хæлар уæвын, кæй зæрдæ балхæндзынæ, ахæмты.

Фæлæ дæ куы ничи æндава, куы никæуыл тыхсай, уæд бæрæг у, ды кæй дæ хиуарзон, иу Чырыстийы мæт дæр дæ нæй, афтæмæй. Уæдæ, æвæдза Йесойы зæр-

дæбынæй уарзыс, уæд дæ бафæндид Йæ фæндмæ хъусын дæр, цыфæнды зын дын куы уа, уæддæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, уый афтæ æнцон нæу. Ууыл хи фæлтæрын хъæуы. Стæй цас, уый зоныс? Зæгъæм, цалынмæ пианинойыл цæгъдын сахуыр уай, кæнæ ленк кæнын, уæдмæ. Гъе, афтæ фæлтæрын хъæуы хи искæйы коммæ кæсыныл дæр. Мах æнæмæнг хъæуы нæхи фæлтæрын кæрæдзийæн салам дæттыныл, кæрæдзийæн аргъ кæныныл. Кæд æмæ дыл ис чи ныхъхъæртæ кæна, уæд зын нæу дæуæн дæр ууыл ныхъхъæр кæнын. Уæвгæ та мах хъæуы хъæрæн дзуапп дæттыныл фæлтæрын нæ, фæлæ кæддæриддæр уæзданæй баззайын, æфхæрæджы нæ фæзмынын. Библи амоны, зæгъгæ, чырыстон адæймаджы бæрæгдæр миниуæг уый у, æмæ уарзы адæмы. Уымæ гæсгæ йæ уагæй базонæн ис, адæймаг Хуыцауы цас уарзы, уый.

Кæд æмæ мах кæрæдзи нæ уарзæм, не 'хсæн хæлардзинад нæй, уæд нæ куыд хъуамæ бафæнда Чырыстийы бауарзын та?

*Бакæс:* 1Иоан. 2:3-14

*Фарстытæ:* 1. Куыд базонæм, адæймаг Йесо Чырыстийы уарзы, æви нæ?
2. Хи куыд дарын хъæуы, адæм дæ райгонд цæмæй уой, уый тыххæй?
3. Хи куыд фæлтæрын хъæуы пианинойыл цæгъдын кæнæ ленк кæнын базоныны, уыдонмæ фæцарæхсыны тыххæй?

*Бакув:* Нæ иунæг кадджын Хуыцау, уый бæрц цæстуарзон разындтæ махмæ, уый бæрц уарзондзинад нæм равдыстай, æмæ нæ фервæзын кодтай. Ныр Дæм хатæм,цæмæй мах дæр суам хæларзæрдæ кæмæдæриддæр. Уадз, Дæ уарзондзинад махыл афтæ фæзынæд, иннæ адæм дæр Дæ сывæллæттæ куыд бауой. Оммен.



## 31. ЦЫ ÆРЦÆУЫ ХУЫЦАУЫ СЫВÆЛЛОНЫЛ, ТÆРИГЪÆД МИ КУЫ БАКÆНЫ, УÆД?

Цы дæ бакæнын хъæуы, Хуыцауы уарзгæйæ, уæддæр Йæ зæрдæхудты цæуыс, уый куы бамбарай, уæд? Йесо махæн Хуыцау куы свæййы, уæд уый ууыл дзурæг нæу, æмæ ницуал зындзинад бавзардзыстæм. Дæлимон нæ цух не 'суадздзæн, иудадзыг ныл архайдзæн фыдырдæм аздахыныл. Æмæ хатгай уый йæ къухы бафты, æнæ 'рхъуыды куы фæвæййæм, уæд.

Уæдæ нын цы гæнгæ у? Уымæн нын дзуапп дæтты Библи: Йесойы раз мах хъуамæ басæттæм нæ тæригъæдтыл, уæд нын Уый бахатыр кæндзæн æмæ та фæстæмæ сног уыдзысты нæ хорз ахастдзинæдтæ Хуыцауимæ. Фæлæ вæййы ахæм рæстæг дæр, Йесойы куы бахъæуы мах бафхæрын, цæмæй фидæны мауал бацæуæм искæйы тæригъæды. Зæгъæм, нал нын радты бар, раздæр нын æхсызгонæй цы хъуыддаг арæзта, уый бакæнынæн.

Фæлæ нын фадат ис кæддæриддæр Йесомæ баха-

тынæн æмæ Йын афтæ зæгъынæн, бацыдыстæм тæригъæды æмæ Дæ бузныг стæм, кæй нын ныббарстай, уый тыххæй. Уæд та фæстæмæ бамбардзыстæм Йæ уарзондзинад. Хуымæтæгдæр хуызы та йæ бамбарæн ис афтæ: зæгъæм ды нæ бакастæ дæ ныййарджыты коммæ æмæ дæ бахъуыди уый тыххæй бафхæрын. Ахæм сахат дæ ныййарджытæ дæр мæстджынæй баддзысты дæ хуызæн. Фæлæ уыцы æфхæрд куы аивгъуыйа, уæд та фæстæмæ цинæй байдзаг уыдзысты уæ зæрдæтæ.

Иунæг адæймаг дæр нæ ныббардзæн тæригъæдтæ. Æрмæст Хуыцауæн у уый Йæ бон. Хуыцау зæгъы, мах бон Æм у бацæуын, стæй Йæм хъуамæ цæугæ дæр кæнæм. Нæхи бæсты Йæм искæйы барвитын нæ бон нæу, нæхæдæг тæригъæдджын уæвгæйæ. Уый фæнды, цæмæй Йæм нæ тæригъæдтæ ныххатыр кæнынмæ цæуæм нæхæдæг.

*Бакæс:* 1Иоан. 1:8-23

*Фарстытæ:* 1. Цы хъуамæ бакæна Хуыцауы сывæллон, искæйы тæригъæды куы бацæуа, уæд?
2. Хатгай нæ куыд бафхæры Хуыцау?
3. Цæмæн нæ бафхæры?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Стыр бузныг Дæ стæм, нæ тæригъæдтæ нын кæй хатыр кæныс, уый тыххæй. Курæм Дæ, баххуыс нын кæн, цæмæй Дæ ном ма рох кæнæм, нæ тæригъæдтæ нын барыс æмæ Дæ курæм хатыр. Арфæ Дын кæнæм Дæ уарзондзинады тыххæй. Оммен.



## 32. ЦÆЙ ТЫХХÆЙ ХЪУАМÆ ÆЙЙАФÆМ ХАТГАЙ ÆФХÆРД?

Куыд дæм кæсы, нæ чысыл хæлар, дæ ныййарджытæ дæ куы бафхæрынц, уæд афтæ æнхъæлыс, æмæ хъæбæрзæрдæ сты? Куыннæ стæй! Нæ фæлæ ма кæсынц Хуыцауы коммæ, уымæн æмæ Хуыцау афтæ загъта, чидæриддæр Æм нæ хъусы, сеппæт дæр хъуамæ æййафой æфхæрд. Хуыцау Библийы афтæ зæгъы: Æфхæрд никæйы зæрдæмæ цæуы, зæрдæмæдзæугæ хъуыддаг нæу, фæлæ нын ахъаз кæны сраст уæвынæн. Сывæллæттæ хъуамæ уой коммæгæс, куынæ хъсой, уæд та сæ ныййарджытæ хъуамæ кæной æфхæргæ.

Æфхæрд у æххуысы мадзал. Искуы та æнæуаг, æнаккаг ми бакæнын дæ зæрды куы æрæфта, уæд æнæбары дæр дæ зæрдыл æрлæудзæн, ахæм хъуыддаджы тыххæй ма нoджыдæр кæй бaййæфтай æфхæрд. Æмæ дæ ныфс нал бахæсдзынæ. Æфхæрд ма нын нæ зæрдыл æрлæууын кæны уый дæр, цал æмæ цал хатты бацæуæм Хуыцауы хъыджы æгоммæгæсдзинады, хивæнддзинады æххосæй.

Цы рауайдзæн уæдæ, фыдуаг, хивæнд, æгоммæгæс сывæллæттæ æфхæрд куынæ æййафой, уæд? Ахæм сабитæ сæ ныййарджыты коммæ фæкæсынц, сæхи куы бафæнда, æрмæст дæр уæд. Ахуыргæнджытæм скъолайы дæр нæ хъусынц, фæстæдæр уыдонæн нал дæр Хуыцау уыдзæн, нал дæр закъон. Æппындæр æфхæрд чи никуы æййафы, ахæм сабитæй та рауайдзæн тæссаг фыдгæнджытæ, уымæн æмæ сты хивæнд, никæйы нымайынц, никæмæй æфсæрмы кæнынц.

Кæсыс, дæ ныййарджыты нæ фæнды дæуæн æвзæрдзинад æмæ дæ уымæн æфхæрынц. Уыдон дын æххуыс кæнынц рæстзондыл дæ сæвæрынæн, цæмæй аргъ кæнай адæмæн, рох дæ ма кæной сæ бартæ, стæй дæ Хуыцау цы домы, уый. Хуыцауы нæ фæнды, ды æрмæст дæр дæхи фæнд тæрай, уый. Æфхæрд та дын фехxуыс уыдзæн дæ фидæны царды бирæ зындзинæдтæй фервæзынæн.

Фæлæ уал дæ фыццаджыдæр сахуыр хъæуы дæ ныййарджыты, ахуыргæнджыты æмæ иннæты коммæ кæсын. Уымæн æмæ уыдоны коммæ кæсын куынæ сахуыр уай, уæд Чырыстийы коммæ та æппындæр нæ бакæсдзынæ. Нæ ныййарджытæ нæ истæйы тыххæй куы бафхæрынц, уæд нын уый æххуыс вæййы Йесойы фылдæр уарзынæн æмæ Йын Йæ фæндтæ æххæст кæнынæн. Ныййарджыты коммæ кæсгæйæ сахуыр уыдзыстæм Хуыцауы фæндмæ хъусын дæр.

Уыдæттæй æрцæуæн ис ахæм хъуыдымæ: фыдуаг миты тыххæй йæ сывæллоны чи не ’фхæры, уый йын зиан хæссы. Дæ мад æмæ дæ фыдæй ноджыдæр та æфхæрд куы баййафай, уæд мæсты ма кæн, хæрам дæр сæм ма у, фæлæ фæлтау ахъуыды кæн, дæ зылын дын раст кæнынц, ууыл.

Цæхæрадон кæмæ ис, уыдон зонынц, иудадзыг дзы кусын кæй хъæуы, хæмпæлгæрдæг сафын, цæмæй сæхи сагъд æвзартæ ма фæбынæй уой.

Раст цæхæрадоны хуызæн у нæ зæрдæ дæр. Уый тыххæй хъуамæ бузныг уæм нæ ныййарджытæй, нæ хæмпæлгæрдæг бындзарæй фесафынил кæй архайынц, уый æмбаргæйæ.



*Бакæс:* Ефес. 6:1-9

*Фарстытæ:* 1. Цæмæн нын у пайда æфхæрд?
2. Цы рауайы, сывæллæтты куынæ фефхæрынц, уæд?
3. Куыд дæм кæсы, дæ бон бауыдзæн Хуыцауæн коммæгæс уæвын, Йæ фæндыл цæуын, дæхи ныййарджыты коммæ кæсын куы сахуыр уай, уæд?

*Бакув:* Æгæрон Хуыцау, нæ Уæларвон Фыд! Зонæм, мах Фыд кæй дæ, уый æмæ уымæ гæсгæ æмбарæм, хатгай нæ æфхæргæ дæр хъуамæ кæнай, æнаккаг митæ куы кæнæм, галиу фæндагыл куы цæуæм, уæд. Ахъаз нын бакæ нæ рæдыдтытæ хынцынæн. Курæм Дæ, фехxуыс нын кæн нæ ныййарджыты коммæ кæсынæн, аргъ сын кæнынæн. Кувæм Дæм Йесо Чырыстийы номæй. Оммен.

## 33. ПИСМО ХУЫЦАУÆЙ

Дæ цæстытыл ауайæд, цыма дæ фыд цæры Африкæйы, уæд демæ йæ бон бауид ныхас кæнын? Æппындæр нæ, уымæн æмæ уыцы бæстæ тынг дард у махмæ æмæ йæ нæ уынгæ фæкæнис, нæ хъусгæ, æрмæст телефонæй цы бадзурай, æндæр. Фæлæ уæддæр фадат ис, зæгъæм, дæуæй йæ цы базонын фæнды, уымæн. Æппынфæстаг, дæм ныффысдзæн письмо.

Ныр ахъуыды кæн, Хуыцауы фæнды демæ аныхас кæнын. Æмæ дæм Йæхæдæг куы æрбалæууид, уæддæр дæуæн дæ бон нæ бауид ахæм стыр цыты æмрæнхъ æрлæууын æмæ лæгæй-лæгмæ Йемæ ныхас кæнын! Фæлæ уымæн ис æндæр амал дæр демæ ныхас кæнынæн. Ныффыста дæм дæргъæй-дæргъмæ писмо. Æмæ уый кæсгæйæ, дæуæн фадат ис, цы дын зæгъынмæ хъавы, уый базонынæн. Уыцы писмо у Библи. Уый бирæ цыдæртæ зæгъы Хуыцауы тыххæй, йæ хъуыддæгты тыххæй, стæй дæумæ цæмæ æнхъæлмæ кæсы, уый тыххæй дæр. Æмæ Йын бакастæ Йæ писмо? Хуыцау уыцы писмо куы фыста, уæд Æй нæ бахъуыд нæдæр къарандаш, нæдæр ручкæ, нæдæр мыхуыргæнæн машинкæ. Уый равзæрста Йæхицæн лæгтæ, æцæгдзинадæй Йæ чи уарзта, ахæмты æмæ сын дзыхæй-дзыхмæ радзырдта алыхуызон писмотæ. Гъе, уыдоны æмбырдгондæй рауад Библи. Хатгай сын баххуыс кæныны тыххæй уынын кодта фынтæ дæр, кæнæ сын сæ цæстытыл уайын кодта фидæны нывтæ. Уыдон сæ иууылдæр фыстой. Стæй Хуыцау бацархайдта, фыстытæ цæмæй ма фесæфой, ууыл. Библи афтæмæй æрхæццæ мах онг.

Уыцы лæгтæ-иу хатгай фыстой, Хуыцауы куыд уарзынц æмæ Йыл куыд хъуыды кæнынц, уый тыххæй. Ахæм уыди, зæгъæм, паддзах Давид: уый бирæ псалмтæ фæфыста, абон мах Библийы кæй кæсæм, уыдонæй.

Иннæ лæгтæ фыстой, сæхæдæг сæ царды цы бавзæрстой, кæнæ сæ хæлæрттæ, уыдæтты тыххæй. Фысгæ фыссын, чи зоны, сæ хъуыдыйы дæр нæ уыд, уыцы хъуыддагыл сæ Хуыцау Йæхæдæг æфтауы, уый.

Æмæ зонут, Библи ныффыссыныл цас рæстæг рацыд, уый? 1500 азæй фылдæр!



Афтæ цæстуарзон, афтæ зæрдæхæлар уыд Хуыцау æмæ нын ныууагъта уыцы диссаджы писмо. Уый фæрцы ныр махæн нæ бон у бирæ цыдæртæ зонын арвы тыххæй, Йесойы тыххæй æмæ æппæт адæмы куыд уарзы, уый тыххæй.

Зæгъæм, ды дæхæдæг цы ахъуыды кæнис, дæ хæлармæ писмо куы ныффыссис æмæ дын æй иу хатт дæр куынæ бакæсид, уæд? Махмæ гæсгæ дын тынг хъыг уаид. Гъе, афтæ у Хуыцауы хъуыддаг дæр. Дæумæ кæй фыссы, уыцы писмо Йын нæ кæсыс, уый куы базоны, уæд афтæ хъыг вæййы Уымæн дæр. Уый хынцгæйæ тынг æхсызгон хъуыддаг у Библи кæсын. Чи зоны, дын зын бамбарæн сты йæ бирæ амындтытæ, фæлæ дзы гыццыл цыдæртæ уæддæр бамбардзынæ. Куыд фылдæр азтæ дыл цæуа, афтæ та йæ æмбардзынæ хуыздæр.

Кæд дæ фæнды æнæниз æмæ тыхджын уæвын, уæд хъуамæ хæрай æмæ нуазай. Раст афтæ хъуамæ кæсай Библи дæр, кæд дæ фæнды царды дæ къæхтыл фидар лæууын Хуыцауы фæндиаг, уæд.

*Бакæс:* 2Тим. 3:14-17; 4:1-2

*Фарстытæ:* 1. Дæ хæларæн исты куыд зæгъдзынæ, йемæ куынæ ныхас кæнай, уæд?
2. Цавæр фæндаг равзæрста Хуыцау, Йæ Ныхас махмæ цæмæй æрхæццæ уа, уый тыххæй?
3. Ды кæсыс Хуыцауы писмо, кæй дæм рарвыста, уый?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Арфæ Дын кæнæм Дæ пис-

мойы, Библийы тыххæй. Баххуыс нын кæн, ныхас дзы цæуыл цæуы, уыдон æххæст кæнынæн. Фæндагамонæг цырагъ нын фестæд дæ писмо. Уый курæг Дæ стæм Йесо Чырыстийы номæй. Оммен.

## 34. КÆЦÆЙ ЗОНЫС, БИБЛИ РАСТ У, УЫЙ?

Библи у иттæг ахсджиаг Чиныг дунейыл. Хуыцауы хабæрттæ нын кæй кæны, уымæ гæсгæ. Ахæм диссæгтæ нын дзуры, æмæ сæ иу æндæр чиныджы дæр не ссардзыстæм. Зæгъæм, Хуыцау куыд рафæлдыста дунейы æмæ фыццаг адæймæгты. Уыцы хабæрттæ махæй никæй цæсты цур æрцыдысты æмæ сæ ничи зоны. Стæй дзы зонгæ дæр ницы кæниккам, Хуыцау нын сæ Йæхædæг куынæ радзырдтаид Библийы, уæд.

Иуæй-иутæ хъæбæрæй зæгъынц, зæгъгæ, кæд æмæ мах нæ федтам дуне рафæлдисгæ, уæд хъуамæ куыд зонæм, æцæгдзинадæй уый Хуыцауы куыст у, уый. Æмæ сæ уымæ гæсгæ уырнгæ дæр нæ кæнынц Библийы фыстытæ. Куыд баххуыс чындæуа уæдæ иннæтæн та, Библи раст у, уый бамбарын кæнынæн?

Зæгъæм, бирæ цаутæ Библийы фыст æрцыдысты рагагъоммæ тынг раджы, уыцы хабæрттæн сæ кой дæр куы нæма уыд, уæд. Библийы фыст сты бирæ ахæм хабæрттæ дæр, ныры онг чи нæма æрцыд. Фыст дзы ис зæгъгæ, иудейаг адæм тард æрцæуздзысты Палестинæйæ, фæлæ сæ Хуыцау уырдæм фæстæмæ баздахдзæн. Уый æцæгдæр афтæ рауад мæнæ нырыккон рæстæджы. Нæ цæстæй йæ уынæм нæхæдæг. Æмæ нæ уымæ гæсгæ уырны Библийы æцæгдзинад. Кæнæ, зæгъæм, Библийы арæх кæсæм, не ’заманты чи царди, уыцы паддзæхты нæмттæ, номæй-номмæ, Библийыл чи не ууæнды, уыдон дзурынц, ахæм паддзæхтæ нæ уыд, æрæмысæггаг сты, зæгъгæ. Фæлæ рагон хъæууæттæ чи къахы, истори бæлвырд базоныны тыххæй, уыцы стыр ахуыргæндтæй та бирæтæ фидарæй зæгъынц сæ ракъахæггаг æвдисæйнæгтæм гæсгæ, æцæгдæр кæй царди номæй номмæ ахæм паддзæхтæ, Библийы куыд амынд сты, раст уыцы рæтты æмæ уыцы дугты.

Ноджыдæр ма иу ахæм æвдисæн, стæй æвæццæгæн сеппæтæй растдæр, Библийы хабæртты æцæгдзинады бæрæггæнæн. Уым фыст ис, нæ тæригъæдтæ нын Хуыцау куыд бары æмæ нæ цард куыд ивы, уыдæтты тыххæй. Алы хатт дæр Хуыцаумæ бакувæг фены йæ царды ивддзинад, цы дзы фæкуры æмæ йыл цы ’рцæуы, уый. Уыдæттæ бахынцгæйæ Библийыл æнæ æууæндгæ нæй.

Уымæ гæсгæ у афтæ ахсджиаг, цæмæй нын нæ цардæн хицауиуæг кæна Йесо Чырысти, науæд нæ хæлæртты ницæйы тыххæй бауырндзæн, Библийы фыстытæ иууылдæр царды æцæгдзинæдтæ сты, уый.

*Бакæс:* 2Пет. 1:16-21

*Фарстытæ:* 1. Чи федта йæ цæстæй, Хуыцау дуне куыд фæлдыста уый?
2. Чи у уыцы зыбыты Иунæг, рафæлдысты хабæрттæ куыд æрцыдысты, уый нын Чи радзура?

3. Хуыцау нын кæм дзуры уыцы хабæрттæ?
4. Исты ма бацамон ахæм хабæрттæй, Библийы æрцыд фыст, рагагъоммæ? йæхæдæг царды мидæг нæма æрцыд, афтæмæй.

*Бакув:* Нæ Уæларвон Хуыцау, арфæ Дын кæнæм, æппæт рæстæджыты, æппæт дугты дæр цардтæ, уый тыххæй. Бузныг Дæ стæм, Библийы цыдæриддæр фыст æрцыд, уыдон æцæгдзинад кæй сты, Библи раст кæй у, уый тыххæй. Æмæ Дæ курæм, баххуыс нын кæн Де 'нусон Ныхас раст кæсынæн, раст æй æмбарынæн æмæ йæ æххæст кæнынæн. Оммен.

## 35. ЦЫ УЫДЗÆН, БИБЛИ КУЫНÆ КÆСÆМ, УÆД?

Ау, Библи кæсын афтæ ахсджиаг у, стæй дзы цыдæриддæр фыст ис, уыдон æххæст кæнын æнæмæнг хъуыддаг у? О, æнæмæнг! Фæлæ ис ахæмтæ дæр. Библи кæсын æмæ дзы цы фыстытæ ис, уыдон æххæст кæнын ницæмæн хъæуы, зæгъгæ, чи хъуыды кæны. Цыбыр дзырдæй, афтæ сæм кæсы, цы хъæуы сæ царды, уыдон сын иууылдæр сты зындгонд. Фæлæ сæ бон уый бамбарын нæу, Хуыцауы базонын дæр афтæ хуымæтæджы фарста кæй нæу. Куыд хъуамæ бамбарой ахæм адæм æнæ Библи бакæсгæ, Хуыцауæн тынг æнад кæй у тæригъæды цæуын? Уæдæ æнæ Библи куыд базоной, Йесо зæххон адæмы тæригъæдтæ Йæхимæ райста æмæ мæрдтæм уый тыххæй бацыд, уыцы хабар?

Кæй зæгъын æй хъæуы, чысыл цыдæртæ кæмдæрты базондзыстæм Хуыцауы тыххæй, дидинджытæм, бæлæстæм, æрдзмæ æркæсгæйæ. Æппæт уыдæттæ дзурæг сты Хуыцауы Стырдзинадыл, Йæ æгæрон хъарутыл. Хур, мæй æмæ стъалытæ дæр сты Хуыцауы æвидигæ хъарутæ æвдисæг, æппæт дунейыл æххæссæг æгæрон тыхтыл дзурæг! Фæлæ мах куыд уарзы, уый та базондзыстæм æрмæст Библийæ.

Библи кæсын хъæуы кæрæй-кæронмæ æмæ дзы цы фыстытæ ис, уыдон иууылдæр æххæст кæнын. Кæсгæкæсын бафиппайдзыстæм, иуæй-иу сæргæндтæ дзы фыст сты, бирæ замантæ кæуыл рацыд, ахæм адæмты тыххæй. Зæгъæм, израилæгтæн дзы амонынц, нывонды фынг куыд аразын хъæуы, уыдæттæ. Ахæм нывæндты Хуыцау хъавыди адæмы тæригъæдтæ сисын. Абон мах нал хъæуы ныводны сæр, уымæн æмæ Йесо Хуыцауы Уæрыкк – ныводæн Йæхи æрхаста æппæт адæмы тыххæй. Фæлæ абон мах чи нæ хъæуы, Библийы уыцы сæргæндтæ бакæсын дæр пайда у, адæймаг сыл ахуыр кæны, Хуыцауы пълантæ, Йæ нысантæ куыд арæзт цæуынц, адæммæ Йæ уарзондзинад цас тыхджын у, уыдæттыл, стæй Йесо Чырыстийы хабæрттыл Цыбыр дзырдæй, Библийы æппæт фыстытæ дæр сты ахсджиаг æмæ сæ хъæуы кæсын, ахуыр кæнын.

Æрвылбон дæр мах хъуамæ нæхи фæрсæм: цæуыл бауыдзæн нæ бон сахуыр кæнын, абон кæй бакастыстæм, ууыл ахъуыды кæнгæйæ? Иннæрдыгæй фарс

та хъуамæ æнæрхъуыды ныхæстæ нæ дзыхæй ма суадзæм, цы бакæсæм, уый фæдыл: „Ам мæн тыххæй нæ фыссынц, Æндæр кæмæдæр хауы ацы хабар“. Фæлæ кæд дæу тыххæй фыст нæу ацы хъуыды, уæд байхъус: фæнды дæ, æви нæ, уæддæр де ’хæс у Хуыцауы фæндмæ хъусын æмæ дын цы дзуры Библийы фæрцы, уый æххæст кæнын. Дæ зæрдæ дæм ма дзурæд Библи гæды ныхæстæ кæны. Æмæ иуварс ма авæр кæй дзуры, уый! Мах Библийы ныхæстæм нæдæр бафтауинаг исты стæм, нæдæр дзы аппарын у нæ бон.

*Бакæс:* Пс. 118:9-16

*Фарстытæ:* 1. Æнæ Библийæ нæ бон исты базонын у Хуыцауы тыххæй?
2. Хуыцауы бæлвырд бæрæг миниуджытæй цы базонæм æрмæстдæр Библийы фæрцы?
3. Мысайнæгтæ æмæ ныввæндтæ хæссыны тыххæй цы фыстытæ ис Библийы, уыдон дæр нын æххæстгæнинаг сты, æви нæ?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Йесо! Арфæ Дын кæнæм Дæ Сыгъдæг Ныхасы тыххæй, Библийы тыххæй. Бузныг Дын, дæ Сыгъдæг Ныхасы афтæ кæм зæгъыс нæ тæригъæдтæ нын ныббарстай, зæгъгæ, уый тыххæй. Феххуыс нын кæн Библи æрвылбон кæсынæн æмæ йæ амынддзинæдтæ æххæст кæнынæн. Оммен.



## 36. ЦЫ ХЪÆУЫ ХУЫЦАУЫ МÆНÆЙ

Æппæты сæйрагдæр хæс цавæр у сывæллонæн? – Хуыцауы фæндыл цæуын, Йæ коммæ кæсын. Æрмæст дæр афтæмæй адæймаг суыдзæн æцæг амондджын.

Чи зоны, ды дисы бафтай æмæ зæгъай: „Кæцæй зонын æз, Хуыцауы мæнæй цы хъæуы, уый?“ – Дæ фарстæн дзуапп райсыны тыххæй дæу бафæрсын хъæуы Хуыцауæн Йæхи. Фæлæ дын дзуапп ратдзæн? О! Æхсызгон Ын уыдзæн дæуæн дзуапп радтын. Чи зоны дæм райдианты зын фæкæса Хуыцауы бафæрсын æмæ Йæ дзуапмæ байхъусын. Дæ мад, дæ фыды хъæлæс ды хъусыс æмæ сæ уынгæ дæр кæныс цæстæй, семæ ныхас дæр кæныс, куыддæриддæр дæ фæнды, афтæ. Фæлæ Хуыцауы мах нæ уынгæ кæнæм, нæ Йын Йæ хъæлæс хъусæм. Куыд хъуамæ базонæм, махæй Йæ цы хъæуы, уый?

Уыцы фарстæн дзуапп радтын уыйас зын нæу, иу чысыл куы ахъуыды кæнæм, уæд. Зæгъæм, куыд райсæн ис хабар, тынг дард чи цæры, ахæм адæймæгтæй? Уый тыххæй нæм ныхас уыди ацы чиныджы: писмойы руаджы. Постхæссæг æй æрбахæсдзæн, ды йæ бакæсдзынæ æмæ базондзынæ, чи йæ æрбарвыста, уый цæуыл хъуыды кæны, кæнæ йæ цы фæнды дæуæн зæгъын.

Хуыцау нæм ныффыста дæргъæй-дæргъмæ писмо: Библи. Кæсын æй куы райдайæм, уæд зын бафиппайæн нæу, æндæр писмотæй Библи кæй у бынтон хицæнхуызон. Фыццаджыдæр, цыфæнды æндæр пис-

мойæ дæр бирæ даргъдæр, стæй бирæ диссагдæр. Фыссынц дзы, Хуыцау махмæ цæмæ æнхъæлмæ кæсы, уыцы хабæрттæ, Йæ зæрдæмæ цы нæ цæуы, æнæуынон Ын цы у, уыдæттæ. Æмæ уымæн у махæн ахсджиаг бакæсинаг Хуыцауы Ныхас – Библи.

Фæлæ æндæр мадзæлттæй дæр Хуыцау адæмæн æххуыс кæны, махæй Йæ цы хъæуы, уый бамбарынæн дæр. Хуыцауы фæнды, цæмæй мах цæуæм рæствæндагыл æмæ не ’ргом макуы здахæм фыддзинадмæ. Нæхæдæг дæр æй зонæм, æвæдза, хорз цы у, æмæ æвзæр, уый.

Хуыцау нын бахай кодта æнкъарæн, кæцы нæ куы хъыджы баппары, куы фыдбылызы, галиуырдæм куы фæрæдийæм, кæнæ æвзæрдзинад куы ракæнæм, уæд. Уыдæттыл уымæн дзурæм, æмæ дæ исты хъуыддаг бакæнын куы ’рфæнда, дæ зæрдæ та истæуыл куы тыхса ахæм сахат, уæд зон, уый Хуыцау дзуры демæ æмæ Йæ фæнды тæригъæды бацæуынæй дæу бахъахъхъæнын. Уыцы æнкъарæн у, зæгъæн ис, Хуыцауы хъæлæс кæнæ æфсарм.

Æндæр мадзалæй дæр базонæн ис Хуыцауæн коммæгæс суæвыны фадæттæ, æмæ Йæ махæй цы хъæуы, уый. Бафæрс ма дзы дæ фыды, дæ мады, кæнæ æндæр искæйы, Чырыстийы æцæгдзинадæй чи уарзы, ахæм адæймаджы.

Дæ зæрдæ фидар уæд, кæд æмæ æцæгдæр чырыстон дæ æмæ Чырыстийы уарзыс, кæд дæ фæнды Хуыцауы коммæ кæсын æмæ дæм цæмæ æнхъæлмæ кæсы, уыдæттæ кæнын, уæд дын æппын æнæ гуырысхойæ Хуыцау баххуыс кæндзæн Йæ фæндон базонын.



*Бакæс:* Цар. 24:34-48

*Фарстытæ:*
1. Цавæр фарстæн дæ фæндид Хуыцауæй дзуапп райсын?
2. Хуыцауы бахъæуы зæды æххуыс, дæуæн дзуапп раттыны тыххæй?
3. Бацамон ма, Хуыцауы къухы цы ис, уыцы фадæттæй иу цалдæры, Хуыцауы фæндон кæм рабæрæг уа, ахæмтæй?
4. Хуыцаумæ æдзухдæр фæхъуысы нæ куывд, æви нæ?

*Бакув:* Æппæтыл уæлахизгæнæг Хуыцау! Йæ ныфс Йесо Чырыстийæ чи хæссы, уыдон сеппæты Фыд! Арфæ Дын кæнæм, нæ фарстытæн нын дзуапп кæй дæттыс, уый тыххæй. Бузныг, Дæ фæндон нын кæй æмбарын кæныс, уымæй. Курæм Дæ, æмæ баххуыс кæн Дæ сывæллæттæн сеппæтæн дæр нæ царды мидæг Дæ фæндыл цæуынæн. Дæхи фæндиаг нæ уадз, иунæг кадджын Стыр Хуыцау! Оммен.

## 37. ЦÆУЫЛНÆ СТЫ ЧЫРЫСТÆТТÆ КÆДДÆРИДДÆР ÆМВÆНД, ÆМЗОНД?

Иуахæмы мад йæ дыуугæ фыртмæ бадзырдта: „Марадз ут, уæ хорзæхæй, дзул æрбадавут, æз та цæхæрадонмæ ауайон“. Лæппутæ ницуал сдзырдтой, абад-

тысты сæ велосипедтыл æмæ атындзыдтой дуканимæ. Фæлæ дзул æлхæныныл куы схæцыдысты, уæд сæ дзырд кæрæдзиуыл нал бадт: цавæр дзул балхæной? Сæ иу загъта, нæ мад урс дзул уарзы, иннæ ныллæууыл, нæ, сау балхæнæм. Æмæ ахæм карз быцæуы бацыдысты, ахæм æмæ сæм дуканийы уæвæг адæм æрыхъуыстой, сæ сæртæй æвзидгæ.

Ахæм хабæрттæ æрцæуы Библийы фыстыты дæр. Библи дзуры ахæм хабар, кувæг адæм хъуамæ уой аргъуыд. Фæлæ цы амоны „аргъуыд“? Чырыстæттæй бирæтæм алыхуызон хъуыдытæ ис уый фæдыл. Иуæйиутæ йæ афтæ æмбарынц, аргъауын хъæуы гыццыл сывæллæттыл, иннæтæм гæсгæ та аргъуыд хъуамæ уой хъомыл адæм, Йесо Чырыстийы йæ Ирвæзынгæнæгыл нымайын хъом чи у, уыдон. Иутæ зæгъынц аргъаугæйæ, дон ауадзын хъæуы, кæуыл аргъауынц, уый сæрыл, иннæтæм гæсгæ та уыцы удгоймаг хъуамæ доны мидæг ныгъуылгæ æркæна.

Изæрыгон аргъуыды тыххæй дæр дзы афтæ ис фæйнæхуызы амынддзинæдтæ. Æмæ адæм афтæ фæйнæхуызон хъуыдыйыл лæуд кæй сты, уымæ гæсгæ цæуынц алыхуызон аргъуантæм. Иутæ сæхи хонынц уырнджытæ (баптисттæ), иннæтæ – лютерантæ, кæнæ католиктæ, стæй ма ис æндæрырдæм кувджытæ дæр.

Фæлæ æппæт аргъуанты дæр ис иу уаг, иу дин: мах неппæт дæр ома, йæхи чырыстон чи хоны, уыдоны уырны, Йесо Чырысти кæй у зыбыты Иунæг Хуыцау, нæ тæригъæдтæ нын чи хатыр кæны æмæ нæ чи ирвæзын кæны, Уый, æмæ йæ банымайын хъæуы æппæты сæйрагдæр хъуыддагыл.

Зæгъын хъæуы алы хуызы аргъуанты сеппæты дæр



ис ахæм адæмтæ, Хуыцауы чи уарзы æмæ æрмæст уымæн чи кувы, кæд сæм кæцыдæр хъуыддæгты фæйнæхуызон зонд ис, уæддæр.

Фæлæ ис ахæм аргъуантæ дæр, Библийыл чи не ’ууæнды, йæ амындтытæ йын чи ницæмæ дары, ома, уæлдæр кæй кой скодтам, уыцы фарстаты æмзонд не сты иннæ чырыстæттимæ, зæгъгæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыдонæн сæ аргъуантæ дæр æцæг чырыстон аргъуантæ не ’сты, стæй сæм цæугæ чи кæны, уыцы адæм дæр сеппæт чырыстæттæ не сты, суанг ма нæ зонынц, Йесо уыдоны тæригъæдты тыххæй дæр амард, уый.

Ахæм хабæрттæ дæр вæййы, Чырыстийæн кæм кувынц, уыцы æцæг чырыстон аргъуантæм цæуджытæ сеппæт æцæг чырыстон диныл хæст не сты, кæд сæхи чырыстæттæ хонынц, уæддæр. Уыдон не ’мбарынц, Чырыстийы мæлæт сæ царды цы ахады, цæуыл дзурæг у, уый. Фæлæ аргъуанмæ та æгъдауыл цæуынц, уымæн æмæ сæ мадæлтæ, сæ фыдæлтæ дæр уырдæм цыдысты. Æмæ сæ уæвгæ та уырны, аргъуанмæ цæуын æгъгъæд у, уæлæрвтæм, дзæнæтмæ бафтынæн, зæгъгæ. Не ’хæс у ахæмты тыххæй кувын æмæ сын Хуыцауы пълан æмбарын кæнын зындонæй нæ ирвæзыны фæдыл.

*Бакæс:* Рим. 14:1-13

*Фарстытæ:* 1. Цæуыл быцæу кæнынц лæппутæ кæрæдзиимæ мах радзырды?
2. Æрхæсс ма иу цалдæр æвдисæны, чырыстæттæ фæйнæхуызон зондыл хæст кæм сты, уыдонæй.

3. Цавæр ахсджиаг фарстайы сты иу зондыл хæст чырыстæттæ?
4. Кæй схонæн ис æцæг чырыстон?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд Æппæтыл уæлахизгæнæг Хуыцау! Арфæ Дын кæнæм, Дæ коммæгæс адæмæн æрмæст циндзинад кæй хæссыс, уый тыххæй. Курæм Дæ, феххуыс нын кæн Дæ Ныхас æмбарынæн. Ахъаз нын бакæ, цæмæй нæхиуыл хæцын фæразæм, æндæрхуызон зондыл хæст чи у, уыцы чырыстæттимæ цæргæйæ.

## 38. ЦЫ АМОНЫ УÆДÆ ХАТЫР КÆНЫН, БАРЫН?

Йесо мах ахуыр кæны хатыр кæнын, чи нæ бахъыгдары, кæнæ нæ йе 'сæфт чи уыны, уыдонæн. Ныббар, – уый афтæ амоны, æмæ дæ зæрдæйы маст ма дар, дæ зæрдæхудты чи бацыд, уымæ.

Ды цы бакæнис, исчи дæ куы ныццæвид, уæд? Дæхæдæг дæр ын ахæм дзуапп раттис? Куы йын бахатыр кæнис, уæд та? Библи иу æмæ дыууæ хатты нæ амоны, ныббар, чи дæ бафхæрдта рæстæй, уымæн.

Чырысти Йæхи удæй равдыста, цы цæстæй хъуамæ кæсæм нæ хæрæмттæм, уый.

Иу хатт кæддæр аргъуаны кусджытæй чидæр адæмæн кодта Йесойы кой. Æваст дын йæ чъылдыммæ куы февзæрид иу лæг æмæ йын йæ фæсонтæ нырриуыгъта. Аргъуаны кусæджы ныхасмæ чи хъуыста, уыдон рафыхтысты фырмæстæй, ныццæвæджы рацахстой æмæ пъæлицæмæ бадзырдтой. Аххосджыны аласынмæ куыд рахъавыдысты, афтæ цæф лæг фæхъæр кодта:

– Ныууадзут æй!

Адæм фæсыпп сты фыр дисæй,стæй дзы чидæр афтæ:

– Уæвгæ мах хъавыд ныццæвынмæ, æмæ уый тыххæй хъуамæ дзуапп радта, кæм æмбæлы, уым!

– Нæ! фæхъæр та кодта аргъуаны кусæг. – Кæй кой уын кодтон, Уый, ома, Йесо Чырысти мæнæн фæдзæхста барын æмæ хæлар уæвын, чи мæ бафхæра, уымæн хатыр кæнын.

Стæй æфхæрæджы 'рдæм аздæхт æмæ йын загъта:

– Æз дын хатыр кæнын, барын дæ цæф, фæлæ дæ рох ма уæд, уый тыххæй бузныг у мæнæй нæ, фæлæ Чырыстийæ.

Йæ цуры цы адæм лæууыд, уыдон сæ цæстытыл ныххæцыдысты, нæ сæ уырныдта ахæм цæфæн ахæм хатыр. Æмæ сæхинымæр загътой, Йесо, æвæццæгæн, æмæ ахæм æнахуыр Адæймаг у. Æмæ сæ бафæндыд ноджы бæлвырддæр хабæрттæ базонын Йесойы тыххæй.

Уæдæ куыд рауадаид хъуыддаг, зæгъæм, аргъуаны кусæгæн йæ маст ссыгъд уыцы хулиганмæ? Æвæццæгæн, æмæ йæм адæм афтæ биноныг нал байхъуыстаиккой дарддæр. Фæлæ фенхъæл уыдаиккой, чырыстон æмæ æнæхуыцау лæг кæрæдзийæ ницы уыйас хицæн кæнынц сæ митæм гæсгæ.

Кæд æмæ дæ исчи æфхæра, мæстæй мара, уæд дæ

куыд бакæнын хъæуы, уый зоныс? Искæйы æфхæрд баныхъуырын, кæнæ мæстæй ссу дзын зын нæу. Фæлæ дын Йесо баххуыс кæндзæн дæ масты фæдыл нæ ацæуын, хатыр бакæнын. Чырысти дын де уæнджы бауадздзæн ахæм тых æмæ дæхæдæг фæуæлахиз уыдзынæ дæ мастыл, дæ зæрдæ фæрухс уыдзæн, Чырысти иудадзыг дæр немæ æмдзу кæй кæны, уымæй. Йесо мах кæны фæразон æмæ уый фæрцы нæ бон у барын, æвзæр цæстæй нæм чи кæсы, фыдæх нæм чи у, уыдонæн. Фæлæ Хуыцау уыдоны дæр мах хуызæн æнæуарзгæ нæу.

*Бакæс:* Мат. 18:21-35

*Фарстытæ:* 1. Цы бакæндзынæ уæдæ ды, чи дæ бафхæра, уымæн?
2. Кæд æмæ хатыр кæнæм, уæд ма нæм разындзæн æфхæрæгæй мастисыны зонд?
3. Цал хатты ныббарын хъæуы æфхæрæгæн?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Бузныг Дæ стæм, нæ тæригъæдтæ нын кæй барыс, уымæй. Æнæуи дæр нын тынг бирæ ныххæтыр кодтай. Бацамон нын, чи нæ æфхæры, уыдонæн хатыр кæнын! Ахъаз нын бакæ нæ хæрæмтты уарзынæн æмæ сын Дæу тыххæй дзурынæн. Оммен.



## 39. ДÆ ХÆРЗИУÆГ

Ды нæма фехъуыстай, Йесо дын цы хæрзиуæг сцæттæ кодта, уый? Æмæ дæм куыд кæсы, цавæр хæрзиуæг хъуамæ уа? Уымæй мæн ма фæрс, æз ын ницы зонын. Уадз, æмæ дыл æнæнхъæлæджы сæмбæла. Уæд дын æхсызгондæр уыдзæн.

Махæн нæй уыцы хæрзиуæг райсыны бар, уымæн æмæ иудадзыг дæр кæнæм тæригъæд митæ, фыддзинæдтæ. Фæлæ Йесо Чырысти у хæрзиуæджы аккаг æмæ йæ ныр хъавы махимæ адих кæнынмæ. Уый махмæ æнхъæлмæ кæсы иунæг хъуыддагмæ: цæмæй нæ царды уагæй равдисæм, цас бузныг Дзы стæм, уый. Уыцы арфæ æппæтæй хуыздæр равдисын нæ бон у хæлары, фарны хъуыддæгтæй ам, цы зæххыл цæрæм, уым.

Уымæ гæсгæ тынг ахсджиаг у, цы уагыл цæрæм, уый. Азæххыл мах цæрæм чысыл рæстæг. Чи зоны, æмæ бирæ дæр фæкæса – 60 кæнæ 70 азы, фæлæ уый афтæ чысыл у, æнусимæ абаргæйæ, æмæ йын зæгъæн дæр нæй. Уæвгæ та зонæм, Хуыцауы сывæллæттæ цæрдзысты æнусты. Кæмæ æнхъæлмæ кæсæм, уыцы сæйраг хæрзиуæг у æнусты нæ иудзинад Чырыстиимæ. Æмæ ма уымæй хъыгдæр цы уа æнусты дæргъы, дæуæн хай куы нæ уа уыцы хæрзиуæгæй, уæд. Фæлæ йæ куы бамбарай, уæд байрæджы уыдзæн. Ныртæккæ ма дын рæстæг ис. Дæ цард иууылдæр дæ размæ, æмæ дын хорз фадат кæрæй-кæронмæ йæ Чырыстийыл бахардз кæнынæн, Йæ фæндыл цæуынæн. Æмæ куыд амондджын

уыдзынæ кæддæр, хæрз чысылæй Фæстæмæ Хуыцауыл æнувыд кæй дæ, уымæй.

Уæларвмæ куы бахауæм, уæд Чырысти байгом кæндзæн чиныг, неппæт хъуыддæгтæ дæр кæм фыст сты, уый, æмæ бауынаффæ кæндзæн, цæй тыххæй æмæ цы хуызы ракæна махæй алкæмæн дæр хæрзиуæг. Уырнæд дæ, уым бирæ разындзæн æнæнхъæлæджы хабæрттæ хорзæй, æвзæрæй. Хуыцауæн бирæ хæрзтæ фæдæн, зæгъгæ, афтæ чи хъуыды кæны, уыдонæй чидæртæ фендзысты, кæй ницы нымад æрцыдысты сæ „хæрзтæ“, уымæн æмæ Хуыцауы нæ уарзтой. Иннæтæ та, чи ницæмæ æнхъæлмæ касти, уыдонмæ æрхаудзæн хæрзиуджытæ. Мах нæ зонæм, кæмæ нæ цы æнхъæлмæ кæсы, уый,фæлæ зонæм, царды хæрзиуæг лæвæрд æрцæудзæн, тæригъæдтæй фервæзыны тыххæй Йесойæн арфæтæ фарны хъуыддæгтæй чи ракодта, уыдонæн.

*Бакæс:* 1Кор. 3:11-17

*Фарстытæ:*
1. Цавæр сæйраг хæрзиуæг нæм æнхъæлмæ кæсы уæлæрвты?
2. Чи нын ракæндзæн уыцы хæрзиуæг?
3. Чи разындзæн уыцы хæрзиуæджы аккаг?
4. Цы хуызы æвдыст цæуы дæ арфæ Чырыстийæн, дæ тæригъæдтæ дын Йæхимæ кæй айста, уый тыххæй?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Йесо, арфæ Дын кæнæм нæ хæрзиуæджы тыххæй, уæлæрвты нын кæй сцæттæ кодтай, уый тыххæй. Ахъаз нын бакæ, цæмæй



Дæ уарзæм æмæ Дæ бузныг уæм, Дæ кадыл Дын нодждæр æфтауæм. Ахæм æххуыс нын бакæ, цæмæй адæмы зæрдæ рухс кæнæм хæлары, цины хъуыддæгтæй æмæ афтæмæй Дæ ном хæссæм бæрзæндты. Оммен.

## 40. ХУЫЦАУЫ БОН

Хуыцаубон – уый хицæнхуызон бон у. Хуыцау æй махæн радта къуырийы дæргъы нæ сагъæстæ, нæ куыстытæй баулæфынæн. Хуыцаубон мах нæ хъæуы нæдæр скъоламæ цæуын, нæдæр нæ ныйййарджыты куыстмæ цæуын. Уый бæсты нын фадат ис нæ хæлæрттимæ аргъуанмæ ацæуынæн æмæ Хуыцауæн Йæ хорзæхы тыххæй арфæ кæнынæн. Махæн бирæ зындæр уаид Хуыцаубон зæрдæбынæй арфæ кæнын, хуыцаубоны райгасы куынæ уаид, уæд. Хуыцауы фæнды, цæмæй махæн фадат уа иннæ чырыстæттимæ кæрæдзи æмбарынæн æмæ Йын иумæ æмзондæй кувынæн. Уымæй хуыздæр ницы бакæнын у нæ бон хуыцаубоны. Ноджы ма ныйййарджытæн хуыцаубоны фылдæр фадат ис сæ цоты кой бакæнынæн.

Уыцы бон иннæ рæстæгæй фылдæр хъуамæ мысæм Хуыцауы, арфæ Йын кæнæм цингæнгæ. Уыдæттæ кæнын нын афтæ æнцон нæ уаид, хуыцаубон фæлладуадзæн нæ уæвгæйæ, уæд. Библийы фыст ис, зæгъгæ, Хуыцау дуне æмæ æппæт иннæтæ куы рафæлдыста, уæд æвдæм бон уагъта Йæ фæллад æмæ йæ кувæнбон

скодта. Уымæ гæсгæ дзуттаг адæм сабат бæрæг кодтой кувæндоны, нывæндтæ æрхæсгæйæ. Хуыцау Израилæн бафæдзæхста: „Дæ хъус дар сабатмæ, цæмæй кæддæриддæр уа кувæнбон“.

Чырыстæттæн та бæрæгбон вæййы сабаты бæсты, Йесо Чырысти куы райгас, уыцы бон. Уæд мах æрæмбырд вæййæм Чырыстийæн арфæ ракæнынмæ, кад Ын скæнынмæ æмæ нæ тæригъæдты тыххæй Йæхи мах сæрыл Чи æрхаста æмæ нын æнусон цард чи радта, уый тыххæй нæ цины хабар иннæтæн дæр фехъусын кæнынмæ.

*Бакæс:* Ис. 58:13-14

*Фарстытæ:* 1. Æппæтæй хуыздæр куыст нын цы вæййы Хуыцаубоны?
2. Куыд дæм кæсы, хуыцаубон зыбыты иунæг бон у къуырийы дæргъы. Хуыцауæн куы фæкувæм, уæд?
3. Стæй ды цымæ зоныс, Хуыцауы цæмæн фæнды, хуыцаубоны нæ фæллад уадзæм, уый?

*Бакув:* Арфæ Дæн кæнæм, нæ Уæларвон Фыд, хуыцаубон нын кæй балæвар кодтай, уый тыххæй. Ахъаз нын бакæ, цæмæй нын уый кæддæриддæр уа кувæн бон. Оммен.



## 41. ХУЫЦАУИМÆ ФИДАУЫС?

Библийы иу ахæм ахсджиаг дзырд ис: фидыддзинад. Бамбарын дын кæнæм, уыцы дзырд цы амоны, уый. Зæгъæм, исчи дын дæ хъазæн асаста, кæй зæгъын æй хъæуы, дæуæн хъыг уыдзæн, кæнæ дæ маст ссудздзæн, кæй аххос уыд, уымæ. Фæлæ дæ уыцы адæймаг хатыр куы ракура æмæ дын куы зæгъа, нæ йæ фæндыд, фæлæ йын æнæбары афтæ рауад. Ды йын бахатыр кæндзынæ уæд æмæ дарддæр æнæ хъыгæй йемæ хъаздзынæ. Ахæм хабар куы 'рцæуы, уæд афтæ фæзæгъынц: „Дæ хъазæн дын чи асаста, уыимæ бафидыдтай?“

Фæлæ диссаг уаид, куы йын бахатыр кодтай, уый фæстæ дæр ма дæм фыддзæстæй куы кæсид. Уæвгæ та, æвæдза, хъуамæ дæуæй разы уа æмæ цин кæна, кæй йын бахатыр кодтай, уый тыххæй! Фæлæ вæййы афтæ дæр: ды бахатыр кодтай дæ бафхæрæгæн, æмæ ма дæм уæддæр хæрам у.

Гъе, афтæ у йæ хъуыддаг æнæхуыцау адæймагæн Хуыцауимæ. Хуыцау адæймагмæ смæсты йæ фыдмиты тыххæй. Фæлæ уый фæстæ Йесо Чырысти амарди тæригъæд ракæнæджы сæрвæлтау æмæ уымæ гæсгæ Хуыцау бахатыр кодта фыдгæнæджы тæригъæдтæ æмæ бафидыдта йемæ.

Фæлæ тынг хъыгаг у, кæд фыдгæнæг Хуыцауимæ нæ бафидыдта, уæд. Уый афтæ æмбарын хъæуы, æмæ дарддæр Хуыцауы коммæ нæ кæсы, кæд ын хатыр æрцыд йæ тæригъæд, уæддæр. Афтæ гъе, адæм Хуы-

цауы коммæ нæ кæсынц, ныхмæ Йæм лæууынц, куыд сæ фæнды, афтæ кæнынц.

Цæмæ хъуамæ æнхъæлмæ кæса Хуыцау ахæм адæймагмæ?

Чидæриддæр хъуамæ сæтта йæ рæдыдыл æмæ хатыр кура Хуыцауæй. Афтæ куы бакæна, уæд уый тагъддæр бафиппайдзæн, Хуыцауимæ бафидыдта, уый. Хуыцау рагæй уарзы уыцы адæймаджы, фæлæ ныр уый дæр бауарзта Хуыцауы, Цы ма уа æхсызгондæр хабар! Бафидыдта адæймаг Хуыцауимæ.

*Бакæс:* 2Кор. 5:17-21

*Фарстытæ:* 1. Цы амоны дзырд бафидауын?
2. Хуыцауы кæд фæфæнды дæуæн дæ тæригъæдтæ бахатыр кæнын?
3. Цы кæнын хъæуы, Хуыцау нын цæмæй ныббара, уый тыххæй?
4. Ды дæхæдæг фидауыс Хуыцауимæ?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Уæларвон Фыд! Æвæдза, куыд æвзæр у Демæ зулдзыхæй цæрын! Дæхæдæг нæм кæддæриддæр тынг хæлар уæвгæйæ. Бауарзын нын кæн Дæхи, уымæн, æмæ нæ тынг уарзыс. Уый курæг Дæ стæм Йесо Чырыстийы номæй! Оммен.



## 42. АРГЪУЫДЫ ТЫХХÆЙ

Дæумæ гæсгæ цæмæн афтæ ахсджиаг хъуыддаг у аргъуанмæ цæуын? Уымæн æмæ Хуыцауы фæнды, цæмæй мах кæрæдзиуыл æмбæлæм иннæ чырыстæттимæ æмæ кæрæдзийæн дзурæм, Йесо нын цы хæрзтæ фæци, уыдон, стæй Йын иумæ кувæм. Фæлæ аргъуанмæ куынæ цæуæм, аргъуыды куынæ архайæм, уæд нын бирæ зындæр уыдзæн Хуыцауы уарзын. Хуыцау нæ афтæ рафæлдыста, æмæ хъуамæ кæрæдзийы уынæм, кæрæдзиимæ æмбæлæм.

Ма рох кæн, аргъуыдмæ куы цæуай, уæд зон, уырдæм дæ кæй æрвиты Хуыцау, цæмæй фылдæр базонай Йæ уарзондзинады тыххæй æмæ йæ радзурай иннæтæн дæр. Уымæ гæсгæ аргъуыдмæ хъуамæ хъусай лæмбынæг, стæй дæхи дарай хæрзæгъдау, куыд никæйы бахъыгдарай, афтæ.

Æхсызгон хъуыддаг у дæ зонгæ чызджыты æмæ лæппуты дæр демæ аргъуанмæ хонын, уымæн æмæ Чырыстийæн æппындæр ницы зонынц уыдон. Дæ хæлæрттæй искуы-иутæ йедтæмæ, æвæццæгæн, Йесойæн æппындæр ницы æмбарынц, кæд зонынц, уæд та хæрз чысыл. Гъе æмæ бафæлвар уыдоны аргъуанмæ демæ хонын. Æрмæст уым базондзысты, Хуыцау сæ куыд тынг уарзы, уый.

Сабитæ бирæ бадын æмæ сауджынты дæргъвæтин аргъуыдмæ хъуысын нæ фæразынц, уайтагъд афæллайынц, стæй ма уымæн дæр, æмæ сеппæт ныхæстæ не 'мбарынц. Уымæ гæсгæ æнцад бадын æмæ лæмбынæг

хъусын тынг ахсджиаг хъуыддаг у. Сауджыны ныхасы ӕнӕмӕнг разындзӕн, ӕппындӕр кӕй нӕ бамбӕрстай, ахӕм хъуыдытӕ. Уӕддӕр ӕнцад ныхъхъус кӕн дӕхи ӕмӕ сыл дӕ сӕрӕй ахъуыды кӕн.

Дӕ зӕрдыл куы ’рлӕууа сабаты, райсом хуыцаубон у ӕмӕ аргъуанмӕ цӕудзынӕ, зӕгъгӕ, уӕд кув, цӕмӕй дын Хуыцау баххуыс кӕна хуыздӕр, бӕлвырддӕр Ӕй ӕмбарынӕн. Афтӕмӕй ныфсджындӕр, райгӕдӕр уыдзынӕ аргъуанмӕ цӕуынмӕ, стӕй дын раздӕры хуызӕн зын нал уыдзӕн бирӕ рӕстӕг ӕнцад бадын ӕмӕ аргъуыдмӕ хъусын.

*Бакӕс:* Евр. 10:24-25

*Фарстытӕ:* 1. Цӕмӕн хъӕуы аргъуанмӕ цӕуын?
2. Цӕмӕй феххуыс уыдзынӕ иннӕ сабитӕн аргъуыдмӕ хъусынӕн?
3. Цӕмӕй пайда у рагагъоммӕ сабаты ахъуыды кӕнын, райсом хуыцаубоны аргъуыд уыдзӕн, уый.
4. Аргъуыдмӕ цӕуын хъӕуы, ӕнцад бадын дзы куынӕ фӕразӕм, уӕддӕр?

*Бакув:* Нӕ Уӕларвон Фыд! Арфӕ Дын кӕнӕм, ӕндӕр чырыстӕттӕ дӕр бирӕ кӕй ис ӕмӕ нын Дӕу тыххӕй семӕ ныхас кӕныны амал кӕй ис, уый тыххӕй. Арфӕ Дын кӕнӕм ӕппӕт Дӕу Ныхасдзурджыты номӕй. Фӕрӕстмӕ сын кӕн сӕ хъуыддаг ӕмӕ сын феххуыс у иннӕ хуыцаубонмӕ цӕттӕ кӕнгӕйӕ. Махӕн та ахъаз бакӕ, аргъауӕджы ныхас фылдӕр ӕмбарынӕн. Оммен.



## 43. ЦӔВӔР КУЫСТЫЛ НЫХХӔЦЫН ДӔ ФӔНДЫ, КУЫ СЫСТЫР УАЙ, УӔД?

Ууыл нӕма ахъуыды кодтай? Адунейыл уый бӕрц дӕсныйӕдтӕ ис, ӕмӕ ӕвӕццӕгӕн, дӕ бон дӕр нӕ бауыдзӕн уыдонӕй искӕцы равзарын, хуыздӕр дын цы уыдзӕн, уый. Дӕ бон у дохтыр кӕнӕ инженер суӕвын, механик кӕнӕ хуыйӕг. Фӕлӕ дӕуӕй цы рауайдзӕн, уый зонӕг у ӕрмӕстдӕр Иунӕг Хуыцау, ӕмӕ дын райгӕйӕ зӕгъдзӕн, растдӕр дӕ цавӕр куысты фӕндагыл ацӕуын хъӕуы, уый, фӕлӕ дӕ рӕстӕг куы ’рцӕуа, уӕд. Уымӕ гӕсгӕ ма тыхс, цы архайдзынӕ, уыл!

Уӕвгӕ дын ӕй куыд зӕгъдзӕн Хуыцау? Уый тыххӕй Йын бирӕ фадӕттӕ ис демӕ аныхас кӕнынӕн. Зӕгъӕм, курдиат, зӕрдӕргъӕвддзинад, хай дын кӕмӕй бакодта, уыцы миниуджытӕ. Лӕппутӕм куы акӕсай, уӕд се ’хсӕн разыны ӕрдзӕй рахӕсгӕ къухдӕсны, иннӕтӕ та зӕгӕл бахойынмӕ дӕр нӕ арӕхсынц, фӕлӕ уый хыгъд зарынмӕ тынг рӕвдз. Ӕндӕртӕ та хъусӕй лыстӕг нӕ ахсынц, нӕ иртасынц иу зӕл иннӕмӕй. Кӕд ӕмӕ дын Хуыцау нӕ бахай кодта къухдӕсныйы арӕхстдзинадӕй, уӕд дын нӕ равзардзӕн конструкторы дӕсныйад дӕр. Фӕлӕ, чи зоны, дӕуӕн бахай кодта ахӕм курдиатӕй, ӕмӕ дӕ бон суа хъисын фӕндырӕй кӕнӕ пианинойӕ цӕгъдын ӕмӕ, чи зоны, суай сгуыхт музыкант. Кӕнӕ дын, чи зоны, ӕмӕ снысан кодта дохтыры, кӕнӕ фыссӕджы курдиат. Хъуамӕ дӕ тынг фӕнда электрик суӕвын, дохтыры куыстмӕ та дӕм ницы зӕрдӕргъӕвддзинад ис,

дæ зæрдæ йæм нæ райы. Уымæй дын Хуыцау æмбарын кæны, Уый дæр кæй нæ фæнды дæу дохтыр скæнын.

Алыхуызон куыстытыл куы ахъуыды кæнай, уæд раиртасдзынæ, дæ зæрдæмæ дзы фылдæр кæцытæ цæуынц, уыдон Æмæ куы байрæзай, уæд дæ зæрдæ ахсайдзæн иунæг цавæрдæр дæсныйадмæ. Хуыцау та дын бацамондзæн, раст равзæрстай дæхицæн фæндаг, æви нæ, уый тыххæй Йæм куы бакувай, уæд.

Иуæй-иу лæпputæ æмæ чызджытæ, нырма хæрз саби уæвгæйæ дæр, зонынц, цавæр дæсныйадыл ныллæууын сæ фæнды, уый. Иннæтæ та уыцы фæндмæ æрцæуынц, сæ ахуыр скъолайы кæронмæ куы 'рхæццæ вæййы, уæд. Нæ царды фæндаг нын бацамоныны размæ уал Хуыцау хатгай мах фæуыромы, банхъæлмæ кæсут, зæгъгæ, цалынмæ байрæзæм, уæдмæ. Рæстæг куы 'рбахæццæ уа, уæд нын бацамондзæн, чердæм азилын хъæуы, уый. Ууыл дæ зæрдæ дар!

*Бакæс:* 1Кор. 12:12-31

*Фарстытæ:* 1. Хуыцау махæн куыд æххуыс кæны, цавæр дæсныйад нæ равзарын хъæуы, уый бамбарынæн?
2. Хуыцау нæ бауадздзæн фæрæдийын, куы Йæм бахатæм æххуысмæ, уæд?
3. Хуыцау нын уыцы фарстæн кæддæрид-дæр дзуапп радты нæ сабийы бонты?

*Бакув:* Нæ зынаргъ Йесо! Æз зонын, мæнæн кæй сцæттæ кодтай бæлвырд бæрæг фæдзæхст, æмæ цæттæ дæн уый Дæ кадæн сæххæст кæнынмæ.



Дæ хорзæхæй, бацамон мын, куы сырæзон, уæд мæ царды бынат. Уырны мæ, куы схъомыл уон, уæд мын кæй бацамондзынæ мæ фæндаг. Оммен.

## 44. КÆМÆН ИС БАР ХУЫЦАУИМÆ НЫХАС КÆНЫНÆН?

Зæгъæм, ды сæмбæлдтæ бæстæйы сæйраг горæты æмæ дæ æнæнхъæлæджы бафæндыд паддзахады сæргълæууæгимæ аныхас кæнын. Куыд дæм кæсы, уый дæ къухы бафтид? Æнæмæнг, нæ! Дæу бахъæуид сæрмагондæй бар ракурын, уымæн æмæ паддзахады сæргълæууæджы бирæ сагъæстæ, бирæ куыстытæ ис, дæумæ йæ не 'вдæлы, стæй йæ никæмæ æвдæлы ныхас кæнынмæ, кæй фæнды, уыдонæй. Паддзахады сæргълæууæгмæ бахауыны рады æрлæууын, уый – стыр кад у, фæлæ бирæтæ уый аккаг не сты.

Хуыцау та, дæхæдæг зоныс, паддзахады сæргълæууæгæй бирæ кадджындæр, бирæ уæлдæр бынат ахсы. Æмæ ахъуыды кæнгæйæ, уæд никæмæн уаид бар Йемæ ныхас кæнынæн. Фæлæ куыннæ у диссаг! Хуыцау кæддæриддæр бацин кæны, куы Йæм бахатæм, уæд. Хоны нæ Йæхимæ цыфæнды афон дæр.

Æмæ куыннæ уаид диссаг та, Чи дæ рафæлдыста, Уый бабæрæг кæнын! Дæуæн æхсызгон нæ уаид, æппæт дæр Чи зоны, Уыимæ ныхас кæнын? Æнæмæнг, дæ уды тæпп-тæпп цæуид фыр- диссагæй, уый нæ, фæлæ

ма дæ уагæр Йæхимæ куы хонид, уæд та?! Æмæ гъе, раст афтæ кæны Хуыцау. Æппæт дуне чи рафæлдыста, Уый фæнды дæ цард дæр Йæхи ’вджид бакæнын æмæ дын разамынд дæттын, зонд дын амонын. Кæддæриддæр Уымæн ис рæстæг, дæумæ байхъусынæн.

Дæуæн ис ахæм алæмæты фадат Хуыцауимæ фембæлынæн!

Кæд дæ фæнды, уæд дæ цæстытæ бацъынд кæ, дæ сæр æркъул кæн æмæ ахъуыды кæн, Хуыцау дæ куыд тынг уарзы, ууыл! Æмæ ныхас дæр акæн Йемæ, цæуылдæриддæр дæ фæнды,ууыл! Фыццаг уал арфæ ракæн Хуыцауæн Йæ цæстуарзондзинад, Йæ фæлмæндзинады тыххæй. Стæй Йын бузныг зæгъ Йесо Чырыстийы тыххæй, дæ тæригъæдтæ Йæхимæ Чи райста æмæ Йæхи уыдоны тыххæй мæлæтмæ Чи радта, Уымæн кувгæйæ. Хуыцауæн арфæ кæн дæ зымæгон бæзджын дарæсты тыххæй, дæ ныййарджыты, дæ хæлæртты тыххæй. Арфæ Йын кæн, скъоламæ цæуынхъом кæй дæ æмæ дын ахуыры фадат кæй ис, уый тыххæй дæр. Бирæ бæстæты та, æвæдза, сабитæн ахæм фадæттæ нæй.

Кæд дæм исты курдиат ис Хуыцаумæ, уæд æй дæ бон у æнцад – æнцойæ зæгъын. Хуыцауæн уæлдай æхсызгон у, кæд дæм Уымæ исты фарст, кæнæ фæндон ис, уæд.

Дæ дзырд Хуыцаумæ фехъуысдзæн? Æнæмæнг! Уымæн æмæ дæ фарсмæ ис æмæ зоны, цыдæриддæр дзурыс, цæуылдæриддæр хъуыды кæныс, уыдæттæ. Дæ курдиæттæ, дæ фæндонтæ, дæ хъуыдытæ дæ хъæрæй дзурын дæр нæ хъæуы: Хуыцау зоны, дæ зæрдæйы цытæ цæуы, уыдон.



Хуыцау уарзы, куы Йæм бацæуыс, куы ныхас кæныс Йемæ, уый. Æмæ Йын уæвгæ та цæуылнæ уа æхсызгон, кæд æмæ ды Йæ сывæллон дæ! Йæхæдæг та у дæ Хæлар æмæ дæ Фыд! Уæдæ уæд дзур Йемæ, цæуыл тыхсыс, цы хъуаг дæ, уыдæттыл, стæй Йын арфæ кæн Йæ уарзондзинады тыххæй, иудадзыг дыл Йæ арм кæй дары, уый тыххæй!

*Бакæс:* Евр. 4:16

*Фарстытæ:* 1. Дæуæн дæ бон у цыфæнды рæстæджы дæр паддзахады сæргълæууæгимæ ныхас кæнын?
2. Бамбарын ма кæн, Хуыцау цыфæнды министрæй дæр уæлдæр цæмæн у?
3. Арæх нын вæййы фадат Хуыцаумæ бахатынæн æмæ Йема ныхас кæнынæн? Цæмæн?
4. Ранымай ма исты ахæм хъуыддæгтæ, Хуыцауимæ дæ æнæмæнг ныхас кæнын цæй тыххæй хъæуы?

*Бакув:* Нæ уæларвон Хуыцау! Арфæ Дын кæнæм, цавæрфæнды афон дæр нын Демæ ныхас кæныны фадат кæй ис нæ ахсджиагдæр хъуыддæгты фæдыл, уый тыххæй. Бацамон нын кувын æмæ нын баххуыс кæн, Де ’стырдзинад æмæ Дæ фæлмæн зæрдæйы хатт куыд никуы рох кæнæм. Бузныг, стыр бузныг Дын æппæт уыдæтты тыххæй. Оммен.

## 45. ГÆДЫНЫХАС

Хуыцау, æвæдза, фыдæх дæр зоны, ууыл дис кæ-ныс? Мах афтæ сахуыр стæм, Хуыцау – уый æрмæст-дæр уарзондзинады Хуыцау у. Æмæ раст у. Фæлæ цыдæртæй Йе ’сæфт дæр, æвæдза, уыны зæгъæм фæлывд, гæдыдзинад! Уымæ гæсгæ хуыздæр уыдзæн уыдонæй нæхи куы схибар кæнæм, уæд.

Хуыцауы фæнды Йæ сывæллæтты уæзданæй уынын, æмæ сын сæ дзырдыл æууæндын. Уæвгæ та Йæ ахæм сывæллæттæ хъæуы, йæ дзырдæн хицау чи уа, сайгæ, фæливгæ чи нæ кæна. Зæгъæм, дзырд радтой сусæгдзинад нæ раргом кæныны, никæмæн æй схъæр кæныны тыххæй, æмæ сæ дзырд сæххæст кодтой, цыфæнды лæгъстæ сын кæд бачындæуыд, уæддæр.

Фæлæ цымæ ницы цъысимы бахаудзыстæм, иуда-дзыг растытæ куы дзурæм, уæд? Æнæмæнг! Галиу ми куы бакæнай æмæ йыл куы басæттай, уæд æфхæрд баййафдзынæ. Фæлæ дын æмбæлд, афтæмæй æфхæрд баййæфтай, уый бирæ хуыздæр у мæнгдзинадæй. Дæ рæдыдыл басæттыны бæсты ма гæдыныхас дæр куы зæгъай, уæд, нымай, дыууæ хатты дæ мæнгард, æмæ Хуыцауæн æндæр гæнæн нæй, дæу дыууæ хатты баф-хæрынæй дарддæр. Бирæ хуыздæр у æфхæрд дæхи ныййарджытæй баййафын.

Кæддæриддæр æцæгдзинад чи дзуры, уыцы лæппу-тæ æмæ чызджытæ схъомыл уыдзысты æууæнкджын, æнæгæды адæймæгтæй. Æууæнк сыл уыдзæн æмæ сын фæдзæхсдзысты бæрнон хъуыддæгтæ, уымæн æмæ нæ фæмæнг уыдзæн, кæй сын фæдзæхсой, уыцы хъуыд-даг.

Хатгай махмæ афтæ фæкæсы, гæды ныхас куы зæгъæм, уæд нæ фæнд нæ къухы рæвдздæр бафтдзæн. Фæлæ уый бынтон афтæ нæу. Мах хъуамæ æууæндæм Хуыцауыл. Æнæгæды куы уæм, уæд нын Хуыцау æх-хуысгæнæг Йæхæдæг.

*Бакæс:* Ефес. 4:25; Кол. 3:9; Иоан. 8:44

*Фарстытæ:* 1. Кæмæн у æхсызгон, сывæллæттæ куы сайой, уæд?
2. Хатгай кæмæндæрты мæнгардæй сæ къухы бирæ цыдæртæ бафты. Стæй афтæ дæр рауайы, æмæ сын сæ мæн гарддзинад ничи базоны. Уæдæ уæд хъуамæ мæнгар-дæй цæрæм? Æви нæ? Стæй уæддæр цæмæн?
3. Хуыцау, бахатыр нын кæн нæ гæдыны-хас. Цы бакæнын нæ хъæуы, нæ дзыхæй гæдыныхас суагътам, уый бафиппай-гæйæ?

*Бакув:* Иунæг кадджын Хуыцау, табу Дæхицæн! Ар-фæ Дын кæнæм, иудадзыг дæр нын нæ рæдыд-тытæ кæй амоныс, уый тыххæй. Бахатыр нын кæ æмæ нын феххуыс у иудадзыг рæстытæ дзурынæн, суанг тынг зын хабар куы уа уыцы рæстдзинад, уæддæр æй хъуамæ зæгъæм, куыд у, афтæмæй. Бузныг стæм Дæ æгæрон цæстуар-зондзинады тыххæй. Оммен.

# 46. ЧИ РАФÆЛДЫСТА УДÆГАС ÆППÆТ ДУНЕЙЫ?

Мыййаг дæ искуы бахъуыд æлыгæй кæнæ змисæй исты самайын? Тынг æхсызгон у, æцæг хæдзæрттæ, кæнæ цæрæгойты нывтæ дын дзы куы рауайы, уæд. Раст нæ зæгъын? Æлыгæй цымæ удæгас куыдз саразын никуы бафæлвæрдтай? Кæй зæгъын æй хъæуы, ницы дын дзы рауайдзæн. Æрмæст дæр иунæг Хуыцауы бон у æгас удтæ рафæлдисын. Иунæг адæймагæн дæр никуыма бантыст удæгас исты саразын. Уый у æрмæстдæр иунæг Хуыцауы бон.

Уæдæ куыд равзæрди цард? Кæцæй рахаудта фыццаг куыдз? Куыдæй фæзынди зæхх? Библи тынг æнцонæй дзуры уый тыххæй: æппæт уыдæттæ Хуыцау рафæлдыста махæн. Ды дæр æмæ æз дæр, стæй неппæт дæр зонæм, уыдæттæ сеппæт рафæлдисын Йæ бон уыд æрмæстдæр Хуыцауæн.

Фæлæ ахæмтæ дæр ис, афтæ чи зæгъы, ацы дуне Хуыцауы рафæлдыст нæу, уый нæ фæлæ, Хуыцауæн Йæхи дæр никуы ничи федта, стæй уæвгæ дæр нæй. Уыдон, æвæццæгæн, афтæ хъуыды кæнынц, милуангай азты размæ иу чысыл æлыджы къуыбарæй йæхædæг йæхи æгъдауæй райрæзыд цард. Цы ма уа уымæй æдылыдæр хъуыды! Уыдон æмбаргæ дæр ницы кæнынц, цард куыд равзæрд, уымæн æмæ фидарæй ныллæууыдысты, Хуыцау нæй зæгъгæ.

Библи та махæн афтæ дзуры, Хуыцау дуне куы рафæлдыста, уый фæстæ рафæлдыста фыццаг адæймаджы æмæ дзы бафу кодта уд, царды улæфт. Æрмæстдæр иунæг Хуыцауæн у Йæ бон цард радтын.

Дыууæ хæлары Андрей æмæ Петр сæхи иргъæвстой денджызы былыл.

– Мæнмæ гæсгæ, мах никуы базондзыстæм бæлвырдæй, дуне Хуыцау рафæлдыста, æви нæ, – загъта Андрей.

Æнæнхъæлæджы сæ цæст ауыдта змисыл адæймаджы фæд.

– Ам райсомæй чидæр уыди, йæ фæд змисыл баззад, – бафиппайдта Андрей.

– Тынг дæ уырны уый? – афарста йæ Петр.

Ау, нæ йæ уыныс? Адæймаджы къахы фæдтæ!... Чидæр дзы æнæмæнг уыди.

– Куыннæ! – фæхъæр кодта Петр. – Раст афтæ æнæдызæрдыгæй нæ бон зæгъын у махæн дæр, зæхх Хуыцау рафæлдыста. Уымæн æмæ бæласæй, дидинæгæй, хурæй, къæвдайæ иууылдæр сты Йæ фæдтæ, уыдонæй бæрæг у, Хуыцау сæ кæй рафæлдыста, уый.

*Бакæс:* Цар. 1:1-23

*Фарстытæ:* 1. Цымæ искуы исчи рафæлдыста, æви сарæзта удæгас исты?
2. Куыд фæзындысты стъалытæ уæларвыл?
3. Цæуылнæ уырны иуæй – иуты, Хуыцау сæ рафæлдыста уый?

*Бакув:* Нæ Уæларвон Фыд! Æнæкæрон бузныг Дæ стæм, æгас дуне кæй рафæлдыстай æмæ махæн

цард кæй радтай, уымæй. Арфæ Дын кæнæм, кæддæр нæ дæхимæ кæй айсдзынæ æмæ мыггагмæ дæр Демæ кæй уыдзыстæм, уый тыххæй. Арфæ Дын кæнæм Йесо Чырыстийы тыххæй дæр, уæлæрвтæм схизæн нын кæй фæрцы уыдзæн, уый тыххæй. Оммен.



## СÆРГÆНДТÆ


Разныхас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5

1. Дунейыл ис æрмæстдæр иунæг Хуыцау . . . . . . 7
2. Чи у Хуыцау? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
3. Кæцæй фæзынд Хуыцау? . . . . . . . . . . . . . . . . 11
4. Куыд хъуамæ зонæм, Хуыцау ис, æви нæй кæд æмæ Йæ нæ цæстæй нæ уынæм? . . . . . 13
5. Фыд, Фырт æмæ Сыгъдæг Уд . . . . . . . . . . . . . 16
6. Цæмæн рафæлдыста Хуыцау адæймаджы? . . . 18
7. Ноджы фылдæр Цытджын Хуыцауы тыххæй? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
8. Зæдтæ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 22
9. Чи у дæлимон? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
10. Адам æмæ Евæйы рафæлдысты хабар . . . . . . . 27
11. Тæригъæддзинад кæд æрбахызт ацы дунемæ? 29
12. Хуыцауы пъланы нысангонд ис тæригъæд хатыргæнæджы зæхмæ рарвитын . . . . . . . . . . . 32
13. Нæ хæларзæрдæ Фыййау . . . . . . . . . . . . . . . . 35
14. Цы ’рцæудзæн, дунейы нæ сæрмагонд Ирвæзынгæнæг суæвыны тыххæй Йесомæ куы бахатæм, уæд? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36

15. Цæмæн фервæзын кодта мæн Чырысти? . . . . . 38
16. Фервæзын мæ кæндзæн Йесо, хæрзæгъдау уæвынил куы архайон, уæд? . . . . . 40
17. Паддзахы цот . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
18. Кæм уыди Йесо Йæ райгуырыны агъоммæ? . . 45
19. Цы хъауджыдæр ис саби-Йесойæ иннæ сывæллæттæй? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
20. Йесойæн чи бантыст, уыцы диссæгтæ . . . . . . . . 49
21. Йесо Чырыстийы мæлæт . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
22. Йесо куыд райгас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
23. Йесо фæстæмæ здæхы Йæ Фыдмæ . . . . . . . . . . . 59
24. Йесо ма иу хатт æрцæудзæн . . . . . . . . . . . . . . . 61
25. Сыгъдæг Уд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
26. Чырыстæттæн бар ис галиу митæ кæнынæн? . 65
27. Чи бады троны, дæ зæрдæйы рæбинаг бынаты? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
28. Паддзах хъуамæ кæддæриддæр бада дæ зæрдæйы рæбын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 70
29. Пайда хæссын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
30. Куыд базонæн ис, адæймаг Хуыцауы уарзы, æви нæ? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 75
31. Цы æрцæуы Хуыцауы сывæллоныл, тæригъæд ми куы бакæны, уæд? . . . . . . . . . . . . . 77
32. Цæй тыххæй хъуамæ æййафæм хатгай æфхæрд? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
33. Писмо Хуыцауæй . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 81
34. Кæцæй зоныс, Библи раст у, уый? . . . . . . . . . . . 84
35. Цы уыдзæн, Библи куынæ кæсæм, уæд? . . . . . . 86
36. Цы хъæуы Хуыцауы мæнæй? . . . . . . . . . . . . . . . 89
37. Цæуылнæ сты чырыстæттæ кæддæриддæр æмзонд, æмвæнд? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 91
38. Цы амоны уæдæ хатыр кæнын, барын? . . . . . . 94
39. Дæ хæрзиуæг . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 97
40. Хуыцауы бон . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
41. Хуыцауимæ фидауыс? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 101
42. Аргъуыды тыххæй . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
43. Цавæр куыстыл дæ ныххæцын фæнды, куы сыстыр уай, уæд? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 105
44. Кæмæн ис бар Хуыцауимæ ныхас кæнынæн? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 107
45. Гæдыныхас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 110
46. Чи рафæлдыста удæгас æппæт дунейы? . . . . . . 112

Нæ зынаргъ сабитæ!

Мах тынг фæнды базонын уæ хъуыдытæ, куыд уæм фæкаст ацы чиныг? Ныффыссут нæм мæнæ ацы адрисыл:

362003, Владикавказ, а/я 1039
Чырыстон дины хæрзаудæнгæнæг
Цæгат Ирыстоны Минæварад